

# Travay Apot yo



## **PREMYE KOZE A**

**Ki rapò ki genyen ant Levanjil Lik la ak liv Travay Apot yo ?**

Depi lontan Tradisyon an di se Lik ki ekri de liv sa yo : Levanjil Lik la ak Travay Apot yo epi nan kòmansman, de liv sa yo te fè yon sèl. Lik prezante istwa Jezi ak Legliz tankou yon chemen long ki te kòmanse nan Galile epi ki te fini nan dènye bout tè a (Wòm). Lik ekri liv Travay Apot yo bò lane 80 konsa. Gen moun ki di se nan vil Efèz li te ekri 1, gen lòt ki di se nan vil Antyòch, oswa Wòm.

Lik ekri pou yon moun li te rele Teyofil. Nan lang grèk mo « Teyofil » la vle di : « Zanmi Bondye ». Teyofil sa a te kapab yon moun ki te rele konsa, paske yo te konn pran abitid ekri yon liv sou non yon moun ki te gen prestij. Men li ta posib tou se yon non senbolik pou l bay yon kominate osinon plizyè kominate. Antouka, Lik ekri liv sa a pou l ankouraje tout kretyen ki « Zanmi Bondye ».

Liv Travay Apot yo pale sou devlopman Mouvman Kretyen an pandan Peryòd Apostolik la (sòti lane 30 rive lane 70), men yo te ekri 1 nan peryòd apre Apot yo (bò lane 80). Liv Travay Apot yo kòmanse ak Jezi ki leve byen vivan, epi li fini ak aktivite Pòl nan vil Wòm.

Dapre sa Travay Apot yo montre nou, Legliz te kòmanse tankou yon Mouvman ki te gen twa (3) eleman ladan 1 :

*Se yon Mouvman Lespri Sen an pouse :*

Travay Apot yo montre nou kouman fòs Lespri Sen an te fè Pawòl Bondye a gaye toupatou. Se Lespri Sen an ki te bay premye kretyen yo fòskouray pou yo fè Bon Nouvel Jezi Kri a sòti nan mitan Jwif yo pou l al antre nan tout lòt pèp ak nan divès kilti.

*Se yon Mouvman Misyonè :*

Premye Kretyen yo te konn ale toupatou pou yo pote Pawòl Bondye a nan tout teri-twa Lanpi Women an. Yo te fè Non Jezi Kri a ak Pwojè Reny Bondye a rive jouk nan sa yo te kwè ki te « denyè bout tè a ». (Dapre konesans jewografi yo te genyen nan epòk sila a, dènye bout tè a se te lavil Wòm). Yo te adapte Levanjil ki te fèt nan kilti peyizan nan Palestin yo, pou l ka antre nan kilti Lavil yo nan Lazi Minè ak Lewòp.

*3. Mouvman Misyonè sa a te kreye Kominote Legliz yo ki te konn reyini lakay moun yo.* Misyonè yo, fanm kou gason, te mete divès kominote kretyen sou pye, konsa reli-jiyon an te sòti kite Tanp lan, e li te antre lakay moun.

*Sitiyasyon pèp la nan Lanpi Women an :*

Liv Travay Apot yo montre nou kouman Levanjil Jezi Kri a te antre nan gwo vil, ki te nan Lanpi Women an: Antyòch, Filip, Atèn, Korent, Efèz, Wòm... Lanpi Women an te gen yon popilasyon 50 milyon moun konsa. 25 milyon te anba esklavaj, epi 5 milyon se te Jwif nan dyaspora ki te rete sitou nan gwo vil yo. Kominote Kretyen yo te devlope sitou nan mitan ouvriye yo ak esklav yo.

Women yo te gen yon gwo lame pou asire komès entènasyonal la, e pou yo kapab touche taks nan tout peyi yo. Yo deklanche yon rejim bout di kont pèp ki pa t peye taks yo. Sistèm sa a te fè tout richès ak pouvwa konsantre nan vil Wòm. Epitou, yo te kòman-se egzije pou tout moun adore lanprè a kòm Bondye.

*Sitiyasyon pèp la nan Palestin :*

Nan peryòd Apostolik (sòti lane 30 rive lane 70) sitiayson pèp la te vin pi malouk chak jou. Women yo te pran plis pase lamwatye nan sa peyizan yo te pwodwi. Lè peyizan yo pa t vle oswa yo pa t kapab peye taks yo, yo te blije bay pitit gason yo pou y al travay nan wout lanpi yo, nan gwo batisman yo, osinon nan lame Women an. Epi pitit fi yo al travay kòm domestik kay moun rich yo. Sa vle di yo pèdi fanmi yo, yo pèdi tè a epi yo tout ale nan esklavaj.

Akòz sitiayson sa a, anpil revòlt te pete toupatou nan Palestin. Mouvman Popilè Jwif yo t ap antre nan yon etap chak fwa pi militarize pou yo pran lezam kont Women yo. Farizyen yo pa t antre nan lagè sa a, paske yo te wè yo pa t kapab twoke kòn ak gwo pisans sila a. Kretyen yo, bò pa yo, pa t antre nan mouvman sa yo, paske yo pa t vle pran defans Tanp lan ak vil Jerizalèm ki te touye Jezi a. Epitou, Jezi pa t dakò ak sa nan prensip li te bay apot li yo.

Nan lane 66, mouvman Popilè Jwif la te kanpe. Yo pran lavil Jerizalèm ak Tanp lan epi yo mete Women yo deyò. Men nan lane 70, yon jeneral women, Titis, te antre Jerizalèm, li mete dife nan Tanp lan epi li touye anpil Jwif. Kominote kretyen an ki te nan Jerizalèm te chape kò l, epi l al nan Pela (Transjòdani, lòt bò Larivyè Jouden)

*Men chapant liv Travay Apot yo :*

- Premye Koze (1,1-26)
- Apot yo te preche Levanjil Jezi Kri a Jerizalèm (2,1-8,3)
- Yo preche Levanjil la ni nan Samari ni nan Jide (8,4-9,43)
- Yo preche Levanjil la nan mitan pèp etranje yo (10,1-28,31)
  - Levanjil la gaye toupatou (10,1-12,25)
  - Premye vwayaj misyonè Pòl la (13,1-14,28)
  - Gwo reyinyon nan vil Jerizalèm (15,1-35)
  - Dezyèm vwayaj misyonè Pòl la (15,36-18,22)
  - Twazyèm vwayaj misyonè Pòl la (18,23-20,38)
  - Pòl nan prizon ak vwayaj li pou l ale Wòm (21,1-28,31)

**1** <sup>Lk 1, 1-4; 24,51; 24,49; 6,13; 10,40; Lk 24,49; 11,16; 2,33</sup> Premye liv la, Teyofil, mwen te ekri l sou tou sa Jezi te fè, epi li te montre depi nan kòmansman, <sup>2</sup>jis jou yo rale l monte, apre li te fin pase Apot li yo lòd, sila yo li te chwazi pa pouvwa Lespri Sen an. <sup>3</sup>Epi se ak anpil prèv li te parèt devan yo tou vivan apre soufrans li yo, nan wè li te fè yo wè l pou karant jou, ak nan pawòl li t ap di yo sou Peyi kote Bondye Wa a. <sup>4</sup>Antan li t ap manje ak yo, li pase yo lòd pou yo pa kite Jerizalèm, men pou yo tann sa Papa a te pwomèt la, «sa nou te tandé nan bouch mwen an: <sup>5</sup>Jan te batize nan dlo, men nou menm se nan Lespri Sen yo pral batize nou nan kèk jou.»

### Jezi monte nan syèl

<sup>Mal 3,23; Ekklik 36; Mk9,12; Lk18,31</sup> <sup>6</sup>Antan yo te rasanble, yo mande l: «Granmèt, èske se nan tan sa a w ap tounen mete gouvènman Izrayèl la anplas?» <sup>7</sup>Li reponn yo: «Se pa afè nou pou nou konnen ki tan oswa ki

**1,1:** Premye liv la, Teyofil, mwen te ekri li sou tou sa Jezi te fè ... Si nou kompare kòmansman sa a ak kòmansman Levanjil Lik la, n ap wè de liv sa yo se de pati nan yon sèl liv. Levanjil la se premye pati a. Travay Apot yo se dezyèm pati a. Konsa listwa Legiz la rete soude ak istwa Jezi, Nèg Nazarèt la.

**Teyofil:** vle di Moun ki renmen Bondye a. Li ta posib se te non yon kreyen enpòtan nan kominote a, oswa Lik bay non sa a pou nenpòt ki kreyen ki renmen Bondye, paske se yo tout ki dwe renmen Bondye (Al gade Lik 1,3) Se nou tout ki Teyofil.

**1,2:** Lik te ekri Liv Travay Apot yo apre Women yo te detwi Tanp Jerizalèm, lè kreyen yo te mete kò yo apa, yo te kite reliyion Jwif la. Li ta vle pou kominote kreyen yo kenbe fèm nan sitiayon tounèf sa a, epi pou yo reziste nètale nan epòk toumant sila a. Pou l fè sa li kòmanse fè yo sonje Jezi ki te leve byen vivan ak pwomès Lespri Sen Jezi te ba yo a. Gen kèk dokiman ki pa bay vèse sa a.

**1,3:** Nan wè li te fè yo wè l pou karant jou : Nan Levanjil Lik, anvan Jezi te kòmanse misyon li a li te rete karant jou nan dezè a, kote Satan te seye l (Lik 4,1-2). Kounye a, nan liv Travay Apot yo, Lik vle montre nou kouman Legliz gen menm misyon ak Jezi, epi li gen pou sibi menm tantasyon ak Jezi tou. Gouvènman Bondye ki pral vini an se mesaj ki pi enpòtan nan prèch apot yo, menm jan li te nannan prèch Jezi a.

**1,5:** Lespri Sen an ta pral fè yo tounen kreyati

moman Papa a fikse ak pwòp otorite l.

**8** Men nou pral resevwa fòs Lespri Sen <sup>Lk 24, 47-48</sup>

an ki pral vin sou nou, n a sèvi m temwen nan Jerizalèm, nan tout Jide, nan Samari, epi jis nan dènye bout tè a.» <sup>9</sup>Lè l ap di sa, yo wè l ap monte, epi yon nyaj vin fè l disparèt devan je yo.

**10** Antan yo rete ap gade syèl la antan li prale, men de nèg te kanpe bò kote yo ak rad yo tou blan. <sup>11</sup>Yo di konsa :

«Moun Galile, sa k fè nou ret kanpe ap gade syèl la konsa? Jezi, sila yo rale monte nan syèl la sòti devan nou, l ap vini menm jan nou te wè l ale nan syèl la.» <sup>12</sup>Lè sa a yo tounen Jerizalèm sòti sou mòn yo rele Oliv la, ki tou pre Jerizalèm, distans yo kapab mache yon jou saba.

### Gwooup Apot yo—Mari ak kèk patizan

**13** Lè yo rive, yo monte nan chanmòt kote yo te konn rete a. Se te Pyè, Jan, Jak, Andre, Filip, Toma, Batèlmi,

<sup>Lk 24, 50-51; Dan 7,13; Lk 9,34</sup>

<sup>Lk 24, 24,4</sup>

<sup>Lk 6, 14-16</sup>

tounèf. Lespri Sen an, ki t ap plannen sou dlo a (Jenèz 1,2) premye jou kreyasyon an, ap vini sou yo epi li va kòmanse tan tounèf yo.

**1,6:** Antan yo te rasanble, yo mande l: «Granmèt, èske se nan tan sa a w ap tounen mete gouvènman Izrayèl la anplas?» Sa a se menm espwa patizan Emayis yo te genyen (Lik 24,21). Yo pa t ko konprann Peyi kote Bondye Wa a se pa pou yon sèl pèp, se pou tout pèp li ye. Patizan yo bezwen chanje mantalite yo. Si yo pa t chanje mantalite yo, yo pa ta kapab sòti pou y al pote Bon Nouvel la bay pèp etranje yo.

**1,7:** Li reponn yo : «Se pa afè nou pou nou konnen ki tan oswa ki moman Papa a fikse ak pwòp otorite li.» Peyi kote Bondye Wa a pral boujonnen grasa temwayaj patizan Jezi yo pral bay sou tout tè a. Se sèl Papa Bondye ki konnen ki lè listwa pral pare nèt pou li kapab montre Gouvènman Bondye a nan tout beltè li a.

**1,9:** Lè l ap di sa, yo wè l ap monte. Leve Jezi leve nan syèl la, li tounen nan sekrè lavi Bondye a. Men nou konnen Jezi se Emmanyèl li ye, li toutan ak nou. Lik vle montre nou etap lavi istorik Jezi fini. Kounye a se etap Legliz la k ap kòmanse. Ak leve byen vivan an Jezi te antre nan yon lòt mòd prezans nan mitan nou. Apati leve byen vivan an, Jezi vin tounen **Granmèt la**, li gen pouvwa pou li fè tout bagay vin tounèf.

**1,13-14:** Gwooup Apot yo, ansanm ak Mari ak kèk patizan famm kou gason pral resevwa Lespri Sen an. Lik te bay Mari premye plas nan kò-

Matye, Jak pitit Alfe, Simon, zelòt la,  
 Lk 8,2; ak Jida pitit Jak. <sup>MK</sup> <sup>14</sup> Yo tout yo t ap fè  
 15,40; yon sèl nan lapriyè san rete, ansanm  
 3,31; ak kèk medam, ak Mari manman Jezi,  
 1Cor 9,5 epi frè l yo.

### Yo chwazi Matyas

<sup>Lk 22,47</sup> <sup>15</sup> Nan jou sa yo Pyè leve nan mitan  
 frè yo (kantite moun ki te la yo te ka-  
 pab sanven konsa) li di: <sup>16</sup> «Mesye frè  
 m yo, fòk sa ki te ekri a te rive, sa  
 Lespri Sen an te di davans nan bouch  
 David sou Jida ki te tounen gid sila yo  
 ki te arete Jezi a. <sup>17</sup> Li te youn nan nou,  
 epi li t ap fè menm sèvis ak nou.  
<sup>Mt 27,3</sup> <sup>18</sup> Konsa nèg sa a te achte yon tè ak  
 lajan rekompans krim lan. Li tonbe fas  
 ba, li fann nan mitan, tout zantray li yo  
 sòti. <sup>Mt 27,8</sup> <sup>19</sup> Se yon bagay tout moun ki abite  
 Jerizalèm konnen, ki fè yo rele tè sa  
 nan lang yo ‘akeldamak’, sa vle di ‘ja-  
 den san’ <sup>Sòm 69,26;</sup> <sup>20</sup> Se konsa yo te ekri nan liv  
<sup>109,8</sup> Sòm yo: ‘Se pou kote li rete a tounen  
 yon dezè, pou pèsonn pa abite ladan l.’  
 Epi: ‘Se pou yon lòt pran plas li nan  
 sèvis la.’ <sup>21</sup> Konsa, pamì mesye ki ak  
 nou yo depi toutan Granmèt Jezi t ap  
 ale vini nan mitan nou an, <sup>Lk 9,51;</sup> <sup>22</sup> depi nan  
<sup>2Wa</sup> batèm Jan jis jou yo rale l monte sòti  
<sup>2,9</sup> devan nou, se pou youn nan yo vin  
 sèvi temwen ak nou “li leve byen  
 vivan.”

<sup>23</sup> Yo prezante de moun: Jozèf, yo

mansman Levanjil la, apre sa se nan li Lespri Sen  
 an te fè travay li. Kounye a ankò yo pale de Mari  
 lè Lespri Sen a ta pral kreye Legliz la. Yo pa janm  
 pale de Mari ankò nan Bib la. Te gen anpil lòt  
 famm nan gwoup la. Se tout moun sa yo ki pral  
 resevwa Lespri Sen an.

**1,15 :** Kantite moun ki te la yo te kapab sanven  
 konsa. Menm jan pèp Izrayèl la te fòme apati 12  
 kòd fanmi yo. Pèp Bondye tounèf la te fòme  
 apati 120 frè ak sè. Epitou, 120 se te kantite  
 manm Jwif yo te bezwen pou yo te chwazi Gran  
 Konsèy la (Sanedren an) ki la pou represente  
 Pèp Izrayèl.

**1,18-19 :** Li tonbe fas anba, li fann nan mitan...  
 Vèsè sa a pa dakò ak sa Matye bay nan chapit  
 27,3-10 la.

Nan tout liv Travay Apot yo, patizan yo di se  
 «**temwen** Jezi ki leve byen vivan» yo ye (2,32;  
 3,15; 5,32; 10,41; 13,31). Temwayaj sa a chita  
 sou prèv Jezi te bay patizan li yo, fi tankou

rele Basabas, ki te gen ti non ‘Youstos’,  
 ak Matyas. <sup>24</sup> Antan yo t ap lapriyè, yo  
 di konsa: «Ou menm Granmèt, ou  
 konnen kè tout moun, montre kilès ou  
 chwazi pamì de moun sa yo, <sup>25</sup> pou li  
 pran plas nan sèvis Apot la, kote Jida  
 te rale kò li a pou li fè wout pa l. » <sup>26</sup> Yo  
 tire osò. Se sou Matyas li tonbe. Yo vin  
 mete l ansanm ak onz Apot yo.

6,4

### Lapannkot

**2** <sup>1</sup>Lè jou Lapannkot la te rive, yo  
 tout te ansanm yon menm kote.  
<sup>2</sup> Epi sanzatann yon bri sòti nan syèl la,  
 tankou yon gwo van. Li plen tout kay  
 la kote yo te ye a. <sup>3</sup> Epi yo wè yon seri  
 lang, tankou flanm dife, parèt sou yo.  
 Yo separe youn ak lòt. Lèfini yo vin  
 poze sou yo chak. <sup>4</sup> Yo tout yo vin plen  
 Lespri Sen an. Yo kòmanse pale lòt  
 lang dapre jan Lespri a te ba yo pale.  
<sup>5</sup> Te gen Jwif ki te abite nan Jerizalèm,  
 sèvitè Bondye ki te sòti nan tout peyi  
 anba syèl la. <sup>6</sup> Lè bri sa a fèt, foul la  
 sanble epi li sezi, paske yo chak te  
 tande y ap pale nan pwòp lang pa yo.  
<sup>7</sup> Yo sezi, kè yo sote, yo t ap di: «Men  
 tout mesye sa yo k ap pale yo, se pa  
 moun Galile yo ye? <sup>8</sup> Kijan fè nou  
 chak nou tande yo nan pwòp lang pa  
 nou, lang kote nou fèt la? <sup>9</sup> Moun Pat,  
 moun Medi, moun Elam, moun ki abite  
 Mezopotami, Jide, Kapadòs, Pon, Lazi,

<sup>4,31;</sup>  
<sup>Jn 3,8</sup><sup>Res</sup>  
<sup>11,25</sup><sup>10,46;</sup>  
<sup>19,6;</sup>  
<sup>1Cor 12</sup><sup>Jen</sup>  
<sup>11,1</sup>

gason, apre li leve byen vivan, e se sa Levanjil la  
 ap anonse. Konsa n ap montre lanmò pa gen  
 dènye mo nan listwa a. Se Lavi k ap ranpòte  
 viktwa nètale.

**2,1-13 :** Lè jou Lapannkot la te rive. Lapankot  
 ki vle di «senkant», se yon fèt Jwif yo te konn fete  
 senkant jou apre fèt Pak. Apati jou Lapannkot la  
 gen yon kominate lib tankou van, e cho tankou  
 dife ki te fèt. Nan tout Liv Travay Apot yo, Lik vle  
 montre n kouman Lespri Sen an fè misyon Legliz  
 la vanse, kouman Pawòl Bondye a fè chemen li  
 nan mitan listwa moun yo. Poutèt sa, yo konn  
 rele liv Travay Apot yo: «Levanjil Lespri Sen an». Lespri Sen an ap kontinye sa Jezi te kòmanse fè  
 ak yo, e sa li te kòmanse montre yo.

Ant Lasansyon ak Lapannkot, te genyen yon  
 diferans nèf jou, se nèf jou kote premye Legliz la  
 t ap lapriyè, se la abitid nevèn yo te kòmanse.  
 Nevèn ki pi empòtan an se nevèn ki pare nou  
 pou fèt Lapannkot la.

<sup>10</sup>Friji, Panfili, Lejip, ak nan pati Libi ki pre Sirèn nan, epi moun Wòm k ap pase isit, <sup>11</sup>Jwif ak moun ki konvèti Jwif, moun Lakrèt ak moun Arabi, nou tout nou tandé y ap rakonte mèvèy Bondye yo nan lang pa nou.» <sup>12</sup>Yo te sezi anpil, yo te mele nèt. Youn t ap di lòt: «Sa bagay sa vle di?» <sup>13</sup>Gen lòt ki te pran sa fè blag, yo t ap di: «Moun sa yo anba gwòg.»

<sup>1Kor 14,23</sup>

### Pyè pran lapawòl devan foul la

<sup>14</sup>Pyè kanpe ansanm ak onz yo, li pale fò, li di yo: «Mesye, moun Jide, ak nou tout ki abite Jerizalèm, se pou nou konn sa, epi pare zòrèy nou pou nou tandé pawòl mwen yo. <sup>15</sup>Mesye sa yo pa sou jan nou kwè a, paske se nevè nan maten li ye, <sup>16</sup>men se sa menm pwofèt Jowèl te di a: <sup>17</sup>‘Nan dènye jou yo’, se Bondye ki di: *mwen pral vide*

<sup>3,1-5</sup>

**2,11:** *Jwif ak moun ki konvèti Jwif, moun Lakrèt ak moun Arabi, nou tout nou tandé y ap rakonte mèvèy Bondye yo nan lang pa nou.* Pou okazyon fèt Pak la ak Lapannkot la, anpil Jwif te sòti nan tout peyi bò Mediterane pou yo vini Jerizalèm nan pelerinaj. Tout etranje sa yo t ap koute pale sou mèvèy Bondye nan pwòp lang pa yo. Sa se siy Lapannkot la. Konsa moun ki gen lafwa nan Jezi Kri pa gen pou l vag ni sou lang li ni sou kilti li, jan moun etranje yo te dwe fè si yo te vle adore Bondye jan Jwif yo te adore l. Nan listwa l, Legliz la, te eseye bliye siy Lapannkot sa a, lè l te vle sèvi ak yon sèl lang, yon sèl kilti ni pou pèp tounèf, ni pou milye tounèf li t ap evangélise yo. Men se toutan Lespri Sen an ap enterez Apot yo rantre nan sans *Enkiltirasyon Levanjil* la. Sa vle di fè Levanjil antre nan tout kilti yo.

**2,14:** *Pyè kanpe ansanm ak onz yo :* Pyè te pran lapawòl nan non tout Apot yo. Li reprann pawòl Ansyen Kontra yo, epi li esplike Ansyen Kontra a nan limyè lanmò ak leve byen vivan Jezi. Konsa, patizan yo te dekouvrí kouman, tout sa Jezi te fè, se Bondye menm ki te fè yo. Lespri Sen an ki te dirige misyon Jezi a, se li menm menm ki desann sou Legliz la, e se li ki fè Legliz la temwen Jezi ki leve byen vivan. Moun save yo rele premye prèch sa a kerig. Sa vle di premye anons mesaj delivrans lan. Kerig la se anonse Jezi mouri, li leve, yon fason pou kè moun chanje.

**2,15:** *Vèsè Bib la di : «Twazyèm lè nan jounen an».* Se aprepere nevè di maten.

**2,17-18:** *Nan dènye jou yo...* Vèsè sa a, se pwofèt Jowèl ki ekri l. Anvan Jezi te vini, se Pwofèt yo sèl ki te resevwa Lespri Sen a. Men

*Lespri mwen sou tout moun, pitit gason nou yo ak pitit fi nou yo pral pale tankou pwofèt, jennjan nou yo pral fè vizyon, granmoun nou yo pral fè rèv.* <sup>18</sup>Wi, toutbon vre, nan jou sa yo, mwen pral vide Lespri m sou sèvitè m yo ak sou sèvant mwen yo, epi yo pral pale tankou pwofèt, mwen pral fè mèvèy anwo nan syèl la, mwen pral bay siy anba sou tè a: san, dife ak nyaj lafimen.

<sup>19</sup>Solèy la pral tounen fènwa, lalin nan pral tounen san anvan gran jou Granmèt la rive pou yo kapab wè li byen wè.

<sup>20</sup>«Sa k pral rive: tout moun ki rele non Granmèt la pral sove.’

<sup>Am 5,18</sup>

<sup>21</sup>«Sa k pral rive: tout moun ki rele non Granmèt la pral sove.’

<sup>4,12; Wm 10,13; 1Kor 12,6,8; 7,36; 7,3</sup>

<sup>22</sup>Nou menm, moun Izrayèl yo, tandé pawòl sa yo. Jezi, moun Nazarèt la, se yon nèg Bondye te bay garanti pou nou ak pouvwa, mèvèy epi mirak Bondye fè grasa li nan mitan nou, tankou nou menm menm nou byen kon-

kounye a, apati Jezi ki mounri e ki leve byen vivan, tout patizan Kris la ap resevwa menm Lespri Bondye ki te nan pwofèt yo, jan Jowèl te anonse sa.

Pyè pale sou lafwa nan Non Jezi. Konsa, pou li menm, kounye a pa gen dout pouvwa Granmèt la se nan Jezi li ye. Pyè ranfòse lide vèsè Jowèl la ki di nenpòt moun kapab jwenn delivrans lan. Ki fè, kounye a, Bondye ofri tout pèp etranje delivrans li a.

**2,19-21:** *Mwen pral fè mèvèy anwo nan syèl la, mwen pral bay siy anba sou tè a: san, dife ak nyaj lafimen...* Sa vle di yon moman difisil ki te dwe fini ak tout bagay. Pyè fè konnen se tan sa a ki rive epi chak moun dwe tounen jwenn Bondye, pou yo chape anba boulvès ki menase pèp ki pa t resevwa Jezi kòm Mesi toutbon an. Nan lane 70, Titis, Jeneral lame Women an, te detwi Tanp Jerizalèm nan. Premye kreyen yo te wè, nan evènman sa a, yon mesaj Bondye ba yo, kote li anonse yo Jezi pral tounen touswit.

**2,22:** *Jezi, moun Nazarèt la, se yon nèg Bondye te bay garanti pou nou ak pouvwa, mèvèy epi mirak Bondye fè grasa li nan mitan nou ...* Pyè vle montre sans lanmò Jezi toutbon an. Te gen anpil moun ki pat konprann poukisa yo te touye yon moun ki sansib anpil pou pèp la epi ki te fè anpil mirak anfavè pòv yo. Moun yo te konn di: «Kouman Bondye te ka pèmèt yon bagay konsa rive sou Jezi?». Poutèt sa Pyè di yo: «Se pa lanmò Jezi nou dwe gadé, se leve li leve byen vivan an pito pou nou gadé». Paske tout bagay jwenn limyè nan Jezi ki leve byen vivan. Nan Jezi, Bondye te reyalize tout pwomès li te fè nan Ansyen Kontra a.

nen.<sup>23</sup> Se li, jan Bondye te deside sa ak volonte l, ak jan li te konnen sa t ap rive, nou touye, lè nou te kloure l sou kwa a apre nou te fin renmèt li nan men pechè yo.<sup>24</sup> Bondye leve li byen vivan, li delivre l anba soufrans lanmò, paske li pa t posib pou li te rete anba pouvwa l.<sup>25</sup> Se konsa David te di sou li :<sup>16,8-11</sup>

*'Mwen t ap gade Granmèt la devan m toutan. Se sou bò dwat mwen li ye pou m pa tranble.<sup>26</sup> Se poutèt sa kè m kontan, epi lang mwen ap fè fèt. Epi, piplis toujou, kò mwen ap repoze ak espwa,<sup>27</sup> paske w pa bandonen nanm mwen bay fòs lanmò, ni ou p ap kite moun pa w la, ki sen an, tounen pouriti.<sup>28</sup> Ou te fè mwen konnen chemen lavi a. Prezans ou pral ban mwen gwo kè kontan.'*

<sup>29</sup> Mesye frè m yo, pèmèt mwen di nou sa kareman sou grangran papa nou David: li mouri, yo antere l, tonm li la nan mitan nou jis lajounen jodi a.<sup>2Sam 7,2; Sòm 132,11</sup>  
<sup>30</sup> Men kòm li te pwofèt, epi li te konnen Bondye te fè sèman ba li, li pral fè youn nan pitit li yo chita sou fotèy li a,<sup>31</sup> li te wè davans epi li pale sou leve byen vivan Kris la, paske yo pa t bandonen l bay fòs lanmò, ni tou kò l pa t tounen pouriti.<sup>32</sup> Jezi sa a, Bondye leve l byen vivan, nou tout nou temwen sa.<sup>33</sup> Bondye leve l anlè ak fòs men dwat li, epi li resevwa Lespri Sen Papa a te pwo-

<sup>1,8; 5,32</sup>  
<sup>Jn 7,39;</sup>  
<sup>16,7</sup>  
**2,37:** Mesye frè nou yo, sa pou nou fè?... Keson ak repons sa a toujou valab pou nou menm jounen jodi a. Nou dwe chanje kè nou pou nou vin jwenn Bondye. Nan kòmansman Legliz la pa t pran tèt li kòm yon reliyon tounèf ki pa menm ak reliyon Jwif la, men pito kòm potomitan yon lavi tounèf.

**2,38-41:** Fòk nou chak resevwa batèm nan non Jezi Kri. Grasa batèm nan nou antre nan kominote kreyen an ki pral montre tout pèp chemen delivrans Jezi te fè a, e se menm che-men sa a Legliz dwe swiv. Bondye pa ofri lòt bagay pase padon pou peche yo, se konsa li kraze tout baryè ki te fè moun kanpe lwen li. Pyè te envite yo pou yo resevwa batèm nan non Jezi a, paske nan batèm nan moun resevwa Lespri Sen an. Konsa, y ap montre yo dakò ak Pwojè Jezi te kòmanse a.

**2,42:** Yo te kenbe fèm nan sa Apot yo t ap

mèt la, li vide l sou nou. Se sa nou wè ak sa n ap tande la a.<sup>34</sup> Men David pa monte nan syèl, se li menm ki di: *Granmèt la di Granmèt mwen: Chita adwat mwen,<sup>35</sup> jistan mwen fè lenmi w yo tounen ti ban pou pye w.*<sup>36</sup> Se pou tout kay Izrayèl la sèten: Jezi sa nou kloure sou kwa a, Bondye fè l tounen Granmèt, li fè l tounen Kris.»

Sòm  
110,1;  
Lk 20,  
41-44

### Reyakson foul la : premye konvèsyon

<sup>37</sup> Lè yo tande sa, yo santi kè yo chire. Yo di Pyè ak lòt Apot yo: «Mesye frè nou yo, sa pou nou fè?»<sup>38</sup> Pyè reponn yo: «Se pou nou chanje kè nou, epi fòk nou chak resevwa batèm nan non Jezi Kri, pou peche nou yo padonnen. Lèfini, n a resevwa kado Lespri Sen an.<sup>39</sup> Pwomès la, se pou nou ak pou pitit nou yo, ak pou tou sa ki lwen yo, sila yo Granmèt Bondye nou an ap rele.»<sup>40</sup> Se ak anpil lòt pawòl ankò li t ap sèvi temwen epi li t ap an-kouraje yo, li di yo: «Sove tèt nou anba ras vèmin sa a.»<sup>41</sup> Kanta yo menm, yo resevwa pawòl li a, epi yo kite yo batize yo. Jou sa a, te gen twa mil moun konsa, ki te vin jwenn yo.

8,16;  
10,48;  
19,5;  
22,16

13,8;  
Dtw  
32,5;  
Mt  
17,17;  
Gal 1,4

### Premye kominote kreyen yo

<sup>42</sup> Yo te kenbe fèm nan sa Apot yo t ap montre yo, nan viv ansanm, nan kase pen ak nan lapriyè.<sup>43</sup> Te gen anpil

4,32;  
5,12;  
20,7;  
Lk  
24,35

montre yo, nan viv ansanm, nan kase pen ak nan lapriyè... Vèsè sa a se tankou yon pòtre, yon foto premye kominote kreyen an. Nan pòtre sa a, Lik montre nou sa Legliz la dwe ye ak pwojè tounèf pou yon sosyete tounèf tou. Sa a se te yon kominote modèl ki te toujou rete kòm yon gid pou tout kominote kreyen.

Sa apot yo t ap montre yo se te Bon Nouvèl la. Tou sa Jezi te di ak tout sa Jezi te fè lè l t ap fè misyon li. Se te «memwa istorik» Jezi Nèg Nazarèt la. Se sa ki fondasyon kominote kreyen an epi se sa ki te bay kominote kreyen an idantite l. Kominote a grandi grasa katechèz Apot yo te fè pou li. Epi li gaye toupatou grasa temwayaj kreyen yo. Kominote Legliz la dwe pwouve klè li se yon gwoup moun Jezi Kri reyini nan ren-men. Pa gen Legliz ni kominote Legliz, si nou pa viv kòm frè ak sè.

**2,43:** Anpil mèvèy ak anpil mirak te fèt pa

krentif lakay tout moun. Anpil mèvèy ak anpil mirak te fèt pa pouwva Apot yo.<sup>44</sup> Tout moun ki te kwè yo, t ap viv menm kote epi yo te mete tou sa yo genyen ansanm.<sup>45</sup> Yo te vann byen yo ak tè yo, epi yo te separe lajan an bay tout moun, dapre sa chak moun te bezwen.<sup>46</sup> Chak jou, yo tout ansanm, yo te kontinye al nan Tanp lan byen fèm, epi yo te kase pen lakay yo, yo te separe manje yo genyen ak kè kontan epi ak yon kè tou senp.<sup>47</sup> Yo t ap fè lwanj pou Bondye, yo te jwenn favè tout pèp la. Epi chak jou, Grammèt la t ap fè sila li t ap sove yo, vin piplis.

#### Gerizon yon enfim

**3** <sup>10,30; 4,10; 9,34; 16,18; 19,13</sup> Pyè ak Jan t ap monte nan Tanp lan pou lapriyè twazè a.<sup>2</sup> Yo t ap pote yon nèg ki te enfim depi nan vant manman l. Yo te konn depoze l chak jou devan pòt Tanp lan, sa yo rele Bèl Pòt la, pou li te mande moun ki t ap antre nan Tanp lan lacharite.<sup>3</sup> Li wè Pyè ak Jan ki ta pral antre nan Tanp lan, li mande yo lacharite.<sup>4</sup> Pyè fikse je l sou li, Jan tou, epi li di: «Gade nou.»<sup>5</sup> Li mete tout atansyon l sou yo antan l ap tann li resevwa kichòy nan men yo.<sup>6</sup> Men Pyè di l: «Mwen pa gen ni lajan ni lò, men m ap ba ou sa mwen genyen an: Nan non Jezi Kri, moun Nazarèt la, se pou w mache.»<sup>7</sup> Li kenbe men dwat li, li leve l kanpe, touswit pla pye l ak zo jwenti pye l yo vin fèm.<sup>8</sup> Li fè yon bon, li kanpe. Epi li pran mache. Li

pouwva Apot yo. Sa vle di, se yon travay ki pote delivrans. Tankou mirak Jezi te fè yo pou montre Reny Bondye a nan mitan yo.

**2,46:** «Yo te kase pen lakay yo»: Se ak fraz sa a premye kreyen yo te sèvi pou yo pale sou Lekaristi a. Nan premye kominote à yo te selebre lekaristi nan kay moun yo, nan mitan yon manje (Lik 22,14-20; 24,28-31; 1Kor 10,16-17; 1Kor 11,17-32). Se te yon manje ak Jezi ki te leve byen vivan an kote moun yo te patisiye nan kominyon ak kò ak san Jezi Kri.

**3,1:** Pyè ak Jan t ap monte nan Tanp lan pou lapriyè twazè a. Apre Jezi te fin leve byen vivan Douz Apot yo te kontinye ale nan Tanp Jerizalèm nan pou yo lapriyè. Yo pa t kò konprann yo

antre nan Tanp lan ak yo, li t ap mache, li t ap voltije, li t ap fè lwanj pou Bondye.<sup>9</sup> Tout pèp la wè l ap mache epi ap fè lwanj pou Bondye,<sup>10</sup> yo te konnen l, paske se li menm ki te konn chita ap mande lacharite devan Bèl Pòt Tanp lan. Yon gwo sezisman anvayi yo, yo kòm te egare pou sa ki te rive li a.

Lk  
5,26;  
7,16

#### Pyè pran lapawòl devan foul la

**11** Kòm li te kole kò l sou Pyè ak Jan, tout pèp la kouri al jwenn yo devan galri yo rele Galri Salomon an. Yo te sezi.<sup>12</sup> Lè Pyè wè sa, li di pèp la: «Mesye

Jn  
10,23

moun Izrayèl yo, poukisa nou sezi pou bagay sa a epi n ap gade nou konsa, kòmsi se ak pwòp pouwva pa nou, oubyen grasa respè nou pou Bondye nou fè moun sa mache?<sup>13</sup> Bondye Abraram, Izarak ak Jakòb, Bondye zansèt nou yo, bay sèvitè l Jezi glwa, li menm nou te trayi epi nou te meprize devan Pilat lè li te deside lage li a.

14,15;  
10,36

<sup>14</sup> Nou te meprize moun ki sen an, moun ki kòrèk la, epi nou te mande pou yo lage ban nou yon moun ki yon asasen.<sup>15</sup> Nou te touye Mèt lavi a, men Bondye leve l byen vivan pami mò yo. Nou menm nou sèvi l temwen.<sup>16</sup> Grasa

Lk  
23,13

lafwa nan Non l, nèg sa a nou wè epi nou konnen an, Non l fè li kanpe byen fèm. Se Lafwa li genyen an, grasa li, ki fè nèg la ansante devan nou tout.

5,32;  
10,39;  
Jn 7,23

<sup>17</sup> Men frè m yo, mwen konnen nou te aji san nou pa t konnen, menm jan ak

13,27;  
17,30;  
11m  
1,13

dwe sòti kite lavil Jerizalèm pou y al mache anonsé Bon Nouvel Jezi Kri a bay pèp etranje yo.

**3,1:** Vèsè Bib la di: «Nevyèm lè nan jounen an». Se twazè nan apremidi.

**3,6:** Gen kèk dokiman ki bay: «Se pou w leve epi pou w mache».

**3,11:** Nan non Jezi Kri, moun Nazarèt la, se pou w mache. **Non Jezi a:** pawòl sa a se li ki pi enpòtan nan moso sa a. Premye tit Legliz la te bay Jezi apre li leve byen vivan se Sèvitè (Travay 3,13; 3,26; 4,27; 4,30), paske nan kantik Izayi yo (49,1-7; 50,4-11; 52,13-53; 63,12) nou jwenn anons ki te di Sèvitè Bondye sa a pral soufri epi l ap mouri, pou l pote delivrans bay tout moun. Se sèl Non Jezi a (sa vle di se Jezi ak tou

<sup>Lk 24,27</sup> chèf nou yo. <sup>18</sup> Men sèlman sa Bondye te anonse nan bouch tout pwofèt yo, Kris li a te gen pou li soufri, se konsa li fè sa rive vre. <sup>19</sup> Se pou nou chanje kè nou, se pou nou tounen vin jwenn Bondye pou peche nou yo kapab efase, <sup>20</sup> konsa pou Granmèt la fè tan frechè a rive, pou li voye ban nou sila a li te pare pou sa, Jezi, Kris la. <sup>21</sup> Syèl la te dwe resevwa l, jis lè pou yo refè tout bagay vin tounèf la rive, jan Bondye te di sa, depi dikdantan, nan bouch pwofèt li yo ki sen. <sup>22</sup> Moyiz te di: ‘Bondye Granmèt nou an pral fè yon pwofèt tankou mwen leve pou nou nan mitan frè nou yo. Se pou nou koute l nan tou sa l ap di nou.’ <sup>23</sup> Tout moun ki pa ta koute pwofèt sa a y ap disparèt li nan mitan pèp la.’ <sup>24</sup> Tout pwofèt ki te pale, depi Samyèl rive nan sa ki vin apre l yo, te anonse jou sa yo yo menm tou. <sup>25</sup> Nou se pitit pwofèt yo ak pitit kontra Bondye te pase ak zansèt nou yo lè li te di Abraram ‘Nan desandans ou, tout ras sou tè a pral beni.’ <sup>26</sup> Se pou nou an premye Bondye fè sèvitè li a leve byen vivan, li voye l pou li beni nou lè nou chak vire do bay tout vye bagay nou konn fè.»

### Pyè ak Jan devan Sanedren an

**4** <sup>1</sup> Antan yo t ap pale ak pèp la, prèt yo, kòmandan gad Tanp lan ak Sadiseyen yo debake sou yo. <sup>2</sup> Sa yo t ap montre pèp la te kontrarye yo, menm jan ak deklare yo t ap deklare Jezi leve byen vivan pami mò yo. <sup>3</sup> Yo

Pwojè Reny Bondye a Jezi te vin tabli nan mitan nou yo) ki bay pèp la delivrans toutbon.

**4,1-7:** Antan yo t ap pale ak pèp la, prèt yo, kòmandan gad Tanp lan ak Sadiseyen yo debake sou yo Chèf Jwif yo te koupe pawòl nan bouch Pyè epi yo te mete Pyè ak Jan nan prison. Gen yon eleman tounèf ki parèt nan lavi premye kominate kreyen an: pèsekisyon an. Yo pa janm pral sispann pèsekite temwen Levanjil yo nan tout liv Travay Apot yo. Sa Jezi te gen tan anonse yo a rive vre a (Lik 12,1-12; 21,12-19).

**4,8-11:** ...Pyè ki te plen Lespri Sen di yo... Chèf

met men sou yo, yo jete yo nan prizon jis nan demen, paske li te deja fin ta.

<sup>4</sup> Men anpil nan moun ki te tande pawòl la te vin gen lafwa. Kantite gason yo te senk mil konsa. <sup>5</sup> Nan demen, chèf yo, Ansyen ak pwofesè Lalwa yo te reyini nan Jerizalèm. <sup>6</sup> Prèt anchèf Án te la tou, ak Kayif, Jan, Aleksann epi tout

<sup>Lk 3,2;</sup>  
<sup>Jn 18,13</sup>

mamm fanmi Prèt anchèf yo. <sup>7</sup> Yo fè Apot yo parèt devan yo, epi yo mande

<sup>3,12;</sup>  
<sup>Lk 20,2</sup>

yo: «Ak ki pouvwa oubyen nan non kilès nou fè bagay sa a?» <sup>8</sup> Konsa Pyè ki te plen Lespri Sen di yo: «Chèf pèp la yo, ak Ansyen yo, <sup>9</sup> si jodi a y ap jije nou pou byen ki fèt an favè yon enfim ak ki mwayen li rive geri, <sup>10</sup> se pou nou tout konnen ak tout pèp Izrayèl la se

<sup>12,11;</sup>  
<sup>21,13</sup>

nan non Jezi Kri, moun Nazarèt la, sila a nou te klosure sou kwa a, sila a Bondye leve byen vivan pami mò yo, se

<sup>Sòm 118,22;</sup>  
<sup>Lk 20,17;</sup>  
<sup>Wm 9,33;</sup>  
<sup>1Pyè 2,4</sup>

nan li nèg sa a kanpe la devan nou byen gaya. <sup>11</sup> Se li menm, wòch, nou menm bòs mason yo te voye jete a, se li menm ki vin tounen wòch kwen.

<sup>Mt 1,21</sup>

<sup>12</sup> Pa gen sove nan okenn lòt moun. Pa gen lòt non anba syèl la yo bay moun

<sup>Lk 10,21;</sup>  
<sup>1Kor 1,27</sup>

ki ta kapab sèvi pou nou sove.» <sup>13</sup> Lè yo wè fason Pyè ak Jan te deside, epi lè yo konprann se moun ki pa save, ki pa

t pase lekòl, yo te sezi. Epi yo rekonèt yo te ak Jezi. <sup>14</sup> Yo te wè nèg ki te geri a kanpe bò kote yo. Yo pa t gen anyen pou yo di. <sup>15</sup> Yo pase yo lòd pou yo sòti deyò nan Sanedren an antan y ap pale youn ak lòt. <sup>16</sup> Yo t ap di: «Sa pou nou fè ak nèg sa yo? Se sèten, grasa yo, gen yon mirak ki fèt. Se yon bagay ki

<sup>Jn 11,47</sup>

Jwif yo jije Pyè ak Jan. Pi fò nan chèf sa yo te fè pati yon gwoup politik-relijye yo rele yo Sadiseyen, epi yo pa t kwè nan leve byen vivan mò yo (An nou gade Travay 23,6). Li te enposib pou Chèf yo te fè bak devan moun òdinè ki pa t dakò ak sa yo di. Pou kounye a, Pyè fè yo remake sa k te dwòl nan arestasyon sa a paske yo te arete l poutèt li te geri yon malad nan non Jezi ki te leve byen vivan an.

**4,12:** Pa gen sove nan okenn lòt moun. Pyè di Jezi se sèl Sovè ki pou tout moun, ni moun ki te vini anvan l yo, ni sa ki gen pou vini apre l yo; ni sa ki konnen l ni sa ki pa konnen l.

klè pou tout moun ki abite Jerizalèm, epi nou pa kapab nye sa.<sup>17</sup> Men pou sa pa gaye plis nan mitan pèp la, n ap fè yo menas pou yo pa janm nonmen Non sa a bay okenn moun ankò.<sup>18</sup> Yo rele yo, yo pase yo lòd, pou yo pa ni pwononse, ni preche sou Non Jezi ditou ankò.<sup>19</sup> Pyè ak Jan reponn yo: «Jije nou menm si devan Bondye li kòrèk, pou nou obeyi nou, pase pou nou obeyi Bondye.<sup>20</sup> Men nou menm, nou pa kapab pa pale sou sa nou te wè ak sou sa nou te tande.»<sup>21</sup> Apre yo fin fè yo kont menas yo, yo kite y ale. Yo pa t jwenn yon fason pou yo pini yo akòz pèp la, paske tout moun t ap bay Bondye glwa pou sa ki rive a.<sup>22</sup> Nèg ki te geri ak mirak sa a, te gen plis pase karantan.<sup>23</sup> Apre yo fin lage yo, y al jwenn pwòp moun pa yo. Yo anonse yo tou sa chèf prêt ak Ansyen yo te di yo.<sup>24</sup> Lè yo tande sa, yo leve vwa yo ansanm bò kote Bondye, yo di: «Mèt, se ou menm ki fè syèl la ak tè a, lanmè a, ak tou sa ki ladan yo,<sup>25</sup> ou menm ki te di grasa Lespri Sen an ki pale nan bouch papa nou David, sèvitè w: ‘Pou-kisa peyi etranje yo ap fè awogan, epi pèp yo ap fè plan ki pa kanpe sou anyen?’<sup>26</sup> Wa sou tè a kanpe, chèf yo mete ansanm fè yon sèl kont Granmèt la ak Kris li a.<sup>27</sup> Reyèlman vre, Ewòd, Pons Pilat, pèp etranje yo ak pèp Izrayèl mete ansanm anndan vil sa a kont Jezi, sèvitè w la ki sen epi w sakre a,<sup>28</sup> pou yo fè sa ou te deside davans ki pou fèt ak fòs ponyèt ou, epi ak volonte w.<sup>29</sup> Kounye a, Granmèt, gade me-

1Jn 1, 1-4  
Lk 19,48;  
T Ap 2,47;  
3,8;  
10,46

nas yo fè. Bay sèvitè w yo anonse Pawòl ou ak fèm konviksyon,<sup>30</sup> nan fason ak fòs ponyèt ou, w ap fè gerizon, mirak ak mèvèy nan non sèvitè w Jezi, ki sen.»<sup>31</sup> Lè yo fin lapriyè, kote yo te reyini an mete tranble, epi yo tout te vin plen Lespri Sen an. Epi yo t ap anonse Pawòl Bondye a ak konviksyon.

2,22  
2,1-4

### Premye kominate moun ki kwè nan Jezi Kri yo

<sup>32</sup> Tout moun ki te kwè yo te gen yon sèl kè ak yon sèl nanm. Pèsonn, nan sa li genyen, pa t di anyen se pou li, men yo te mete tout bagay ansanm.<sup>33</sup> Se ak anpil pisans Apot yo t ap sèvi temwen Granmèt Jezi leve byen vivan, epi yo tout te jwenn anpil favè.<sup>34</sup> Pami yo, pèsonn pa t nan bezwen. Tou sa ki te gen tè oswa kay te vann yo, epi yo te pote vini lajan sa yo te vann lan,<sup>35</sup> yo depoze l nan pye Apot yo. Yo te separe l bay tout moun dapre nesesite chak te genyen.

2,44-45  
18,28

### Banabe bay egzanp li konn separe ak lòt

<sup>36</sup> Te gen Jozèf, Apot yo te bay ti non Banabe a, sa vle di ‘Ptit ki bay an-kourajman an’. Se te yon moun fanmi Levi, moun peyi Chip.<sup>37</sup> Li te gen yon jaden, li vann li epi li pote lajan an vini. Li depoze l nan pye Apot yo.

9,27  
11,25

### Yo pini Anani ak Safi pou koken

**5** <sup>1</sup>Yon nèg yo rele Anani, ansanm ak madanm li, Safi, te vann yon tè.  
<sup>2</sup> Li kenbe yon pati nan lajan an pou li,

Joz 7,1

**4,32-35 :** Tout moun ki te kwè yo te genyen yon sèl kè ak yon sèl nanm... Lik vle montre nou kouman Mouvman Kretyen an ki te fèt apati Jezi ki te mouri e ki leve byen vivan, te grandi anpil. Ledven kretyen an fè pat la leve. Lavi kretyen an se yon ledven nan mitan sosyete a.

**4,36 :** Te gen Jozèf, Apot yo te bay ti non Banabe a... Banabe se te yon moun ki te enpòtan anpil nan kòmansman Legliz la. Non li se te Jozèf, men Apot yo te chanje non li e yo rele l Banabe ki vle di «Ptit ki bay an-kourajman an». Sa vle di se konsa Banabe te ye epi se sa li te

genyen kòm fonksyon anndan kominate a: ankouraje moun. Sa se youn nan travay Lespri Sen an fè nan kominate (Jan 14,16).

**5,2 :** Li kenbe yon pati nan lajan an pou li, e madanm li te dakò ak li ...Magouy, bay manti, blòf, aparans, fè banda, ipokrizi ki sòti nan egois, tout bagay sa yo t ap menase antre nan kominate kretyen an. Si lespri ipokrit antre lakay kretyen yo, l ap detwi kominate a ki te chita sou pataj ak renmen. Kominate kretyen an se sakreman prezans Lespri Sen an. Bay kominate a manti, se bay Lespri Sen an manti.

epi madanm li te dakò ak li. Lèfini, li pote rès la vini, l al depoze l nan pye <sup>Lk 22,3</sup> Apot yo. <sup>3</sup>Pyè di l: «Anani, poukisa Satan plen kè w pou ou twonpe Lespri Sen an, pou ou wete yon pati nan lajan tè a? <sup>4</sup>Èske afè w se pa nan men w li te ye, epi lè ou fin vann li, èske w pa t gen tout pouvwa sou lajan an? Poukisa w mete lide nan kè w pou ou fè bagay sa a? Se pa moun ou twonpe, se Bondye.» <sup>5</sup>Tande Anani tande pawòl sa yo, li tonbe, li mouri. Tout moun ki aprann sa, te vin anba yon gwo laperèz. <sup>6</sup>Jennjan yo leve, yo vlope kò a epi yo pote l deyò al antere. <sup>7</sup>Rive, nan espas twazèdtan konsa, madanm li ki pa t konnen sa ki te pase, vin antre. <sup>8</sup>Pyè di l konsa: «Di mwen non, èske se pou tan lajan nou te vann tè a?» Li reponn: «Wi, se pou tan lajan.» <sup>9</sup>Pyè di l: «Poukisa nou mete nou dakò pou nou seye Lespri Granmèt la? Gade, sila yo ki sòt antere mari w la, men pye yo nan pa pòt la. Yo pral pote w ale.» <sup>10</sup>Li tonbe menm lè a nan pye l, li mouri. Lè jennjan yo antre, yo jwenn li mouri. Yo pote l ale, yo antere l bò kote mari l. <sup>11</sup>Rive, tout Legliz la te anba yon gwo laperèz ak tout moun ki te aprann sa. <sup>9,31; 11,26</sup>

#### **Yon ti ranmase sou Legliz Jerizalèm lan.**

<sup>10,23</sup> <sup>12</sup>Apot yo t ap fè anpil mirak ak anpil mèvèy nan mitan pèp la. Yo te mete yo dakò pou yo tout te rete anba

**5,10 :** *Li tonbe menm lè a nan pye li, li mouri.* Fè atansyon lè n ap pale de pinisyon Bondye (Gade komantè Lik 13,1). Lanmò Anani ak Safi ta pral yon avètisman ak yon siy pou lòt yo. Anani te fè peche paske li pa t anndan kominote kretyen an ak tout kè li. Safi fè peche paske li aksepte mari li pran tèt li pou l ap fè mal. Se pou nou gade poukisa yo te mete moun yo deyò yon fason ki di anpil. Yo te aji rèd konsa, paske se te yon pwoblèm lajan, bay manti ak koripsyon. Twa bagay sa yo ka detwi kominote a nèt.

**5,11 :** *Twouve, tout Legliz la te anba yon gwo laperèz ak tout moun ki te aprann sa.* La a, nou jwenn mo Legliz la pou premye fwa. Sans li egzakteman se: «Asanble Bondye rele».

**5,15 :** ...*Pou lè Pyè vini, omwen lonbray li ta rive pase sou youn nan yo...* Lonbray Pyè a fè

Galri Salomon an. <sup>13</sup>Pèsonn lòt moun pa t pèmèt mele ak yo, men pèp la t ap fè Iwanj yo. <sup>14</sup>Kantite moun ki te kwè nan Granmèt la t ap vin piplis, yon foul gason ak fanm. <sup>15</sup>Se konsa yo t ap pote moun malad yo sou laplas, yo te mete yo sou matla ak sou nat, dekwa pou lè Pyè vini, omwen lonbray li ta rive pase sou youn nan yo. <sup>16</sup>Yon foul <sup>Lk 6,17</sup> moun, ki te sòti nan vil ki tou pre Jerizalèm yo te sanble. Yo t ap pote moun ki malad ak sila move lespri t ap toumante. Yo tout te geri. <sup>19,11</sup>

#### **Yo arete Apot yo, men Bondye delivre yo**

<sup>17</sup>Prèt anchèf la ak patizan l yo—se gwooup Sadiseyen yo—kanpe. Yo te plen jalouzi. <sup>18</sup>Yo met men sou Apot yo epi yo mete yo nan prizon piblik. <sup>19</sup>Zanj Granmèt la ouvri pòt prizon an lannwit, li mete yo deyò. Li di yo: «<sup>20</sup>Sòti, ale. Rete nan Tanp lan pou nou di pèp la tout pawòl sou lavi sa a.» <sup>21</sup>Lè yo tande sa, y ale nan Tanp lan byen bonè nan maten, epi yo t ap montre anpil bagay. <sup>3,15; 11,18; 4,2</sup>

#### **Apot yo konparèt devan Sanedren an**

Lè Prèt anchèf la rive ak patizan l yo, li konvoke Sanedren an ak Sena pitit Izrayèl yo, li voye al chèche Apot yo nan prizon an. <sup>22</sup>Men lè gad yo rive, yo pa jwenn yo nan prizon an. Yo tounen vin pote nouvèl la. <sup>23</sup>Yo di: «Nou jwenn

nou sonje lonbray Bondye a ki te pwoteje pèp la nan egzòd la.

**5,17-20 :** *Prèt anchèf la ak patizan l yo—se gwooup Sadiseyen yo—kanpe. Yo te plen jalouzi.*

Gwo chèf yo, yo santi pratik kominote kretyen an ap menase pouvwa yo. Poutèt sa yo ta vle kraze temwayaj kominote a. Men mesaj lavi a pa kapab rete nan chenn. Zanj Bondye a reprezante fòs delivrans Lespri Sen an. Se li ki delivre kretyen yo epi se li menm ki voye yo bay temwayaj Jezi nan Tanp lan.

**5,21-33 :** *Lè yo tande sa, y al nan Tanp lan byen bonè nan maten, epi yo t ap montre anpil bagay.* Menm si gwo chèf yo te defann pale sou Non Jezi, Apot yo te kontinye fè sa. Si nou obeyi Bondye, menm si nou riske lavi nou, nou lib devan pouvwa moun. Leve byen vivan Jezi a se baz lafwa kretyen yo.

prizon an fèmen ak tout sekirite, epi gad yo kanpe devan pòt yo. Men lè nou ouvri, nou pa jwenn pèsonn annan l.»<sup>24</sup> Lè kòmandan Tanp lan ak chef prêt yo tande sa, yo te kòm pèdi, yo t ap mande ki kote bagay sa a ap rive.<sup>25</sup> Gen yon moun ki rive, li di yo : «Nèg nou te mete nan prizon yo, men yo kanpe nan Tanp lan, y ap montre pèp la anpil bagay.»<sup>26</sup> Konsa kòmandan Tanp lan sòti ak sòlda l yo, li arete yo. Yo pa fè fòs ak yo paske yo te pè pou pèp la pa kalonnen yo.<sup>27</sup> Lè yo fin kondi yo, yo te konparèt devan Sanedren an. Prèt anchèf la mande yo kesyon.<sup>28</sup> Li di yo : «Èske nou pa t pase nou lòd sevè pou nou pa preche sou Non sa a ? Men nou plen Jerizalèm ak prèch nou an. Nou vle fè san nèg sa a tonbe sou nou.»<sup>29</sup> Pyè reponn ak Apot yo : «Fòk nou obeyi Bondye pase nou obeyi moun.<sup>30</sup> Bondye zansèt nou yo leve Jezi byen vivan, sila nou te touye lè nou te pandye l sou bwa a.<sup>31</sup> Men Bondye leve l anlè, adwat li, tankou chèf ak sovè, pou li bay Izrayèl chans chanje kè l, ak padon pou peche li yo.<sup>32</sup> Nou se temwen bagay sa yo ak Lespri Sen Bondye te bay sila yo ki obeyi l.»<sup>33</sup> Lè yo tande sa yo vin move kont move yo, yo te vle touye yo.

### Gamalyèl pran lapawòl

<sup>22,3</sup> <sup>34</sup> Men yon Farizyen yo rele Gamalyèl kanpe nan Sanedren an. Se te yon pwofesè Lalwa tout pèp la te respekte.

**5,34 :** Men yon Farizyen yo rele Gamalyèl kanpe nan Sanedren an... Gamalyèl se te youn nan Pwofesè Lalwa yo ki te gen pi bon repitasyon. Se te yon Farizyen kòrek, epi ki t ap chèche laverite. La a, nou wè jan li gen yon lespri ki louvri. Li te pwofesè Pòl' nan Jerizalèm, petèt pandan twa oubyen katran, yon ti tan apre evènman sa yo (Travay 27,3).

**5,35-42 :** Paske pwojè sa a oswa travay sa a, si se nan moun li sòti, li p ap kenbe. Pou otorite Jwif yo, mouvman kretyen an se te yon mouvman politik tankou nenpòt ki lòt. Gamalyèl fè konparezon ant mouvman kretyen an ak lòt mouvman politik ki te revòlte kont lanpi Women an. Li bay chèf Sanedren an yon bèl prensip pou

Li mande pou yo fè nèg yo sòti yon ti moman,<sup>35</sup> epi li di : «Moun Izrayèl, pran prekosyon nou ak nèg sa yo pou sa nou pral fè a.<sup>36</sup> Paske jou sa yo ki sòt pase yo, Tedas te parèt, li te pran tèt li pou yon afè. Gen yon gwoup apeprè katsan gason konsa ki al jwenn li. Yo touye l epi tout moun ki t ap swiv li yo gaye, yo vin tounen anyen.<sup>37</sup> Apre sa Jida, moun Galile a, vin parèt nan epòk resansman an. Li te rele pèp la dèyè l nan rebelyon. Yo disparèt li epi tout moun ki te anba lòd li yo gaye.<sup>38</sup> Kounye a mwen di nou pa okipe nèg sa yo, lage yo. Paske pwojè sa a oswa travay sa a, si se nan moun li sòti, li p ap kenbe.<sup>39</sup> Men si se nan Bondye li sòti nou p ap kapab detwi yo. Pinga nou pase pou moun k ap lite batay Bondye.» Yo kite l pran tèt yo.<sup>40</sup> Yo rele Apot yo. Apre yo fin bat yo, yo pase yo lòd pou yo pa pale nan non Jezi ankò, epi yo lage yo.<sup>41</sup> Yo menm yo sòti nan Sanedren an ak kè yo kontan poutèt yo te merite yo avili yo pou Non an.<sup>42</sup> Chak jou nan Tanp lan ak nan kay yo, yo pa t sispann montre anpil bagay nan anonse Jezi Kri se Bon Nouvèl la.

### Yo chwazi sèt gason pou ede Apot yo

**6,1** <sup>1</sup>Jou sa yo, kantite patizan yo t ap vin piplis. Jwif ki pale grèk yo t ap plenyen kont sila yo ki pale ebre yo, poutèt nan sèvis ki te konn fèt chak jou a, yo pa t okipe vèv pa yo. <sup>2</sup>Douz yo konvoke gwoup patizan yo, yo di yo:

yo jije: si se yon bagay Bondye fè, yo p ap kapab detwi l.

**6,1 :** Jwif ki pale grèk yo t ap plenyen kont sila yo ki pale ebre yo, poutèt nan sèvis ki te konn fèt chak jou a, yo pa t okipe vèv pa yo... Anndan kominote Jerizalèm nan te gen de kategori moun: Kretyen Ebre yo ak Kretyen Elenis yo: kretyen ebre yo se te Jwif ki pa t janm kite peyi yo. Yo te pale lang arameyen osinon ebre. Kretyen Elenis yo se te Jwif ki te kite peyi yo a pou y al chèche lavi nan lòt peyi. Yo te pale lang grèk. Nan Bib la, vèv yo ansanm ak timoun ki pa gen manman ki pa gen papa, toujou atire kè sansib pèp Bondye a.

Lk 20,4

<sup>21,13;</sup>  
<sup>4,13</sup>

9,29

« Li pa bon pou nou kite Pawòl Bondye  
 18,17; 26 a pou n al sèvi atab. <sup>3</sup>Frè yo, chwazi  
 nan pami nou menm, sèt moun ki bay  
 prèv yo, ki gen bon konprann epi ki  
 plen Lespri a. Nou pral nonmen yo pou  
 travay sa a. <sup>4</sup>Kanta nou menm n ap  
 20,24; 21,19 pase tan nou nan lapriyè ak nan sèvis  
 Pawòl la. » <sup>5</sup>Se yon pawòl ki te fè tout  
 gwoup la plezi. Yo chwazi Etyèn, yon  
 nèg ki te gen lafwa, epi plen Lespri Sen  
 an tou, Filip, Pwokò, Nikanò, Timon,  
 Pamenas ak Nikola, yon moun An-  
 tyòch ki te konvèti Jwif. <sup>6</sup>Yo mennen  
 Res 27,18 yo bay Apot yo, ki te lapriyè, epi poze  
 2,41 men yo sou yo. <sup>7</sup>Pawòl Bondye t ap  
 gaye. Kantite patizan Jerizalèm yo t ap  
 vin anpil anpil. Epi menm te vin gen  
 yon foul prêt ki obeyi lafwa a.

### Yo arete Etyèn

<sup>8</sup>Etyèn ki te plen favè ak pisans t ap  
 fè mèvèy ak gwo mirak nan mitan pèp  
 la. <sup>9</sup>Men vin gen yon leve kanpe pou  
 diskite ak Etyèn. Se te kèk manm nan  
 sa yo rele ‘sinagòg ansyen esklav yo’,  
 ak moun ki sòti Sirèn, Aleksandri,  
 Silisi, ak Lazi.<sup>10</sup>Yo pa t kapab kenbe  
 tèt ak li paske li t ap pale ak bon kon-  
 prann epi ak lespri. <sup>11</sup>Yo fè bouch kèk  
 nèg ki vin di: « Nou te tande l ap jouré  
 Moyiz ak Bondye. » <sup>12</sup>Yo monte tèt pèp  
 la, ak Ansyen yo, ak pwofesè Lalwa

**6,3 :** Frè yo, chwazi nan pami nou menm sèt  
 moun ki bay prèv yo, ki gen bon konprann epi ki  
 plen Lespri a : Se kominate a ki te chwazi sèvitè  
 li bezwen yo epi tout kandida kominate a te  
 chwazi, te dwe plen lafwa ak Lespri Sen an. Nan  
 chwazi yo te chwazi sèt moun yo, Travay Apot  
 yo mete sa kòtakòt ak Levanjil Lik la, kote Jezi te  
 chwazi 70 lòt patizan pou l voye yo ale nan mi-  
 syon, menm jan ak Douz Apot yo (Lik 10,1-12;  
 17-24).

**6,5 :** Se yon pawòl ki te fè tout gwoup la plezi.  
 Yo chwazi Etyèn, yon nèg ki te gen lafwa, epi plen  
 Lespri Sen an tou, Filip... Nou konnen sèlmán sa  
 k te rive Etyèn ak Filip. Lòt yo pa janm parèt nan  
 liv Travay Apot yo ankò.

—Eske sèt gason sa yo, se te premye dyak yo?  
 Chapant Legliz la nan kòmansman se pa menm  
 chapant nou genyen jounen jodi a. Nan epòk  
 sila a Legliz pa te genyen twa lòd nou genyen  
 jounen jodi a: evèk, pè ak dyak. Se nan dezyèm

yo. Yo rive sibit, yo sezi l, epi yo men-  
 nen l nan Sanedren an. <sup>13</sup>Gen kèk fo  
 temwen ki parèt devan l, ki di: « Nèg sa  
 a pa sispann di pawòl kont Tanp lan ak  
 kont Lalwa a. <sup>14</sup>Vreman nou tande l di  
 Jezi, moun Nazarèt sa a, pral kraze kay  
 sa a epi li pral chanje koutim Moyiz te  
 ban nou yo. » <sup>15</sup>Yo tout ki te chita nan  
 Sanedren an t ap fikse l. Yo wè figi l  
 tankou figi yon zanj.

### Diskou Etyèn lan

**7** <sup>1</sup>Prèt anchèf la di: « Èske se konsa  
 sa ye? » <sup>2</sup>Li reponn: « Frè mwen yo,  
 grandèt mwen yo, koute. Bondye ki  
 gen tout glwa a te parèt devan papa  
 nou Abraram lè li te Mezopotami anvan  
 li abite Aràn. <sup>3</sup>Li di l: ‘Kite peyi w ak  
 fanmi w, ale nan peyi m ap montre w  
 la.’ <sup>4</sup>Konsa li sòti nan peyi Kaldeyen  
 yo, l al abite Aràn. Sòti li sòti la, apre  
 lanmò papa l, Bondye fè l chanje peyi,  
 pou l vin kote nou abite kounye a. <sup>5</sup>Li  
 pa ba li yon pòsyon eritaj ladan, pa  
 menm yon kote pou moun ta poze  
 plant pye l. Men li pwomèt l ap fè li  
 kado l kòm byen ni pou li, ni pou ras  
 li apre li, menm si li pa gen pitit.  
<sup>6</sup>Bondye te di l konsa: ‘Ras li pral abite  
 kòm etranje nan peyi ki pou lòt moun,  
 yo pral fè l tounen esklav, yo pral mal-  
 trete l pou katsan lane. <sup>7</sup>Men pèp ki

Jen 12,1

Jen 15,  
13-14

syèk la chapant sa a te kòmanse. Lik pa rele sèt  
 gason sa yo «dyak», nan sans mo sa a genyen  
 jodi a. Men mo grèk «dyakonia» vle di «sèvis»  
 se pou sa yo chwazi yo. Yo rete yon modèl pou  
 dyak jodi yo.

**6,6 :** Yo mennen yo bay Apot yo, ki te lapriyè,  
 epi ki te poze men yo sou yo. Ak jès sa a Apot yo  
 transmèt menm misyon Granmèt Jezi a te ba yo  
 ak fòs pou yo fè misyon an.

**6,8-15 :** Etyèn ki te plen favè ak pisans t ap fè  
 mèvèy ak gwo mirak nan mitan pèp la. Li sèvi  
 Jezi temwen epi temwayaj li asire nou Jezi reya-  
 lize sa li te pwomèt patizan l yo : li pa kite yo  
 pou kont yo (Lik 21,15).

**6,11 :** Yo fè bouch kèk nèg ki vin di: « Nou te  
 tande l ap jouré Moyiz ak Bondye... » Lènmi li yo  
 te eseye fè kont sou li epi yo rive mobilize pèp la  
 dèyè fo temwayaj sa a. Tout akizasyon yo te fè  
 kont Etyèn se menm akizasyon yo te fè kont Jezi.

*pral fè l tounen esklav la, mwen pral jije l.’ Se Bondye ki pale. ‘Lèfini, apre sa, li pral sòti, li pral sèvi mwen kote sa a.’*<sup>8</sup> Epi li ba li kontra sikonsizyon an. Se konsa lè Abraram fin fè Izarak, li te fè sikonsizyon pou li sou wi jou. Izarak fè sikonsizyon pou Jakòb, Jakòb fè sikonsizyon pou douz patriyach yo.

*Jen 37* <sup>17,10</sup> *‘Lèfini patriyach yo, nan jalouzi yo te gen pou Jozèf, yo vann li pou l ale Lejip. Men Bondye te ak li.’*<sup>10</sup> Li wete l nan tout tray li yo, li ba li favè ak bon konprann devan Farawon, wa Lejip, ki mete l chèf sou Lejip ak sou tout kay li.

*Jen 45* <sup>11</sup> *Yon grangou ak yon gwo mizè vin tonbe sou tout Lejip ak Kanaran. Zansèt nou yo pa t jwenn manje.*<sup>12</sup> Lè Jakòb tandem te gen ble nan Lejip, li voye zansèt nou yo yon premye fwa.

*13* *Yon dezyèm fwa Jozèf fè frè l yo rekonèt li, epi li vin klè pou Farawon ki ras Jozèf.*<sup>14</sup> *Jozèf voye chèche Jakòb, papa l, ak tout fanmi l, ki te gen swasantkenz moun.*<sup>15</sup> *Jakòb desann Lejip. Se la li mouri, ak zansèt nou yo tou.*

*16* *Yo pote y ale Sichèm, yo antere yo nan kavo Abraram te achte ak lajan nan men ptit Emò yo nan Sichèm.*

*17* <sup>1,7</sup> *Lè tan pou pwomès Bondye te fè Abraram lan te pre rive, pèp la te vin piplis, epi li te miltiplier anpil nan Lejip,*<sup>18</sup> *jis vin gen yon lòt wa nan Lejip ki pa t konnen Jozèf.*<sup>19</sup> *Wa sa a peze ras nou an, li maltrete zansèt nou yo, sitèlman li te fè yo kite ti bebe yo deyò pou yo pa chape.*<sup>20</sup> *Nan epòk sa a Moyiz vin fèt. Li te bèl nan je Bondye. Yo te ba li manje pou twa mwa lakay papa l.*<sup>21</sup> *Antan yo te kite l deyò, ptit fi Farawon an pran l, l elve l tankou pwòp ptit pa l.*<sup>22</sup> *Yo te montre Moyiz tou sa Ejipsyen yo te konnen. Li te fò nan sa li di ak nan sa li fè.*<sup>23</sup> *Lè li vin*

**7,8:** *Jakòb fè sikonsizyon douz patriyach yo...*  
Patriyach : Mo sa a vle di Gran Papa yo. Se konsa yo rele zansèt Douz Branch Fanmi pép Izrayèl yo.

**7,30:** ...*Yon zanj, nan dezè mòn Sinayi parèt*

gen karantan, li fè lide al vizite frè li yo, pitit Izrayèl yo.<sup>24</sup> Li wè youn yo t ap maltrete, li pran defans li. Li tire revanj pou sila yo t ap maspinen an, li touye Ejipsyen an.<sup>25</sup> Li te sipoze frè li yo t ap konprann se grasa ponyèt li Bondye voye delivrans pou yo. Men yo pa t konprann.<sup>26</sup> Nan demen, li wè yo t ap goumen, li t ap chèche rekonsilye yo pou yo viv anpè. Li di yo: ‘Mesye, se frè nou ye, poukisa youn ap maltrete lòt?’<sup>27</sup> Sila ki t ap maltrete pwochen li<sup>2,13-14</sup> an pouse l. Li di l: ‘Kilès ki mete w chèf nou ak jij nou?’<sup>28</sup> *Gen lè ou vle touye mwen menm jan ou te touye Ejipsyen an yè?*<sup>29</sup> Moyiz sove lè li tandem pawòl sa yo. L al viv tankou etranje nan peyi Madyan. La li fè de pitit.<sup>30</sup> Karantan<sup>3,1-2</sup> apre sa, *yon zanj, nan dezè mòn Sinayi parèt devan l nan flanm dife yon touf raje.*<sup>31</sup> Moyiz wè l, epi li sezi pou sa li wè a. Antan li pwoche pou li gade sa li ye, vwa Granmèt la di:<sup>32</sup> ‘*Mwen se Bondye zansèt ou yo, Bondye Abram, Izarak ak Jakòb*’.

Moyiz pran trouble. Li pa t menm pran chans gade anyen.<sup>33</sup> Granmèt la di l: ‘*Wete sapat nan pye w, paske kote w kanpe a, se yon tè ki sen.*<sup>34</sup> *Mwen wè byen wè mizè pèp mwen an nan Lejip, mwen tandem plenyen l, mwen desann pou mwen delivre yo. Kounye a, vini, m ap voye w Lejip.*<sup>35</sup> Moyiz sa a yo te rejte a, lè yo te di: ‘*Kilès ki mete w chèf ak jij?*’<sup>36</sup> se li menm Bondye voye ba yo pou chèf yo, pou sovè yo, ak fòs pou vwa zanj ki te parèt devan li an nan touf raje a.<sup>37</sup> Se li menm ki te fè yo sòti nan fè mèvèy ak mirak nan peyi Lejip, nan Lanmè Wouj ak nan dezè a pou karantan.<sup>38</sup> Se Moyiz sa a ki te di pitit Izrayèl yo: ‘*Bondye pral fè yon pwofèt tankou mwen parèt pou nou nan*

*devan li nan flanm dife yon touf raje...* Lè Bib la pale de «Zanj Bondye a», anpil fwa se Bondye menm menm. Yo pa vle nonmen non Bondye pou nenpòt ki bagay, konsa yo mete «Zanj Bondye a» (Egzòd 3,2 ; 23,20)

<sup>Gal 3,19; Eb 2,2; 19,1</sup> *mitan frè nou yo.*<sup>38</sup> Se li menm, nan rasanbleman nan dezè a, ki t ap di zansèt nou yo sa zanj lan t ap pale ak li nan mòn Sinayi a. Se li menm ki te resevwa pawòl ki bay lavi a pou li te ban nou li.<sup>39</sup> Se li menm zansèt nou yo pa t vle obeyi, yo te repouse l. Epi, nan kè yo, yo te kase tèt tounen al Lejip,<sup>40</sup> lè yo te di Arawon konsa: ‘*Fè pou nou lòt kalite bondye k ap mache devan nou, paske nèg Moyiz sa a, ki te fè nou sòti Lejip la, nou pa konnen sa l tounen.*’<sup>41</sup> Nan jou sa yo, yo fè yon ti towo bëf, yo pote sakrifis bay zidòl la, yo fè fèt devan zèv men yo.<sup>42</sup> Bondye vire do ba yo, li lage yo pou yo sèvi lame syèl la, jan sa ekri nan liv pwofèt yo:

‘*Èske se bët touye ak sakrifis nou te pote ban mwen pou karantan, nan dezè a, fanmi Izrayèl?*

<sup>43</sup> *Nou te pote tant Molòk la ak zetwal bondye Refàn.*

*Imaj sa yo nou te fè yo pou nou adore yo.*

*M ap voye nou al lòtbò Babilòn.*

<sup>25,9; Eb 8,5</sup> <sup>2Sam 7,12; T Ap 17,24; 19,26; Mk 14,58; Eb 9,11</sup> <sup>44</sup> Tant Temwayaj la te ak zansèt nou yo nan dezè a, jan sila a ki t ap pale ak Moyiz la te pase li lòd pou li fè l menm jan ak modèl li te wè a.<sup>45</sup> Zansèt nou yo, lè yo resevwa l, te fè l antre sou Jozye, nan teritwa yo te pran nan men pèp Bondye te chase devan yo a, jis rive nan tan David.<sup>46</sup> Se li ki jwenn favè devan Bondye, paske li te lapriyè pou li jwenn yon kay pou Bondye Jakòb la.<sup>47</sup> Men se Salomon ki vin bati yon kay pou li.<sup>48</sup> Ak tou sa, Sila ki anwo nèt la pa abite nan kay moun fè ak men yo, jan pwofèt la di a:

<sup>Iz 66, 1-2</sup> *“Syèl la se fotèy mwen, men tè a se ti ban anba pye m.*

**7,46**: Gen dokiman ki bay *fanmi Jakòb la.*

**7,54-60**: *Fini li fin di sa, li mouri.* Orijinal la bay: «*Etyèn te dòmi*», sa vle di lanmò se tankou yon ti somèy, paske yon jou n ap leve byen vivan, tankou Jezi. Etyèn se premye mati kre-

*Ki kay nou pral bati pou mwen,»  
se Granmèt la ki di sa,  
«oubyen ki kote m ap jwenn pou mwen poze?*

<sup>50</sup> *Èske se pa men m ki fè tout bagay sa yo?*<sup>9,25</sup>

<sup>51</sup> Bann tèt di, ni kè nou, ni zòrèy nou pa fè sikonsizyon. Se toutan n ap kenbe tèt ak Lespri Sen an, ni zansèt nou yo, ni nou menm tou.<sup>52</sup> Kilès nan pwo-fèt yo zansèt nou yo pa t pèsekite? Yo menm touye sila ki te anonse depi davans yo Sila ki kòrèk la, ap vini, Sila a kounye a nou sòt trayi a epi nou sòt touye a,<sup>53</sup> nou menm menm ki te resevwa Lalwa a nan men zanj yo, men nou pa kenbe l.<sup>54</sup> Lè yo tande sa, yo move kont move yo, epi yo fin debòde sou li.

<sup>Jer 9,25</sup>

<sup>Gal 3,19; Eb 2,2</sup>

### Yo touye Etyèn ak kout wòch—Sòl te la

<sup>55</sup> Li menm ki te plen Lespri Sen an te fikse je l nan syèl la. Li wè glwa Bondye ak Jezi ki kanpe adwat Bondye.<sup>56</sup> Li di: «*Gade, mwen wè syèl la louvri ak Pitit moun nan kanpe adwat Bondye.*»<sup>57</sup> Yo pran rele byen fò, yo bouche zòrèy yo, epi yo tout an-sanm yo fonse sou li.<sup>58</sup> Yo trennen l sòti deyò lavil la, yo pran kalonnen l ak kout wòch. Temwen yo depoze rad yo nan pye yon jennom yo rele Sòl.

<sup>Dan 7,13</sup>

<sup>59</sup> Pandan yo t ap touye Etyèn anba kout wòch, li lapriyè, li di: «*Granmèt Jezi, resevwa lespri mwen.*»<sup>60</sup> Epi li met ajenou, li rele byen fò: «*Granmèt, pa kenbe peche sa a kont yo.*» Fini li fin di sa, li mouri.

<sup>Eb 13,12</sup>

<sup>Dtw 17,7</sup>

<sup>Lk 23,46; Sm 31,6</sup>

**8** <sup>11,19</sup> *1 Sòl te dakò nètale pou yo te touye l. Jou sa a, yo vin lage yon gwo pèsekisyon dèyè Legliz Jerizalèm lan. Tout moun te pran gaye nan zòn*

tyen. Li se yon modèl pou nou tout. Li te chwazi lanmò pase pou l bay Jezi do. Epi li mande padon pou moun ki touye li yo menm jan ak Jezi. Konsa, sòti nan Jezi, pase pa Etyèn, rive jouk jounen jodi a gen yon chenn temwen vanyan ki defann laverite.

Jide ak Samari, anwetan Apot yo.  
<sup>22,4; 1Cor 15,9; Gal 1,13; Flp 3,6</sup>  
<sup>2</sup>Kèk sèvitè Bondye te antere Etyèn. Yo te plenn anpil pou li. <sup>3</sup>Kanta Sòl menm se ravaje li t ap ravaje Legliz la. Li te antre nan chak kay pou li trennen fi tankou gason al lage nan prizon.

### Filip nan Samari

<sup>4</sup>Sila ki te gaye yo, al tout kote antan yo t ap simaye Pawòl Bon Nouvèl la. <sup>5</sup>Filip ki te desann nan yon vil Samari preche yo Kris la. <sup>6</sup>Yon bann moun, yo tout ansanm, t ap koute tou sa Filip t ap di a, lè yo tande ak lè yo wè mirak li t ap fè yo. <sup>7</sup>Paske move lespri yo t ap sòti ak gwo rèl nan anpil moun yo te kenbe. Anpil moun paralize ak moun bwate te geri. <sup>8</sup>Te gen yon kè kontan ki pa t piti nan lavil sa a.

### Simon yon nèg ki te konn fè maji

<sup>9</sup>Nan lavil la te gen yon nèg yo rele Simon. Li te konn fè maji. Li te yon mèvèy pou pèp Samari. Li te di yo se yon gran nèg li ye. <sup>10</sup>Tout moun te koute l ak atansyon, timoun tankou granmoun. Yo t ap di: «Sila a se pouwwa Bondye li ye, pouwwa ki pa rete ak pouwwa.» <sup>11</sup>Yo te koute l, paske pou kèk tan li te fè mèvèy devan yo nan fè maji. <sup>12</sup>Filip t ap anonse Bon Nouvèl Peyi kote Bondye Wa a ak Bon Nouvèl non Jezi Kri a. Te gen gason kou fi ki kwè nan li, epi ki te batize. <sup>13</sup>Simon li

**8,1 :** Sòl te dakò nètale pou yo te touye l. Sòl (non sa se Sayil) se te youn ki te dakò ak lanmò Etyèn epi ki te pèsekite kreyen yo, sitou kreyen Elenis yo. Kanta konpòtman Sòl, gade sa limenm li di sou sa nan Galat 1,13.

**8,1-4 :** Jou sa a, yo vin lage yon gwo pèsekisyón dèyè Legliz Jerizalèm lan... Se pa tout Legliz la ki anba pèsekisyón. Douz Apot yo rete nan Jerizalèm, yo kontinye ale nan Tanp lan. Apre Jwif yo ki pa t kreyen te fin touye Etyèn, yo te deklanche yon seri pèsekisyón kont kreyen yo, sitou kreyen Elenis yo. Pèsekisyón an vin chak jou pi rèd. Yo antre lakay kreyen yo pou yo arete yo, pou yo mete yo nan prizon, pou yo bat yo, pou yo touye yo. Men pèsekisyón an pa kapab fè Levanjil la kanpe.

**8,5-8 :** Filip ki te desann nan yon vil Samari preche yo Kris la. Filip ban nou egzanp kouman

menm tou vin kwè, epi lè li te fin batize, li te ret kole sou Filip. Li te sezi lè li te wè mirak ak gwo mèvèy ki t ap fèt. <sup>14</sup>Lè Apot yo, ki te Jerizalèm, tande Samari resevwa Pawòl Bondye a, yo voye Pyè ak Jan ba yo. <sup>15</sup>Yo desann Samari, yo lapriyè pou moun yo, pou yo te kapab resevwa Lespri Sen an.

<sup>16</sup>Li pa t ko desann sou pèsonn pamí yo. Yo te batize sèlman nan non Jezi Grammèt la. <sup>17</sup>Konsa yo poze men sou yo, epi yo resevwa Lespri Sen an. <sup>18</sup>Lè Simon wè se nan poze men Apot yo kado Lespri Sen te sòti, li ofri yo lajan.

<sup>19</sup>Li di yo: «Ban m pouwwa sa a mwen menm tou, pou lè m poze men m sou yon moun, li resevwa Lespri Sen an.» <sup>20</sup>Men Pyè reponn li: «Se pou lajan w <sup>Jn 4,10</sup> lan peri ansanm ak ou, paske w mete nan tèt ou, pou w achte kado Bondye a ak lajan. <sup>21</sup>Nan afè sa a, pa gen ni yon mòso, ni yon pòsyon eritaj ki pou ou, paske kè w pa dwat devan Bondye.

<sup>22</sup>Se pou w chanje kè w sòti nan move bagay ou yo, epi lapriyè Grammèt la pou wè si l a padonnen w, pou lide ki nan kè w la, <sup>23</sup>paske jan mwen wè w la, se nan fyèl anmè ou ye, ak nan chenn mechanste. » <sup>24</sup>Simon reponn, li di: «Se pou nou lapriyè Grammèt la pou mwen, pou anyen nan sa nou di a pa rive m.» <sup>25</sup>Apre yo fin bay temwayaj yo, epi yo fin preche Pawòl Grammèt la, yo retou-

<sup>11,1</sup>

<sup>10,44</sup>

Dtw

<sup>29,17</sup>

Bon Nouvèl la t ap gaye toupatou dapre pwo-gram nou jwenn nan Travay Apot yo 1,8.

**8,9-13 :** Nan lavil la te gen yon nèg yo rele Simon. Li te konn fè maji. Simon chèche mirak ki fè gwo efè sou foul la epi li enterese nan fè komès ak don Bondye ba nou yo. Sou tè sa a kote tout bagay gen pri pa yo, kote lajan an se wa ki gouvènen tout bagay, Pawòl Bondye a ak Lespri Sen an pa la ni pou moun achte yo, ni pou moun vann yo.

**8,14-16 :** Lè Apot yo, ki te Jerizalèm, tande Samari resevwa Pawòl Bondye a, yo voye Pyè ak Jan ba yo: Misyon Pyè ak Jan nan Samari se rekònèt kominote tounèf Filip te fonde a kòm yon Legliz Jezi Kri.

**8,17-25 :** Konsa, yo poze men sou yo, epi yo resevwa Lespri Sen an... Lè Apot yo poze men sou moun yo, Lespri Sen an desann sou yo. Sa fè

nen Jerizalèm, antan yo t ap anonse Bon Nouvèl la nan anpil bouk Samari yo.

### Filip batize sèvitè rèn peyi Letyopi

<sup>26</sup> Zanj Granmèt la pale ak Filip, li di l: «Leve, al nan direksyon sid, sou wout ki desann sòti Jerizalèm rive Gaza a. Se yon wout kote moun pa pase.» <sup>27</sup> Li leve, l ale. Vwala yon nèg, moun peyi Letyopi, yon ofisyèl, sèvitè espesyal Kandas, rèn peyi Letyopi, epi ki te reskonsab tout richès li, te ale Jerizalèm an pelerinaj. <sup>28</sup> Li t ap retounen. Li te chita sou kawòs li, epi li t ap li pwofèt Izayi. <sup>29</sup> Lespri a di Filip: «Pwoche, eseye jwenn kawòs sa a.» <sup>30</sup> Filip kouri, e li tandé l ap li liv pwofèt Izayi a. Li di l: «Èske w konprann sa w ap li a?» <sup>31</sup> Li reponn: «Kijan mwen ta kapab konprann si pèsonn pa montre m?» Li mande Filip monte vin chita bò kote l. <sup>32</sup> Mòso Liv li t ap li a, men li:

<sup>1z 53,  
7-8;  
1Pwè  
2,24</sup> «*Tankou yon mouton yo mennen  
labatwa,  
tankou yon ti mouton devan moun k  
ap koupe lenn li, ki pa rele,  
se konsa li pa louvri bouch li.*

<sup>33</sup> Nan piti li fè tèt li piti, yo pa fè l jistis. Kilès ki pral nonmen non pitit pitit li, paske yo wete lavi l sou tè a?»

<sup>34</sup> Sèvitè espesyal rèn nan pran la-

nou konprann kominate kreyen yo fèt ak travay Lespri Sen an. Depi nan kòmansman, Apot yo te pataje kado Lespri Sen an nan poze men sou moun yo.

**8,26-40 :** Vwala yon nèg, moun peyi Letyopi ... Letyopi se yon peyi ki nan Afrik. Moun Letyopi yo se moun po nwa yo ye. Konsa, premye moun etranje ki te resevwa Levanjil la se te yon moun ras nwa.

**8,27 :** ...Yon ofisyèl, sèvitè espesyal Kandas, rèn peyi Letyopi : Bib la rele moun sèvitè espesyal sa yo, **enik**. Yon enik se te yon moun yo te chatre. Fonksyonè rèn Kandas la mande batèm nan. Kisa ki anpeche l resevwa l? Paske li nwa? Paske li etranje? Paske li chatre? Tout bagay sa yo se kesyon premye kominate yo te poze tèt yo, paske yo tout se te anpechman pou Jwif yo te resevwa yo nan Tanp lan. Lik reponn tout kesyon sa yo: batèm Filip te fè a lè l te batize yon moun etranje, nwa, chatre se travay Lespri Sen an. Pou

pawòl, li di Filip: «Tanpri, sou kilès pwofèt la di sa? Èske se sou tèt pa l, oubyen sou yon lòt?» <sup>35</sup> Filip louvri bouch li, epi depi mòso Liv sa a li kòmanse anonse l Bon Nouvèl la, Jezi.

<sup>36</sup> Pandan yo ta pral sou wout la, yo rive yon kote ki gen dlo. Sèvitè espesyal rèn nan di konsa: «Men dlo, sa ki anpeche w batize mwen?» <sup>37</sup> Filip di l:

«Si ou kwè ak tout kè w, li posib.» Li reponn: «Mwen kwè Jezi Kri se pitit Bondye.» <sup>38</sup> Lèfini, li fè rete kawòs la. Toulède desann nan dlo a, Filip ak sèvitè espesyal rèn nan. Epi li batize l.

<sup>39</sup> Antan yo t ap monte sòti nan dlo a, Lespri Granmèt la pran Filip, e li pote l ale. Sèvitè espesyal rèn nan pa wè l ankò. Men li kontinye wout li ak kè kontan. <sup>40</sup> Filip vin rekonèt tèt li lavil Azòt. Antan li kontinye ap mache, li t ap anonse Bon Nouvèl la nan tout vil kote li pase, jis li rive Sezare.

**9** <sup>1</sup>Kanta Sòl, li pa t anvi lòt bagay pase menase patizan Granmèt la, e touye yo. L al kote Prèt anchèf la, <sup>2</sup> li mande l lèt, pou l al nan sinagòg Damas yo, pou sizoka li ta jwenn moun ki patizan Chemen an, fi tankou gason, pou li mete yo anba kòd mennen Jerizalèm. <sup>3</sup> Antan li ta prale, lè li te toupre Damas, yon limyè ki sòti nan syèl la

Lk  
24,27

10,47

1Wa  
18,12

10,1

22;  
5-16;  
26;  
10-18;  
Gal 1;  
12-17

22,5;  
28,21

16,17;  
18,25

Legliz la, pa gen okenn bagay ki ka anpeche moun jwenn lavi tounèf ki sòti nan Jezi Kri a. Nan evanjelizasyon Filip te fè moun etranje sa a gen yon pwofesi. Pwofèt Izayi ki te vin reyalize vre: «Yon moun ki chatre pa dwe janm di: Se yon vye pyebwa sèch mwen ye, mwen pa ka fè pati pèp Bondye a» (Izayi 56,3).

**8,37 :** Gen dokiman ki pa bay vèsè sa a.

**9,1 :** Kanta Sòl, li pa t anvi lòt bagay pase menase patizan Granmèt la, e touye yo. Sou Sòl ki te pèsekite kreyen yo nou kapab al gade nan: Travay 7,58; 8,1-3; 9,1.21; 22,19-20; 26,10-11; 1 Korent 15,9; Galat 1,13.23; Filipyen 3,6; 1Tm 1,13.

**9,2 :** ...Moun ki patizan Chemen an, fi tankou gason... se konsa yo te konn rele kreyen yo. Pawòl sa a vle fè nou konprann swiv Jezi se yon chemen, se yon misyon li ye.

**9,3 :** ...Yon limyè ki sòti nan syèl la... syèl la

sanzatann te anviwonnen l nan klate li. <sup>4</sup>Epi li tonbe atè. Li tande yon vwa ki di l: «Sòl, Sòl, poukisa w ap pèsekite mwen?» <sup>5</sup>Li reponn: «Kilès ou ye Granmèt?» Li di l: «Mwen se Jezi w ap pèsekite a. <sup>6</sup>Men leve, antre lavil la, y a di w kisa pou w fè.» <sup>7</sup>Nèg ki t ap vwayaje ak li yo te rete san lapawòl. Yo te tande vwa a, men yo pa t wè pèsonn. <sup>8</sup>Sòl leve atè a. Ak tout je l yo ki te louvri, li pa t wè anyen. Yo kenbe men l pou yo kondi l antre Damas. <sup>9</sup>Li pase twa jou san li pa wè, san manje ni bwè. <sup>10</sup>Te gen yon patizan nan Damas yo te rele Ananyas. Nan yon vizyon Granmèt la di l: «Ananyas», li reponn: «Men mwen Granmèt». <sup>11</sup>Granmèt la pale ak li konsa: «Leve, ale nan lari yo rele Lari Dwat la, lakay Jida, w a mande pou yon moun yo rele Sòl ki sòti lavil Tas. Men l ap lapriyè. <sup>12</sup>Li wè nan yon vizyon yon moun yo rele Ananyas ki antre epi ki poze men sou li pou li kapab wè.» <sup>13</sup>Ananyas reponn: «Granmèt, mwen tande sa anpil moun di sou nèg sa a, ak kalite move zak li fè Jerizalèm sou moun pa w yo ki sen yo. <sup>14</sup>E isit la, li la ak pouvwa li resevwa nan men chèf prèt yo pou li mete anba kòd tout moun ki rele Non ou.» <sup>15</sup>Granmèt la di: «Ou mèt ale. Nèg sa a louvri; gen yon gwo limyè ki klere; yo tande vwa Bondye epi moun yo tonbe atè. (Danyèl 10,5-9) Se Jezi menm menm ki fè premye pa pou li rele Sòl pou li vin tounen yon Apot.

**9,5 :** «Kilès ou ye Granmèt?» Li di l: «Mwen se Jezi w ap pèsekite a.» Jezi konfonn pwòp tèt li ak kominote kretyen an.

**9,9-14 :** Li pase twa jou san li pa wè, san manje ni bwè. Menm jan ak Jezi ki te mouri epi ki te leve byen vivan an. Konvèsyon an se yon chanjman sòt nan lanmò al nan lavi. Sòl rete avèg, se yon senbòl ki montre li dwe chanje vizyon pa l pou li wè dapre je Jezi Kri. Epi se rankont ak kominote kretyen an (Ananyas reprezante kominote a) ki te ba li lavi tounèf la nan Lespri Sen an pou li ka vin temwen Jezi Kri.

**9,15 :** Nèg sa a se yon zouti mwen chwazi pou pote Non mwen al devan pèp etranje yo ... Granmèt la montre Sòl pwogram misyon li a: li pral tounen Apot pou etranje yo, epi temwayaj li a pral ba li anpil soufrans.

se yon zouti mwen chwazi pou pote Non mwen al devan pèp etranje yo, wa yo ak pitit Izrayèl yo. <sup>16</sup>Se mwen ki pral montre l tou sa l a gen pou l soufri pou-tèt Non mwen.» <sup>17</sup>Ananyas pati, li antre nan kay la, li poze men l sou li. Li di: «Sòl frè mwen, Granmèt la, Jezi ki te parèt devan w lan sou wout la, kote w t ap vini an, se li ki voye mwen. Se pou w kapab tounen wè nan je w epi pou w kapab plen Lespri Sen an.» <sup>18</sup>La pou la, kèk bagay tankou kal pwason tonbe sòt nan je l, epi li tounen wè ankò. Lèfini, li leve, yo batize l. <sup>19</sup>Apre sa li aksepte manje, konsa li vin pran fòs.

Tob  
11,13

### Sòl ap preche nan vil Damas

Li pase kèk jou ak patizan Damas yo, <sup>20</sup>epi, san pèdi tan, li mete preche nan sinagòg yo Jezi se Ptit Bondye.

Gal  
1,23

**21** Tout moun ki t ap koute li yo te byen sezi. Yo t ap di: «Èske se pa sila a ki t ap kraze moun k ap rele Non sa a Jerizalèm? Se pa li ki te vin isit la pou mete yo anba kòd mennen bay chèf prèt yo?» <sup>22</sup>Kanta Sòl, li t ap pran plis fòs, li t ap twouble lespri Jwif ki abite Damas yo, nan bay prèv Jezi se Kris la. <sup>23</sup>Anpil jou pase, Jwif yo fè yon konplo pou touye li. <sup>24</sup>Sòl vin konnen konfyolo pa yo a, yo t ap veye ata

18,28

Gal  
1,21

Se ta va yon erè si yo ta prezante Pòl kòm yon moun ki pran plezi nan fè mechanste. Depi nan jenès Pòl, li te santi bezwen pou li konsakre tèt li nan sèvis Bondye. Nou kapab wè sa nan Travay Apot 22,3-4; Gal 1,14 ak Fil 3,4-11. Se pou sa li t al Jerizalèm pou l etidye Lalwa Moyiz nan pye Gamalyèl ki te youn nan pi bon pwo-fesè ki te genyen nan épòk la. Ak limyè Kris la, Sòl dekouvri merit li ak sèvis li yo manke valè. Lafwa li a pa plis pase chak fanatik. Sekirite li kòm kwayan se yon fòm lògèy. Pòl konprann li se pechè, li vyolan, li redonn, men an memm tan li konprann Bondye chwazi li epi li padonnen l.

**9,16-19 :** Sòl frè mwen... Kominote kretyen an resevwa Pòl kòm yon frè. Li padonnen l tout sa li te fè yo.

**9,20-25 :** ...Epi san pèdi tan, li mete preche nan sinagòg yo Jezi se Ptit Bondye ... Pandan twa lane Pòl pwoklame lafwa l, epi li rakonte pwòp eksperyans li nan Damas.

Wm  
10,12;  
1Kor  
1,2  
Jer  
1,10

louvri; gen yon gwo limyè ki klere; yo tande vwa Bondye epi moun yo tonbe atè. (Danyèl 10,5-9) Se Jezi menm menm ki fè premye pa pou li rele Sòl pou li vin tounen yon Apot.

pòtay yo lajounen kou lannwit pou yo touye l. <sup>25</sup> Men patizan li yo pran l lan-nwit, yo mete l nan yon panyen, yo file l desann sou miray la.

### Aktivite Sòl Jerizalèm

<sup>26</sup> Lè li rive Jerizalèm, li eseye kole kò l bò kote patizan yo. Men tout te pè l, paske yo pa t kwè se patizan li te ye. <sup>27</sup> Se konsa Banabe pran l ak li, li mennen l bay Apot yo. Li pran rakonte yo kijan sou wout la, li te wè Granmèt la, li te pale ak li, epi kijan Damas li t ap preche ak konviksyon nan non Jezi. <sup>28</sup> Lèfini li t ap antre sòti ak yo Jerizalèm, li t ap preche ak konviksyon nan non Granmèt la. <sup>29</sup> Li te gen pawòl ak Jwif ki pale grèk yo, li t ap diskite ak yo. Men yo t ap chèche touye l. <sup>30</sup> Lè frè yo te konnen, yo fè l desann Sezare, epi se la yo voye l ale lavil Tas.

### Tan kalmi pou Legliz la

<sup>31</sup> Legliz la t ap viv anpè nan tout Jide, Galile ak Samari. Li t ap grandi, epi li t ap viv nan krentif Granmèt la. Li te vin piplis grasa ankourajman Lespri Sen an.

### Pyè geri yon enfim nan Lida

<sup>32</sup> Twouve Pyè t ap pase toupatou. Li desann al lakay moun ki sen ki te abite Lida yo. <sup>33</sup> Li jwenn yon nèg yo rele Ene

bò la. Li te pase 8 lane kouche sou kabann. Li te paralize. <sup>34</sup> Pyè di l: «Ene, Jezi Kri geri w. Leve, ranje kabann ou pou kont ou.» Li leve touswit. <sup>35</sup> Tout moun ki te abite Lida ak Sawon te wè l. Yo kase tèt tounen vin jwenn Granmèt la.

### Pyè fè yon madanm leve byen vivan nan Jope

<sup>36</sup> Jope te gen yon patizan, yon madanm, yo rele Tabita, sa vle di ‘Dòkas’. Li te konn fè anpil bon zèv ak anpil lacharite. <sup>37</sup> Rive, nan jou sa yo, li tonbe malad, epi li mouri. Yo benyen l, epi yo mete l anwo nan chanmòt la. <sup>38</sup> Lida toupre Jope. Lè patizan yo aprann se la Pyè te ye, yo voye de gason kote l, pou y al di l: «Pa mize vin lakay nou.» <sup>39</sup> Pyè leve, l ale ak yo. Lè l rive, yo mennen l monte nan chanmòt la. Tout vèv yo vin antoure l, y ap kriye. Y ap montre chemiz ak palto Dòkas te konn fè, lè li te ak yo. <sup>40</sup> Pyè fè yo tout sòti. Li met ajenou, li lapriyè, li vire kote kò a, li di: «Tabita, leve.» Li louvri je l, li wè Pyè, epi li chita. <sup>41</sup> Pyè ba l men, li fè l leve. Li rele moun ki sen yo ak vèv yo, li renmèt li ba yo vivan. <sup>42</sup> Se tout Jope ki vin konn sa. Anpil moun vin kwè nan Granmèt la. <sup>43</sup> Pyè te rete yon bon ti tan nan Jope kay yon nèg, yo rele Simon, ki te konn tannen po.

Mk 2,11

Lk 8,41

Mk 5,41

**9,26-30 :** Lè li rive Jerizalèm, li eseye kole kò l bò kote patizan yo. Men tout te pè l, paske yo pa t kwè se patizan li te ye. Deja Pòl ap swiv pwòp chemen li, men li rete an kontak sere ak Legliz la, jan nou wè sa nan vwayaj li te fè Jerizalèm nan, kote li te al rankontre ak Apot yo. Sòl dwe sipòtè pèsekisyon lòt Jwif yo te lage sou li, epi kominote a pa gen konfyans nan li paske li te pèsekite li.

**9,31 :** Legliz la t ap viv anpè nan tout Jide, Galile ak Samari. Se yon ti rezime sou sitiyasyon kominote kreyen yo. Lik pale sou Jide, Samari ak Galile ki te twa pwovens peyi Palestin nan epòk premye kominote kreyen yo. Konsa li montre kouman Legliz te tabli nan tout peyi ansyen Izrayèl la.

**9,32-43 :** Twouve Pyè t ap pase toupatou. Li desann al lakay moun ki sen ki te abite Lida. Nan Lida Pyè te geri Ene, epi nan lavil Jope li te fè Tabita leve byen vivan. Apre sa Pyè rete nan kay

Simon, ki te yon bòs tannè, yon travay ki pa pwòp dapre Lalwa Moyiz. Twa moun sa yo : Ene, Tabita ak Simon bòs tannè a, reprezante twa kominote Jwif-kreyen yo.

**9,36 :** Lavil Jope te gen yon patizan, yon madanm, yo rele Tabita, sa vle di ‘Dòkas’. Li te konn fè anpil bon zèv ak anpil lacharite. Dòkas vle di gazèl, se pa gazèl bèf, men se te yon ti zannimo ki sanble ak yon kabrit, men li pi bèl ankò epi li kouri vit.

**9,41 :** Li rele moun ki sen yo ak vèv yo... «Sen yo» se non yo bay kreyen yo nan Nouvo Kontra a.

**9,43 :** Pyè te rete yon bon ti tan nan Jope kay yon nèg, yo rele Simon, ki te konn tannen po. Travay sa a se te youn nan travay Jwif yo te meprize anpil. Pa t gen Jwif ki vle fè travay sa a. Se te metye etranje yo. Pyè montre kouman Bon Nouvel Jezi Kri a kraze miray la ki te separe Jwif ak etranje. Moun ki pwòp ak moun ki pa

**Pyè al lakay yon santiryon women**8,40:  
23,33

**10** <sup>16,14;  
13,16;  
Lk 7,4</sup> <sup>35,6</sup> Te gen yon nèg nan Sezare yo rele Kònèy. Li te santiryon yon batayon lame yo rele Italik. <sup>2</sup> Se te yon sèvitè Bondye ki te gen krentif pou Bondye, ansanm ak tout moun lakay li. Li te konn fè pèp la anpil lacharite, epi se toutan li t ap lapriyè Bondye. <sup>3</sup> Li te kapab twazè konsa, li te wè toutaklè nan yon vizyon, yon zanj Bondye vin bò kote li, ki di l: «Kònèy.» <sup>4</sup> Li te fikse je l sou li, epi yon laperèz pran l. Li di: «Sa ki genyen Granmèt?» Zanj lan reponn li: «Lapriyè w yo, ak lacharite w yo, te monte bò kote Bondye ki fè li sonje w. <sup>5</sup> Kounye a, voye moun Jope al chèche Simon, yo rele Pyè a. <sup>6</sup> Li fè ladesant kay Simon ki konn tannen po a. Kay li bò lanmè a.» <sup>7</sup> Apre zanj ki te pale ak li a fin ale, li rele de nan sèvitè li yo ak youn nan sòlda sekirite li yo, youn ki te sèvitè Bondye. <sup>8</sup> Li esplike yo tout bagay, epi li voye yo Jope. <sup>9</sup> Nan demen, antan nèg sa yo te nan chemen, prêt pou rive lavil la, Pyè monte sou teras kay la pou li lapriyè, vè midi konsa. <sup>10</sup> Twouve, li santi l grangou, epi li te anvi manje. Antan yo t ap pare manje pou li, lespri l pèdi tè. <sup>11</sup> Li wè syèl la louvri, epi yon bagay ki sanble ak yon gwo nap yo mare nan kat bout, t ap file desann sou tè a.

pwòp. Lalwa Moyiz la te mete mi sa a nan mitan pèp yo, men lakwa Jezi Kri a te kraze barye sa a nèt.

**10,1-13:** *Te gen yon nèg nan lavil Sezare yo rele Kònèy. Li te santiryon yon batayon lame yo rele Italik. Santiryon se te yon chèf lame women ki alatèt 100 sòlda. Kònèy se te yon Women ki te renmen reliyion Jwif yo, men li pa t vle yo fè sikonsizyon sou kò li.*

**10,14:** *Pyè reponn: «Jamè, Granmèt, paske mwen pa janm manje sa ki pa bon, bagay ki pa pwòp.» Jwif yo te gen de gwo baryè ki te bare tèt yo epi ki te anpeche yo viv alèz ak moun etranje yo: yo pa kapab manje kèk manje yo te gade pou manje ki pa pwòp (Levitik 11); epi Lalwa a ki pa pèmèt yo melanje ak etranje. Si Legliz kretyen an te kenbe de prensip kiltirèl sa yo, li pa ta kapab sòti kite kilti Jwif la pou li ale pote Levanjil la bay pèp etranje yo. Men Bondye menm te kraze baryè sa yo, paske li vle pou tout moun jwenn piyay lavi nan Pitit li Jezi Kri.*

<sup>12</sup> Ladan l, te gen tout kalite bét kat pye, bét ki trennen atè ak zwazo syèl la. <sup>13</sup> Yon vwa di l: «Pyè, leve. Touye, manje.» <sup>14</sup> Men Pyè reponn: «Jamè, Granmèt, paske mwen pa janm manje sa ki pa bon, bagay ki pa pwòp.»

<sup>15</sup> Vwa a di li yon dezyèm fwa ankò: «Sa Bondye pwòpte, pinga w di li pa bon.» <sup>16</sup> Sa te rive fèt twa fwa. Lèfini, yo leve bagay la monte nan syèl touswit.

<sup>17</sup> Antan Pyè te yon jan pèdi, li t ap chèche nan li menm sa vizyon li te genyen an vle di, men nèg Kònèy te voye yo te kanpe devan pòt la, yo t ap mande pou kay Simon. <sup>18</sup> Yo rele, yo enfòme yo pou yo konnen si Simon yo rele Pyè a te fè ladesant la. <sup>19</sup> Antan Pyè t ap reflechi sou vizyon an, Lespri a di l: «Men twa nèg ap chèche w. <sup>20</sup> Leve, desann, ale ak yo, ou pa bezwen fè dout, paske se mwen ki voye yo.» <sup>21</sup> Pyè desann kote nèg yo, li di yo: «Men mwen n ap chèche a. Ki rezon ki fè nou la?» <sup>22</sup> Yo reponn li: «Santiryon Kònèy, yon nèg kòrèk, ki gen krentif pou Bondye, epi tout pèp Jwif la bay bon temwayaj sou li, te resevwa lòd nan men yon zanj ki sen pou li voye chèche w, pou w ale lakay li, pou li koute pawòl ou.» <sup>23</sup> Li fè yo antre, li ba yo ladesant. Nan demen, li leve, li pati ak yo. Kèk nan frè yo, ki moun Jope, te ale ak li. <sup>24</sup> Yon jou apre,

<sup>Lev 11;</sup>  
<sup>Ezk 4,14</sup>

<sup>Jen 1,31</sup>

<sup>Lk 7,4</sup>

Jouk moman sa a Legliz te blayi nan mitan kilti ak abitid Jwif yo. Men depi moman sila a ledven Levanjil la tanmen blayi nan mitan pèp etranje yo. Konsa, gen yon kesyon kretyen t ap poze tèt yo: jous ki pwen yo dwe kontinye ap fè sa Lalwa Moyiz la mande? Eske kretyen yo se yon bann Jwif ki apa, oswa èske li se yon bagay tounèf? Jous ki pwen etranje ki te vle swiv Jezi Kri yo, yo blije fè sa Lalwa Moyiz la mande? Eske kilti moun ki sòti nan lòt pèp yo anpeche moun swiv Jezi Kri? Sa a se te gwo pwoblèm kominote kretyen yo te dwe regle, epi se pwoblèm sa a ki mennen yo nan sa nou rele «konsil Jerizalèm nan» (Travay 15).

Poutèt sa Legliz dwe gade byen kisa ki nannan Levanjil la, epi konsa li pa kapab chanje l, epi kisa ki soti nan kilti pèp yo epi li ka chanje yo.

**10,19-20:** *Pandan Pyè t ap reflechi sou vizyon an, Lespri a di l: «Men twa nèg ap chèche w.» Se Lespri 'Sen an dirèk dirèk ki te bay Pyè lòd pou l ale ak moun Kònèy te voye chèche l yo.*

yo antre Sezare. Kònèy t ap tann yo. Li te reyini paran l yo ak tout bon zanmi l yo. <sup>25</sup>Lè Pyè t ap antre, Kònèy al rankontre l. Li tonbe atè nan pye l, pou l ba li respè. <sup>26</sup>Men Pyè leve l, li di l: «Leve. Mwen menm tou se moun mwen ye.» <sup>27</sup>Li antre antan l ap pale ak li. Li jwenn yon pakèt moun ki reyini. <sup>28</sup>Li di yo: «Nou konnen kijan yo pa pèmèt yon Jwif fè zanmi oubyen vizite moun lòt ras. Men mwen, Bondye montre m pou mwen pa, ni meprize pèsonn, ni pa di yon moun pa pwòp. <sup>29</sup>Poutèt sa, san mwen pa ezite, nou voye chèche m, mwen vini. Konsa mwen mande pou ki rezon nou voye chèche m.» <sup>30</sup>Kònèy reponn: «Jodi a fè kat jou, depi mwen t ap lapriyè lakay mwen vè twazè. Vwala yon nèg te kanpe devan m ak rad li klere. <sup>31</sup>Li di: 'Kònèy, lapriyè w egzose, epi Bondye sonje lacharite w yo. <sup>32</sup>Voye al chèche nan Jope, Simon, ki gen ti non Pyè a. Li fè ladesant kay Simon ki konn tan-nen po, bò lanmè a.' <sup>33</sup>Touswit mwen voye chèche w. Epi ou menm, ou fè byen pou w vini. Kounye a, men nou tout nou la, devan Bondye, pou nou koute tou sa Granmèt la te kòmande w.»

### Pyè fè yon diskou lakay Kònèy

<sup>DW</sup>  
<sup>10,17</sup>  
<sup>Wm</sup>  
<sup>2,11;</sup>  
<sup>Ef 6,9;</sup>  
<sup>1Pjè</sup>  
<sup>1,17</sup>

<sup>34</sup>Pyè pran lapawòl, li di: «Se vre wi, mwen konprann Bondye pa gen patipri pou pèsonn, <sup>35</sup>men nan tout pèp, moun ki gen krentif pou li, epi ki fè sa ki kòrèk, se li menm li aksepte. <sup>36</sup>Li

**10,28-37:** Li di yo: «Nou konnen kijan yo pa pèmèt yon Jwif fè zanmi oubyen vizite moun lòt ras. Men, mwen menm, Bondye montre m pou mwen pa ni meprize pèsonn ni pa di yon moun pa pwòp.» Premye pa pou evanjelizasyon an ak katechèz la se pou Apot yo rekonèt tout moun ki fè sa ki kòrèk, ki gen lafwa nan Jezi Kri, li kapab fè pati Legliz la kèkanswa ras li.

**10,38-43:** Jezi moun Nazarèt la, kijan Bondye te sakre l ak pouvwa Lespri Sen an. Li t ap mache fè byen, epi li t ap geri tout moun dyab la te kenbe anba pouvwa l, paske Bondye te ak li. Nan fraz sa a Pyè te rezime tout aktivite Jezi Nèg Nazarèt la. Se sa ki nannan aktivite Legliz la tou: fè byen pou tout moun. Sa vle di devlope kapa-site moun yo genyen, pou yo kapab rive viv nan

voye Pawòl li a bay pitit Izrayèl yo nan anonse yo Bon Nouvèl kè poze a, grasa Jezi Kri: se li ki Granmèt tout moun. <sup>37</sup>Nou konnen sa ki pase nan tout Jide, kòmanse depi Galile apre batèm Jan t ap preche a: <sup>38</sup>Jezi moun Nazarèt la, kijan Bondye te sakre l ak pouvwa Lespri Sen an. Li t ap mache fè byen, epi li t ap geri tout moun dyab la te kenbe anba pouvwa l, paske Bondye te ak li. <sup>39</sup>Nou menm nou temwen tou sa li te fè nan peyi Jwif yo ak Jerizalèm. Yo touye l, antan yo te pandye l sou bwa. <sup>40</sup>Bondye leve l byen vivan sou twa jou, epi li te pèmèt li parèt, <sup>41</sup>se pa devan tout pèp la, men devan temwen Bondye te chwazi davans yo, nou menm ki te manje, ki te bwè ak li, apre li te fin leve byen vivan pami mò yo. <sup>42</sup>Li pase nou lòd al preche pèp la, epi sèvi temwen se li menm Bondye mete kòm jij, ni moun k ap viv, ni moun ki mouri. <sup>43</sup>Se li tout pwofèt yo sèvi temwen, konsa, tout moun ki kwè nan li, ap jwenn padon pou peche li yo nan non li.»

### Batèm premye moun ki pa sòti nan ras Jwif la

<sup>8,16;</sup>  
<sup>19,5</sup>

<sup>Wm</sup>  
<sup>5,5;</sup>  
<sup>8,36</sup>

<sup>13,39;</sup>  
<sup>15,9;</sup>  
<sup>Lk</sup>  
<sup>24,47</sup>

<sup>44</sup>Antan Pyè t ap di tout Pawòl sa yo, Lespri Sen an tonbe sou tout moun ki t ap koute Pawòl la. <sup>45</sup>Fidèl ki te vin ak Pyè yo, ki sòti pami moun yo te fè sikonsizyon yo, te sezi paske kado Lespri Sen an te vide ata sou pèp etranje yo. <sup>46</sup>Reyèlman vre moun sa yo

yon rapò moun ak moun ki chita sou jistis ak egalite, ki batì yon sosyete dapre volonté Bondye.

**10,44:** Antan Pyè t ap di tout pawòl sa yo, Lespri Sen an tonbe sou tout moun ki t ap koute Pawòl la: Nan Travay 2,1-12 nou te wè Lapannek pou kreyen Jwif yo. Kounye a Lik vle montre pa gen okenn diferans ant Jwif ak etranje yo. Yo tout egal ego devan Bondye. Etranje yo tou te resevwa Lespri Sen an, lè yo tandè Pawòl la. Sa vle di yo te aksepte Levanjil la, epi yo te pran angajman pou li. Bondye aji nan moun anvan yo resevwa batèm. Batèm nan se sakremman ki montre yon moun fè pati pèp Bondye a. Men Bondye rete lib devan Legliz la tou. Sa ki sèten, Bondye pa aji sèlman nan Legliz la, men

te tande y ap pale lòt lang, epi y ap rakonte jan Bondye gran. Konsa Pyè pran lapawòl: «Kilès ki kapab refize moun sa yo dlo batèm lan, yo menm ki resevwa Lespri Sen an menm jan ak nou?»<sup>48</sup> Li pase lòd batize yo nan non Jezi Kri. Se konsa yo mande l pase kèk jou ak yo.

### Pyè bay esplikasyon sou jan li te aji

**11** <sup>8,14;  
15,7  
Gal 2,12</sup> Apot yo ak frè yo ki te Jide tandé ata pèp etranje yo te resevwa Pawòl Bondye. <sup>2</sup>Lè Pyè monte Jerizalèm, sila yo te fè sikonsizyon yo a, fè li repwòch, <sup>3</sup>yo di li: «Apa w ale kay moun yo pa fè sikonsizyon pou yo, epi w manje ak yo.» <sup>4</sup>Pyè kòmanse esplike yo an detay, li di: «<sup>5</sup>Mwen te Jope, mwen t ap lapriyè, lespri mwen pèdi tè, mwen vin gen yon vizyon: yon bagay tankou yon gwo nap ki mare nan kat bout t ap desann sòti nan syèl la rive jis bò kote mwen. <sup>6</sup>Mwen gade sa ki te anndan l ak anpil atansyon. Mwen wè bét kat pye ki sou tè a, bét sovay, bét ki trennen atè ak zwazo syèl yo. <sup>7</sup>Mwen tande yon vwa ki di mwen: ‘Leve Pyè, touye, manje.’ <sup>8</sup>Mwen reponn: ‘Jamè, Granmèt, sa ki pa bon ou ki pa pwòp pa janm antre nan bouch mwen.’ <sup>9</sup>Vwa a pale yon dezyèm fwa nan syèl la. «Sa Bondye fè vin pwòp pinga w di li pa bon.» <sup>10</sup>Sa pase twa

sou tout tè a. Men Legliz la gen kòm misyon espesyal bay pawòl Levanjil la yo te konfye l pou l bay tout moun sou tè a.

Se pa t Kònèy sèlman ak fanmi li ki te touuen vin jwenn Jezi Kri, se Pyè ak kèk lòt kreyen ebre tou ki te chanje mantalite yo pou yo kite etranje yo antre nan Legliz Jezi Kri a. Konsa Legliz la te kòmanse pran distans ak pèp Jwif la.

Jodi a, Pap la ak Evèk yo envite nou fè yon pa annavan epi fè dyalòg ak tout moun.

**11,1-18:** Apot yo ak frè yo ki te Jide tandé ata pèp etranje yo te resevwa Pawòl Bondye: Legliz Jerizalèm te kritike sa Pyè te fè nan kay Kònèy la. Pyè rakonte yo tou sa li te fè ak sa Bondye te fè pou kont li, lè l te voye Lespri Sen an bay etranje yo, san Pyè pa fè anyen pou sa. Li fini esplikasyon li a ak yon gwo kesyon: «Sa mwen ye pou mwen ta kapab kontrarye Bondye?»

Toutan epi tout kote gen kreyen ki pa dakò ak lòt yo ki vle ouvri pòt Legliz la pou moun

fwa, epi yo rale tout bagay al nan syèl ankò. <sup>11</sup>Vwala menm lè sa a, twa nèg vin parèt devan kay kote nou te ye a, yo te voye yo kote m sòti Sezare. <sup>12</sup>Lespri a di m ale ak yo, san mwen pa fè dout. Sis frè sila yo te ale ak mwen. Nou antre lakay nèg la. <sup>13</sup>Li rakonte nou kijan li te wè yon zanj kanpe ann dan kay li ki di l: ‘Voye al chèche nan Jope, Simon ki gen ti non Pyè a. <sup>14</sup>Li va di w pawòl ki va sove ni ou, ni tout fanmi w.’ <sup>15</sup>Kou mwen te tanmen pale, Lespri Sen an tonbe sou yo, menm jan li te tonbe sou nou nan kòmansman an. <sup>16</sup>Mwen vin sonje Pawòl Granmèt la, jan li te di li a: ‘Jan te batize nan dlo, men nou menm nou pral resevwa batèm nan Lespri Sen.’ <sup>17</sup>Si Bondye ba yo menm kado ak nou, nou menm ki te kwè nan Granmèt Jezi Kri, sa mwen ye pou mwen ta kapab kontrarye Bondye?» <sup>18</sup>Lè yo fin tande sa, yo pa di anyen ankò. Yo bay Bondye glwa antan yo t ap di: «Gade non, Bondye fè ata pèp etranje yo chanje kè yo pou yo jwenn lavi.»

<sup>1,5;  
Jn  
14,26</sup>

<sup>14,27;  
17,30;  
26,20</sup>

### Kijan Legliz la te kòmanse Antyòch

<sup>19</sup>Moun sa yo ki te gaye apre boulvès ki te gen apre afè Etyèn lan, yo te rive jis Fenisi, Chip ak Antyòch. Yo pa t pote Pawòl la bay pèsonn, sòf bay Jwif yo sèlman. <sup>20</sup>Men pamì yo te gen

lòt anbyans, lòt kilti osinon lòt kondisyon sosyal antre nan Legliz la. Bagay sa a toujou anpeche Legliz la evanjelize kilti yo kòm sa dwa.

**11,19-26:** ...Te gen kèk nèg moun Chip ak moun Sirèn ki te rive Antyòch... Nan lavil sa a te genyen yon kominate Jwif ki enpòtan anpil. Yo te pote Bon Nouvèl la bay Jwif yo anpremye, men yo preske pa reyisi. Sèlman lè kèk kreyen elenis ki te sòti Chip ak Sirèn te rive Antyòch, yo te kòmanse bay etranje yo Bon Nouvèl la tou. Kòm yo te konn pale lang grèk epi yo te genyen kilti grèk la tou, yo pa t gen pwoblèm pou yo te pote mesaj la bay moun grèk yo dirèk dirèk. Nan Antyòch kreyen yo te batí yon kominate ki pa t genyen rapò ak reliyon Jwif la ditou. Epitou yo te fè sa ak pouvwa Lespri Sen an.

Apati moman yo te fonde kominate Antyòch la, li te vin yon sant evanjelizasyon ki enpòtan

kèk moun Chip, ak moun Sirèn ki te rive Antyòch. Yo t ap pale ak Grèk yo tou. Yo te anonse yo Bon Nouvel Granmèt la, Jezi. <sup>Lk 1,66</sup> <sup>21</sup>Fòs ponyèt Granmèt la te ak yo. Gen anpil ki te kwè epi ki kase tèt tounen vin jwenn Granmèt la. <sup>22</sup>Nouvèl koze sa yo rive nan zòrèy Legliz Jerizalèm lan. Yo voye Banabe <sup>4,36</sup>jis Antyòch. <sup>23</sup>Lè li rive, li wè favè Bondye fè, li kontan. Li ankouraje yo nan desizon yo pran nan kè yo, pou yo kenbe fèm nan Granmèt la. <sup>24</sup>Se te yon moun debyen ki te plen Lespri Sen e plen lafwa. Yon pakèt foul moun te vin jwenn Granmèt la. <sup>9,27</sup> <sup>25</sup>Banabe pati al Tas pou l al chèche Sòl. <sup>26</sup>Li jwenn li, li mennen l Antyòch. Yo pase yon lane antye ansanm ak Legliz la. Yo montre yon pakèt moun anpil bagay. Se Antyòch, pou premye fwa, yo te bay patizan yo pote non «Kretyen».

### Yo voye Banabe ak Sòl Jerizalèm

<sup>21,10</sup> <sup>27</sup>Nan jou sa yo gen pwofèt ki sòti Jerizalèm vin desann Antyòch. <sup>28</sup>Youn

anpil. Se nan Antyòch pou premye fwa kretyen Jwif yo ak kretyen etranje yo te reyini ansanm, te manje ansanm, te fete ansanm, te fè litiji ansanm. Se nan Antyòch yo te resevwa pou premye fwa non «kretyen». Sa vle di kominote kretyen an te kòmanse genyen pwòp idantite l. Nan moman sila a, yo te kòmanse lage reliyon ak kilti Jwif yo, menm si te genyen anpil patizan kretyen-Jwif ki pa t vle wè sa.

**11,27:** *Nan jou sa yo gen pwofèt ki sòti Jerizalèm vin desann Antyòch.* La a se premye fwa Travay Apot yo pale de Pwofèt yo. Legliz la te konn rele pwofèt moun ki te genyen don Lespri Sen an pou yo ede kominote kretyen an reflechi sou Pawòl Bondye a.

**11,27-30:** *Se sa yo fè, epi yo renmèt Banabe ak Sòl li pou Ansyen yo.* Banabe te yon kretyen ki konnen sa pataj byen yo vle di (Al gade Travay <sup>4,36-37</sup>). Li te fè katechèz pou grèk, ki te fè pati kominote Antyòch la. Yo mènm y ap pataje byen yo ak kretyen pòv ki te nan Jerizalèm yo, nan yon épòk ki te gen grangou, lè Klòd te lanprè Wòm, lane 46-49. Se pa sélman anndan yon menm kominote yo pataje byen yo. Yo fè solidarite ak lòt kominote yo tou. Solidarite sa a te espirityèl ak ekonomik.

**12,1:** *Se menm lè sa a, wa Ewòd leve men l sou kèk manm Legliz la pou li maltrete yo.* Dezyèm pèsèkisyon sa a frape kominote kretyen

pami yo, ki te rele Agabis, leve pou anonse, grasa Lespri Sen an, gen yon michan grangou, ki pral rive sou tout fas tè a. Sa te rive sou reny Klod. <sup>29</sup>Patizan yo, chak moun, selon mwayen yo, te fikse ki valè pou yo voye, pou ede frè ki abite Jide yo. <sup>30</sup>Se sa yo fè, epi yo renmèt Banabe ak Sòl li pou Ansyen yo.

<sup>Gal 2,10;</sup>  
<sup>Wm 15,26;</sup>  
<sup>2Kor 8,9</sup>

<sup>12,25</sup>

### Yo arete Pyè men Bondye delivre 1

**12** <sup>1</sup>Se menm lè sa a, wa Ewòd leve men l sou kèk manm Legliz la pou li maltrete yo. <sup>2</sup>Li touye Jak, frè Jan, ak manchèt. <sup>3</sup>Lè li wè sa fè Jwif yo plezi, li fè piplis toujou, ata Pyè li fè arete. Se te jou yo manje pen san ledven yo. <sup>4</sup>Li fè pran li mete nan prizon. Li bay kat eskwad sòlda gade l. Nan chak eskwad te gen kat sòlda. Li te vle mennen l bay pèp la apre fêt Pak la. <sup>5</sup>Konsa yo t ap kenbe Pyè byen nan prizon an. Legliz la t ap lapriyè san rete pou li. <sup>6</sup>Lè pou Ewòd te fè l parèt devan li a te pre rive. Lannwit sa a Pyè t ap

<sup>Mk 10,35</sup>  
<sup>Lk 22,1</sup>

<sup>5,19;</sup>  
<sup>16,25</sup>

an toutantye, ni kretyen ebre yo, ni kretyen Elenis yo.

Wa Ewòd Agrip I, pitit pitit premye Ewòd la te gouvènen Palestin depi lane 41 jouk lane 44. Li te fè touye Apot Jak, pitit Zebede a, epi li te fè mete Pyè nan prizon pou l fè Chèf Jwif yo plèzi. Jak se premye mati nan mitan apot yo. Konsa, li te rive bwè gode soufrans lan dapre sa Jezi te gen tan anonse l (Mak 10,38).

Nan kominote Jerizalèm nan, nan gwoup Ebre yo, te gen de moun ki te rele Jak: te gen Apot Jak, frè Jan an, pitit Zebede a, epi te gen Apot Jak, pitit Alfe a, yo rele l «frè Jezi a» (Matye 10,3 ; Galat 1,19).

– Apot Jak, pitit Zebede a, «Jak Majè», li te nan Jerizalèm depi lane 30 rive lane 43/44, lè Wa Ewòd Agripa 1, te fè touye l.

– Lè Pyè te kite Jerizalèm se Jak, «frè Jezi a», ki te rete alatèt kominote a (Travay 12,17). Nan 1 Korent 15,7 Pòl sonje yon tradisyon ki di Jezi leve byen vivan te fè Jak wè l. Epitou nan 1 Korent 9,5 Pòl prezante frè Jezi yo kòm misyonè tou. Lane 62, Jwif yo te touye Jak, frè Jezi a.

**12,6-11:** *Lè li vin rekònèt li, l al lakay Mari, manman Jan yo bay ti non Mak.* Evènman sa a prezante finisman premye etap listwa premye kominote kretyen yo. Apot yo sòti kite Jerizalèm pou y al pote Bon Nouvel la bay pèp etranje yo.

dòmi nan mitan de sòlda. Yo te mare l ak chenn. Te gen sòlda ki t ap veye pòt prizon an. <sup>7</sup>Men vwala yon zanj Granmèt la vin parèt. Li klere prizon an. Li frape Pyè bò kòt li. Li reveye l. Li di l: «Leve vit.» Chenn yo tonbe sòti nan men li. <sup>8</sup>Zanj lan di l konsa: «Mare senti w, mete sandal ou.» Li fè sa. Epi li di li ankò: «Mete manto w, swiv mwen.» <sup>9</sup>Li swiv li, li sòti. Li pa t konnen si se te vre sa ki t ap pase ak zanj lan. Li kwè se yon vizyon li te fè. <sup>10</sup>Yo pase premye pòs la, yo pase dezyèm nan, yo rive devan baryè fè ki mennen lavil la. Li louvri pou kont li devan yo. Yo sòti, yo mache jis nan bout lari a. Menm lè a zanj lan pati kite l. <sup>11</sup>Pyè antre nan li menm, li di: «Kounye a mwen konnen toutbon Granmèt la voye zanj li an, pou l wete mwen anba men Ewòd, ak anba tou sa pèp Jwif la t ap tann lan.» <sup>12</sup>Lè l vin rekonèt li, l al lakay Mari, manman Jan yo bay ti non Mak. La, te gen anpil moun ki te reyini pou lapriyè. <sup>13</sup>Li frape nan pòt devan an. Yon sèvant, yo rele Wod, sòti pou li reponn. <sup>14</sup>Li rekonèt se vwa Pyè, men li tèlman kontan li pa louvri pòt la. Li kouri antre pou li anonse Pyè te devan pòt la. <sup>15</sup>Yo di l: «Ou pa byen nan tèt» Men li menm li plede pou li di wi, se konsa. Yo reponn li: «Se bon zanj li.» <sup>16</sup>Men Pyè te kontinye ap frape. Lè yo louvri, yo wè se li, yo sezi. <sup>17</sup>Li fè yo siy ak men li pou yo pe, epi li mete rakonte yo kijan Granmèt la te fè li sòti nan prizon an. Li di yo:

<sup>15,13;</sup>  
<sup>21,18;</sup>  
<sup>1Kor</sup>  
<sup>15,7</sup>

«Anonse Jak ak frè yo sa.» Epi li sòti, l ale yon lòt kote. <sup>18</sup>Lè li fè jou te gen yon latwoublay ki pa t piti nan mitan sòlda yo sou sa Pyè te tounen. <sup>19</sup>Lè Ewòd voye chèche l, li pa jwenn li. Li mande sòlda yo kesyon, epi li fè touye yo. Apre sa, li desann sòti Jide pou l al pase kèk jou Sezare.

<sup>16,27;</sup>  
<sup>27,42</sup>

### Lanmò wa Ewòd

<sup>20</sup>Li te fache ak moun Ti, epi ak moun Sidon. Yo mete ansanm pou yo vin bò kote l. Yo pran tèt Blastis ki te reskonsab chanm wa a, yo mande lapè paske peyi yo t ap viv sou kont peyi wa a. <sup>21</sup>Nan jou ki te fikse a, Ewòd abiye ak rad wa li, li chita sou yon estrad pou li fè yon diskou ba yo. <sup>22</sup>Pèp la t ap rele: «Sa a se vwa yon bondye, se pa vwa moun.» <sup>23</sup>La pou la, yon zanj Granmèt la frape li, paske li pa t bay Bondye glwa. Li te vin plen yon pakèt vè ki t ap devore l, epi li mouri.

<sup>14,15;</sup>  
<sup>2Mkb</sup>  
<sup>9,12</sup>

<sup>2K</sup>  
<sup>19,35;</sup>  
<sup>2Mkb</sup>  
<sup>9,5</sup>

### Banabe ak Sòl tounen Antyòch

<sup>24</sup>Pawòl Granmèt la t ap gaye epi li t ap miltipliye. <sup>25</sup>Apre Banabe ak Sòl te fin akonpli misyon yo nan Jerizalèm, yo retounen. Yo te mennen ak yo Jan ki gen ti non Mak.

<sup>19,20</sup>  
<sup>11,29</sup>

### Yo voye Banabe ak Sòl nan misyon

**13** <sup>1</sup>Nan Legliz ki Antyòch la te gen pwofèt ak pwofesè, tankou Banabe, Simeyon, sa yo rele ti Nwè a, Lisiyis, moun Sirèn, Manayèn, ki grandi ansanm ak Ewòd, sila a ki t ap kòmande sou yon ka peyi a, epi Sòl.

nò Lafrik. Te gen Manayèm ki te grandi ak wa Ewòd. Epi te gen Sòl, yon Farizyen ki te fèt lavil Tas. Se te yon pakèt moun ki te sòti nan divès kwen Lanpi Women an, epi ki te gen divès kilti. Kominote sa a montre nou kouman Levanjil Jezi Kri a kapab fèt ak moun divès pèp ak divès kilti, pou fè yon sèl kò.

Pwofèt yo, fanm kou gason (Travay 21,4), te genyen gwo otorite nan kominote yo. Otorite yo te sanble anpil ak otorite Apot yo te genyen (1Kor 12,28; Ef 2,20). Pwofesè yo te gen pou misyon montre kominote a tout bagay sou lafwa ak moral. Tout sa yo te montre te sòti nan Bib la: poutèt sa, Pwofesè yo te konnen Bib la byen.

**12,17**: «Anonse Jak ak frè yo sa.» Epi li sòti, li ale yon lòt kote. Lè Pyè te sòti kite Jerizalèm, Jak, «frè Jezi a» te rete alatèt kominote Jerizalèm nan.

**12,19**: Li mande sòlda yo kesyon epi li fè touye yo. Dapre Lalwa Women an, gadyen yo te dwe sibi menm pinisyon yo te gen pou yo bay prizonye yo, paske yo te kite yo sove.

**13,1**: Nan Legliz ki Antyòch la te gen pwofèt ak pwofesè... Te gen 5 gason ki alatèt Kominote Antyòch la. Te gen Banabe. Te gen Simeyon yo bay ti non «ti Nwè a», sa vle di se yon moun ras nwa li ye. Te gen Lisiyis, ki te sòti nan Sirèn, nan

<sup>2</sup>Pandan yo t ap fè sèvis Granmèt la epi yo t ap fè jèn, Lespri Sen an di konsa : «Mete Banabe ak Sòl apa pou mwen pou travay mwen rele yo pou y al fè a.» <sup>3</sup>Se konsa apre yo te fin fè jèn epi yo fin lapriyè, yo poze men sou yo, yo kite yo ale.

### Vizit Chip—Elimia yon nèg ki te konn fè maji

<sup>11,20</sup> <sup>4</sup>Kanta yo menm, apre Lespri Sen an te fin voye yo ale, yo desann Selesi, <sup>12,12;</sup> epi yo fè vwal pou Chip. <sup>5</sup>Lè yo rive <sup>12,25</sup> Salamin, yo anonse Pawòl Bondye a nan sinagòg Jwif yo. Yo te gen Jan ak <sup>8,9</sup> yo pou ede yo. <sup>6</sup>Yo fè tout tou zile a nèt jis Pafòs. Yo rankontre yon nèg ki te konn fè maji, yon fo pwofèt Jwif. Non li se te Bajezi. <sup>7</sup>Li te nan lantouraj pwokonsil Sèjyis Pawoulis, yon nèg entelian, ki te fè rele Banabe ak Sòl, paske li te vle tandem Pawòl Bondye a. <sup>8</sup>Eli-mas, nèg ki konn fè maji a, te kenbe tèt ak yo (se sa menm non li vle di). Li t ap eseye detounen pwokonsil la pou li pa gen Lafwa. <sup>9</sup>Sòl (se li menm yo rele Pòl) ki te plen Lespri Sen an, fikse je l

sou li, <sup>10</sup>li di l: «Ou menm ki plen riz ak fent, ptit dyab la, ou se lènmi tou sa ki kòrèk, ou pa sispann devire chemen Granmèt yo ki dwat? <sup>11</sup>Kounye a, gade, men Granmèt la sou ou. Ou pral avèg, ou p ap wè solèy la pou yon tan.» La pou la, yon bouya ak yon fènwa tonbe sou li. Li pran fè laviwonn ap chèche moun pou kenbe men l. <sup>12</sup>Lè pwokonsil la wè sa ki rive, li vin gen Lafwa paske sa Granmèt la te montre li a, te touche l anpil.

<sup>Oze  
14,10</sup><sup>Dtw  
28,29</sup>

### Yo rive Antyòch nan zòn Pisidi

<sup>13</sup>Pòl ak moun ki te ak li yo anbake kite Pafòs pou yo rive Pèje ki nan Panfilii. Jan kite yo pou li retounen Jerizalèm. <sup>14</sup>Men yo menm, lè yo sòti Pèje yo pouse pou pi lwen, yo rive Antyòch nan Pisidi. Jou saba a, y al nan sinagòg la, epi yo chita. <sup>15</sup>Apre yo te fin li nan Lalwa a ak nan pwofèt yo, chèf sinagòg yo voye di yo konsa : «Mesye frè nou yo, si nou gen kèk pawòl pou remonte pèp la, nou mèt di l.» <sup>16</sup>Pòl kanpe, li fè siy ak men li, li di :

<sup>15,38</sup><sup>Lk  
24,44</sup>

reyalite pèp la. Li mete antrav pou pwokonsil Women an pa ka resevwa Lafwa nan Jezi Kri. Maji a se yon bagay moun konn sévi avè l pou li twonpe pèp la. Maji a fè moun pèdi libète li. Men fòs Levanjil la pi fò pase maji a. Li gen fòs pou l delivre moun ki anba nenpòt ki chenn.

**13,9 :** Sòl (se li menm yo rele Pòl) ki te plen Lespri Sen an, fikse je li sou li: Sòl chanje non li ki sòti nan lang Jwif la, epi li mete non Pòl ki sòti nan lang laten. Chanje non vle di chanje misyon. Pòl vle al pote Bon Nouvel la bay moun pèp etranje yo. Pou li, ki te sitwayen Women an, sa a se te yon pa anplis pou li antre tèt li nan kilti etranje yo.

**13,13 :** Lè yo rive Pèje, Mak te bandonnen yo: Eske li pa t dakò ak plan misyon Pòl te genyen an? Eske li te kouri poutèt pèsekisyon? Antouka, Mak, oswa Jan, retounen lakay li.

**13,14-15 :** Yo rive Antyòch nan Pisidi. Pòl ak Banabe te pase gwo mòn yo epi yo rive nan Antyòch Pisidi a, peyi Tiki kounye a. Jan yo te konn fè a, yo te ale nan sinagòg la. Nan tout vil ki enpòtan te genyen gwoup Jwif yo, epi yo te reyini nan sinagòg chak samdi. Nan reyinyon sa yo, yo te konn chante Sòm yo epi yo li Bib la (Ansyen Kontra a). Apre lekti Bib la, youn osinon de moun ki reskonsab sinagòg la te preche. Se nan moman sa a, yo pase kòn nan bay Pòl, pou

**13,2 :** Lespri Sen an di konsa : «Mete Banabe ak Sòl apa pou mwen pou travay mwen rele yo pou yo ale fè a» Nou wè jan Legliz Antyòch te byen organize. Li gen bon jan patisipasyon. Moun patate pouwva a epi se kominate a ki pran dezisyon yo, nan yon anbyans lapriyè. Lè misyon an fini, misyonè yo tounen nan pye kominate a pou yo ba li rapò sou sa yo te fè epi pou yo gade rezilta travay la ansanm. Sa vle di se kominate a ki reskonsab misyon an (An nou gade Travay 14,27).

**13,4 :** Jwif yo te gen dwa vwayage nan tout lanpi Women an. Lil Chip se te lakay Banabe. Menm si kominate a te voye yo pou y al bay etranje yo Bon Nouvel la, Banabe ak Sòl te kòmanse ak Jwif ki te nan sinagòg yo. Li ta posib se paske yo pa t konprann yo dwe pote Pawòl Bondye a bay etranje yo dirèk dirèk. Li ta posib tou yo te pito kòmanse ak moun ki gen menm kilti ak yo, epi ki konnen Ansyen Kontra a. Antouka, se te nan mitan etranje yo, yo jwenn pi fò patizan yo, epi se te nan mitan Jwif yo, yo jwenn pi gwo difikilte yo.

**13,8 :** Li t ap eseye detounen pwokonsil la pou li pa gen Lafwa : Pwokonsil se te yon Majistra ki te gouvènen yon pwovens Women.

Elima, nèg ki konn fè maji a, te kenbe tèt ak yo ... Non Elima a vle di «moun ki simaye divizyon». Li vle anpeche fòs Levanjil la chanje

**Prèch Pòl Antyòch nan Pisidi**

«Pitit Izrayèl yo ak nou menm ki gen krentif pou Bondye, koute: <sup>17</sup>Bondye pèp Izrayèl sa a te chwazi zansèt nou yo, epi li te fè pèp la grandi pandan toutan li te pase nan peyi Lejip la, lèfini li te leve bra l, pou l fè l sòti ladan l. <sup>18</sup>Pandan prèske karant lane li te pran swen yo nan dezè a. <sup>19</sup>Apre li te fin detwi sèt nasyon nan peyi Kanaran, li te ba yo tè sa a pou eritaj. <sup>20</sup>Katsansenkant lane konsa apre, li te ba yo jij, jis rive sou pwofèt Samyèl. <sup>21</sup>Apre sa yo mande yon wa. Bondye ba yo Sayil, pitit Kich, moun ras Benjamen, pou karant lane. <sup>22</sup>Epi li wete l, li fè David monte kòm wa pou yo. Apre sa li bay temwayaj sa a sou li, li di: ‘*Mwen jwenn David, pitit Jese, se yon nèg san mwen ale ak li*, ki pral fè tou sa mwen vle.’ <sup>23</sup>Se nan desandans li, Bondye, dapre pwomès li, te fè yon Sovè sòti pou Izrayèl, se Jezi. <sup>24</sup>Anvan li te rive, Jan te preche tout pèp Izrayèl la yon batèm, dekwa pou li chanje kè li. <sup>25</sup>Lè Jan te rive nan bout chemen l, li di: ‘Sa nou kwè mwen ye a, se pa sa. Men, gade, gen sila a k ap vini apre mwen an, mwen pa merite wete sapat la nan pye l.’ <sup>26</sup>Frè m yo, pitit ras Abraram, ak nou menm ki gen krentif pou Bondye, se pou nou yo voye pawòl delivrans sa a. <sup>27</sup>Reyèlman vre, moun ki abite Jerizalèm yo, ansanm ak chèf yo, lè yo te kondane Jezi, yo te reyalize, san yo pa t konnen, pawòl pwofèt yo n ap li chak jou saba a. <sup>28</sup>Paske san yo pa jwenn nan li okenn kòz ki merite lanmò, yo te mande Pilat pou li touye l.

li pale. Vizit sa a sanble anpil ak sa Jezi te fè lè l te ale Nazarèt la (Lik 4,16-30).

**13,16-18:** *Pitit Izrayèl yo ak nou menm ki gen krentif pou Bondye, koute... Nannan katechèz sa a se: Bondye sove nou nan Jezi Kri.* Ansyen Kontra a te genyen yon pakèt pwomès Bondye te fè pèp Izrayèl yo. Bondye konnen pwomès se dét, poutèt sa li reyalize tout pwomès li yo nan Jezi Kri (An n fè konparezon ak katechèz Pyè te fè a: Travay 10,34-43).

<sup>29</sup>Lè yo te fin fè tou sa ki ekri sou li a, yo wete l sou bwa a, epi yo mete l nan yon kavo. <sup>30</sup>Men Bondye leve li byen vivan pamì mò yo. <sup>31</sup>Pandan plizyè jou li te parèt devan sila yo ki te monte ak li sòti Galile ale Jerizalèm. Se yo menm, jis kounye a, ki sèvi li temwen devan pèp la. <sup>32</sup>Nou menm, nou vin pote Bon Nouvèl la ban nou, pwomès yo te fè zansèt nou yo, <sup>33</sup>pwomès sa a, Bondye reyalize l nèt pou nou menm pitit yo, nan leve li leve Jezi byen vivan, dapre sa ki ekri nan dezyèm sòm lan:

<sup>3,13</sup>

*Ou se ptit mwen,  
se mwen menm ki fè w jodi a.*

<sup>34</sup>Bondye leve l byen vivan pamì <sup>Iz 55,3</sup> mò yo, pou li pa janm kapab tounen pouriti ankò, se sa menm li te di: ‘*Bagay sakre ki pou David yo, bagay sa yo ki sèten an, m ap ban nou yo.*’ <sup>35</sup>Se pou sa li di yon lòt kote: ‘*Ou p ap kite sila a ou mete apa a tounen pouriti.*’ <sup>36</sup>Yon kote, David, apre li te fin fè volonte Bondye nan tan li t ap viv la, mouri, epi l al jwenn zansèt li yo, li tounen pouriti. <sup>37</sup>Yon lòt kote, sila a Bondye leve byen vivan an, li pa tounen pouriti. <sup>38</sup>Se pou nou konnen sa byen, frè m yo, se grasa li menm yo anonse nou padon pou peche nou yo. Ak tou sa ki nan Lalwa Moyiz lan, nou pa t kapab vin kòrèk, <sup>39</sup>men nan li menm, tout moun ki kwè vin kòrèk. <sup>40</sup>Fè atansyon pou sa pwofèt yo te di a pa rive:

<sup>2,39;  
Sòm  
2,7;</sup>

<sup>Eb 1,5;  
5,5</sup>

<sup>Sòm  
16,10</sup>

<sup>Wm  
3,21</sup>

<sup>Wm  
1,16</sup>

*Gade, bann meprizan,  
se pou nou sezi, se pou nou disparèt.*

<sup>Abk 1,5</sup>

**13,34:** *Bondye leve l byen vivan pamì mò yo, pou li pa janm kapab tounen pouriti ankò...* Pòl vle montre kouman tout Ansyen Kontra a te pale sou lanmò ak leve byen vivan Jezi a. Se nan li tout pwomès Bondye te fè pèp Izrayèl la yo te reyalize nèt.

Kanta pou nou menm, nou pa dwe kontinye rakonte Levanjil kòm yon bagay ki te pase lontan lontan. Levanjil Jezi, Nèg Nazarèt la, ak fòs Lespri Sen an, kontinye aji chak jou nan lavi moun. Fòk nou aprann wè aktivite Bondye nan evènman lavi nou tou.

*Travay m ap fè nan tan pa nou yo,  
se yon travay nou pa ta kwè si yo te  
rakonte nou li.’’*

<sup>11,23;</sup> <sup>14,22;</sup> <sup>17,5;</sup> <sup>18,6;</sup> <sup>28,17</sup> <sup>Iz 49,6</sup> <sup>10,2</sup> <sup>42</sup> Lè yo sòti, yo mande yo pou yo pale sou menm kesyon sa yo nan lòt saba k ap vini an. <sup>43</sup> Lè reyinyon an te fini, anpil Jwif ak anpil etranje konvèti Jwif, ki t ap sèvi Bondye, te akonpaye Pòl ak Banabe. Yo menm yo t ap pale ak yo, yo t ap ensiste pou yo rete nan favè Bondye fè yo a. <sup>44</sup> Nan lòt saba a, se prèske tout lavil la ki te reyini pou koute Pawòl Bondye a. <sup>45</sup> Lè Jwif yo wè foul moun sa yo, yo te plen jalouzi, yo t ap plede demanti Pòl ak vye pawòl derespektan nan tou sa l t ap di. <sup>46</sup> Pòl ak Banabe di yo ak konviksyon: «Li te nesesè pou se nou menm an premye nou te anonse Pawòl Bondye a, men piske nou rejte I, epi nou jije nou pa merite lavi ki p ap janm fini an, konsa n ap vire al jwenn pèp etranje yo, <sup>47</sup> jan Granmèt la mande pou nou fè a:

*Mwen mete w limyè pou pèp etranje yo, pou ou tounen yon delivrans, jis nan dènye bout tè a.»*

<sup>48</sup> Lè pèp etranje yo tandé sa, yo kontan. Yo bay Pawòl Granmèt la glwa. Tou sa ki te déjà nan ran pou yo jwenn lavi ki p ap janm fini an, yo vin kwè.

<sup>49</sup> Pawòl Granmèt la simaye nan tout zòn lan. <sup>50</sup> Men Jwif yo monte tèt ni me-

**13,42-44 :** Lè reyinyon an te fini, anpil Jwif ak anpil etranje konvèti Jwif, ki t ap sèvi Bondye, te akonpaye Pòl ak Banabe. Nan sinagòg la te gen Jwif ak etranje ki swiv reliyyon Jwif yo. Jwif yo te gade yo kòm kwayan yon ti kras enferyè.

**13,45-48 :** Lè Jwif yo wè foul moun sa yo, yo te plen jalouzi... Lè moun etranje yo konprann yo pa enferyè devan Jwif yo, yo gen gwo kè kontan, epi konsa yo te ale chèche anpil moun ankò pou yo mennen yo nan sinagòg là. Se sa ki te mete Jwif yo an kòlè. Pòl ak Banabe te al kay moun etranje yo. Konsa yon kominate kreyen tounèt te kòmanse ak moun ki pa t Jwif.

**13,48 :** Tou sa ki te déjà nan ran pou yo jwenn lavi ki p ap janm fini an, yo vin kwè: Pawòl sa yo pa vle di moun ki pa t kwè yo te kondane. Non. Li sèlman di Bondye fè kwayan yo yon favè espesyal. Kounye a se yo k ap pote delivrans Bondye a bay lòt yo.

dam lasosyete yo ki sèvi Bondye yo, ni notab lavil yo. Yo leve yon pèseki-syon kont Pòl ak Banabe, yo mete yo deyò nan peyi yo a. <sup>51</sup> Kanta yo menm, yo souke pousyè pye yo sou yo, epi y al lkonyòm. <sup>52</sup> Patizan yo t ap debòde ak kè kontan, epi yo te plen Lespri Sen an.

Lk  
10,11

### Pòl ak Banabe evanjelize Ikonyòm

**14** <sup>Mk  
16,20;  
1Tes  
1,5</sup> <sup>1</sup> Nan lkonyòm, yo fè menm jan, yo antre nan sinagòg Jwif yo. Yo pale yon fason yon kantite foul moun, Jwif tankou Grèk, vin gen lafwa. <sup>2</sup> Jwif yo ki pa t gen lafwa a, yo soulve, yo vire lòlòy pèp etranje yo, mete yo dozado ak frè yo. <sup>3</sup> Pòl ak Banabe te rete lontan la, yo mete konviksyon yo nan Granmèt la, ki t ap bay temwayaj sou favè ki mache ak Pawòl li a, pou jan li te pèmèt mirak ak mèvèy fèt grasa yo. <sup>4</sup> Pèp lavil la te divize: yon pati te pou Jwif yo, yon lòt pati te pou Apot yo. <sup>5</sup> Te gen yon mouvman ki sòti bò kote pèp etranje yo ak Jwif yo, ki te met ansanm ak chèf yo, pou yo maltrete Apot yo epi kalonnen yo. <sup>6</sup> Lè yo vin konn sa, yo kouri wete kò yo, pou y ale nan vil Likawoni, Lis, Dèbe ak ozalantou. <sup>7</sup> Bò la yo tou, yo mete anonse Bon Nouvel la.

### Gerizon yon enfim

<sup>8</sup> Nan Lis te gen yon nèg enfim ki pa

**13,49 :** Pawòl Granmèt la simaye nan tout zòn lan. Lik ajoute yon fraz ki fè nou konprann jan Lespri Sen an travay. Nou kapab di Travay Apot yo se liv ki pale sou chemen Pawòl Bondye a te fè toupatou.

**13,50 :** Men Jwif yo monte tèt ni medam lasosyete yo ki sèvi Bondye yo, ni notab lavil yo: Sa fè nou panse, si rich yo te refize, se malere yo ki te resevwa Bon Nouvel la epi se yo ki gen kè kontan. Yo te plen ak Lespri Sen an nan kè yo.

**14,4-5 :** Te gen yon mouvman ki sòti bò kote pèp etranje yo ak Jwif yo, ki te mete ansanm ak chèf yo, pou yo maltrete Apot yo epi kalonnen yo. Te gen Jwif ki te aksepte Bon Nouvel la epi gen Jwif ki pa t aksepte I ditou. Te gen etranje yo ki te aksepte Bon Nouvel la epi gen etranje ki pa t aksepte I ditou. Pwojè Jezi Kri a toujou kole kriz ak divizyon. Pyès moun pa rete endiferan.

t kapab fè mouvman ak pye l. Li te chita la. Li te enfim depi lan vant manman l. Li pa t janm mache. <sup>9</sup>Li koute Pòl ap pale. Pòl fikse li ak je l, li wè li gen lafwa pou li sove. <sup>10</sup>Li di l byen fò: «Leve, kanpe dwat sou pye w.» Li leve kanpe, epi li pran mache.

<sup>11</sup>Lè foul la wè sa Pòl te fè, li leve vwa li pou li di nan lang moun Likawoni yo: «Bondye yo pran fòm moun pou yo desann bò kote nou.» <sup>12</sup>Yo te rele Banabe Zeyis, yo rele Pòl Èmès, paske se li menm ki te pòt pawòl. <sup>13</sup>Zeyis te gen yon tanp anvan w antre nan lavil la. Prèt li a fè mennen kèk towo bëf ak riban devan pòtay lavil la. Li te vle, ansanm ak pèp la, ofri yon sakrifis.

<sup>Mt 26,65</sup> <sup>14</sup>Lè Apot yo, Banabe ak Pòl, aprann sa, yo chire rad yo, yo kouri antre nan foul la, yo pran rele, <sup>15</sup>yo di: «Mezanni, sa n ap fè la a? Nou menm tou, nou se moun menm jan ak nou, ki vin anponse nou Bon Nouvèl la: Kite vye bagay sa yo ki pa sèvi anyen pou nou kase tèt tounen al jwenn Bondye ki vivan an, Sila a ki te fè syèl la, tè a, lanmè a ak tou sa ki nan yo. <sup>16</sup>Nan tan pase, li te kite tout pèp swiv chemen yo. <sup>17</sup>Malgre sa, li pa manke sèvi tèt li temwen nan tout bon bagay li fè. Depi nan syèl la, li ba nou lapli ak sezon pou plante. Li plen nou ak manje, ak kè kontan.» <sup>18</sup>Malgre yo di tou sa, se toujis yo te rive rete foul la pou yo pa ofri yo yon sakrifis.

Anons Bon Nouvèl la egzije pou moun fè yon chwa: oubyen yo aksepte l'oubyen yo refize l.

**14,12:** Yo te rele Banabe Zeyis, yo rele Pòl Èmès, paske se li menm ki te pòt pawòl. Bondye Zeyis se te pi gran Bondye pou Grèk yo. Se li menm Women yo te rele Jipitè. Èmès se yon lòt bondye. Apot yo anponse Bon Nouvèl Jezi Kri a nan mitan yon sosyete ki te gen anpil zidòl.

**14,19:** Gen Jwif ki te rive sòti Antyòch ak Ikonyòm. Yo pran tèt foul moun yo. Yo kalonnen Pòl epi yo trennen l deyò lavil la. Yo te kwè l mouri. Yo pèsekite kominate kretyen yo paske yo viv Levanjil la epi yo anponse yon delivrans total kapital. Sitou yo vle delivre ti pèp la ki pèdi libète pa l nan zafé zidòl yo. Zidòl se pa sèlman estati fo bondye. Lajan, pouvwa, sèks, kouri

### Travay misyonè yo

<sup>19</sup>Gen Jwif ki te rive sòti Antyòch ak Ikonyòm. Yo pran tèt foul moun yo. Yo kalonnen Pòl epi yo trennen li deyò lavil la. Yo te kwè li mouri. <sup>20</sup>Men patizan li yo fè yon wonn toutotou l, li leve epi li antre lavil la. Nan demen, li pati ak Banabe al Dèbe. <sup>21</sup>Yo anponse Bon Nouvèl la nan vil sa a. Yo fè anpil patizan. Epi yo tounen Lis, Ikonyòm epi Antyòch. <sup>22</sup>Yo bay lespri patizan yo fòs antan y ap ankouraje yo kenbe fèm nan lafwa, paske 'fòk nou pase anpil tribilasyon pou nou antre nan Peyi kote Bondye Wa a.' <sup>23</sup>Yo mete Ansyen pou yo nan chak Legliz. Yo lapriyè, yo fè jèn, apre sa yo renmèt yo bay Granmèt la, Sila a, yo te mete lafwa yo nan li a. <sup>24</sup>Epi yo travèse Pisidi, yo rive Panfil. <sup>25</sup>Apre yo fin anponse Pawòl la Péje, yo desann Atali. <sup>26</sup>Antan yo la, yo fè vwal pou Antyòch, se la yo te renmèt yo nan men Bondye, pou travay yo sot fè a. <sup>27</sup>Rive yo rive, yo reyini Legliz la. Yo rakonte l tou sa Bondye te fè ak yo, epi kijan li louvri pòt lafwa a bay pèp etranje yo. <sup>28</sup>Yo pase yon bon ti tan ak patizan yo.

<sup>7,38;</sup>  
<sup>2Kor 11,25</sup>

<sup>11,23;</sup>  
<sup>13,43;</sup>  
<sup>1Tes 3,3</sup>

13,2

### Gwo diskisyon nan Legliz Antyòch la

**15** <sup>1</sup>Kèk moun ki te desann sòti <sup>Gal 5,3;</sup> <sup>Jen 17,9</sup> Jide t ap montre frè yo anpil bagay konsa: «Si nou pa fè yo fè sikonsizyon pou nou dapre koutim Moyiz la, nou p ap sove.» <sup>2</sup>Sa te mete yon <sup>Gal 2,1</sup>

dèyè onè, tout bagay sa yo yo kapab tounen zidòl epi yo la pou moun adore yo. Tout zidòl bezwen sakrifis. Devan zidòl sa yo, yo sakrifye lavi pèp la, oswa pwòp lavi pa yo.

**14,20:** Men, patizan l yo fè yon wonn toutotou l ... Menm si kominate a nan danje tou, li pa kite Pòl pou kont li.

**15,1-2:** Kèk moun ki te desann sòti Jide t ap montre frè yo anpil bagay konsa: «Si nou pa fè yo fè sikonsizyon pou nou dapre koutim Moyiz la, nou p ap sove.» Yon gwo chire pit blayi nan mitan Legliz la akòz kretyen ki sòti nan pèp Jwif la, ki te kwè se yo sèl ki pèp Bondye te chwazi a. Poutèt sa, tout moun ki vle kretyen fòk yo te fè sa Lalwa Moyiz la te mande. Kretyen Jwif yo te kontinye pratike sikonsizyon, epi yo te kon-

pale anpil ak yon gwo diskisyon ant Pòl e Banabe ak yo. Konsa yo te deside pou Pòl, Banabe, ak kèk lòt pamyo, monte Jerizalèm al pale ak Apot e Ansyen yo sou kesyon sa a. <sup>3</sup> Apre Legliz la te fin di yo orevwa, yo travèse Fenisi ak Samari, yo t ap rakonte konvèsyon pèp etranje yo. Yo te pote yon gwo kè kontan bay tout frè yo.

<sup>14,27</sup> <sup>4</sup> Lè yo rive Jerizalèm, Legliz la, Apot yo, ak Ansyen yo te byen resevwa yo. Yo rakonte yo tou sa Bondye te fè ak yo.

### Gwo reyinyon otorite Legliz la nan Jerizalèm

<sup>11,2</sup> <sup>5</sup> Kèk moun nan pati Farizyen yo ki te vin gen lafwa, te kanpe pou yo pale, yo di: « Se pou yo fè sikonsizyon pèp etranje yo, epi fè yo swiv Lalwa Moyiz la. » <sup>6</sup> Apot ak Ansyen yo reyini pou yo etidye koze sa a.

### Pyè pran lapawòl

<sup>10—11;</sup> <sup>Gal 2,9</sup> <sup>7</sup> Apre anpil diskisyon, Pyè leve, li di yo: « Mesye frè m yo, nou konnen, Bondye te chwazi mwen pamni nou, depi nan kòmansman, pou se nan bouch mwen pèp etranje yo te tande pawòl Bon Nouvèl la, pou yo te kapab kwè. <sup>8</sup> Bondye ki konnen kè tout moun, temwaye an favè yo lè li te ba yo Lespri

tinye swiv tou sa Lalwa te mande nan afè manje yo.

**15,5 :** Kèk moun nan pati Farizyen yo ki te vin gen lafwa, te kanpe pou yo pale, yo di: « Se pou yo fè sikonsizyon pèp etranje yo, epi fè yo swiv Lalwa Moyiz la. » Kretyen Jwif yo ki te sòti nan pati Farizyen yo, te kòmanse bay kretyen etranje yo pwoblèm. Yo ta renmen pou tout kretyen, kit Jwif kit etranje, fè tou sa Lalwa Moyiz la mande, pa egzanp sikonsizyon.

**15,6 :** Apot ak Ansyen yo te reyini pou yo etidye koze sa a: Nou wè enpòtans Ansyen yo te genyen nan Legliz Jerizalèm lan. Yo vini apre Apot yo. Yo te gen gwo otorite nan tout lòt Legliz yo.

**15,7:** Pyè leve, li di yo: « Mesye frè m yo, nou konnen, Bondye te chwazi mwen pamni nou, depi nan kòmansman, pou se nan bouch mwen pèp etranje yo te tande pawòl Bon Nouvèl la, pou yo te kapab kwè. Diskou Pyè te fè nan asanble Jerizalèm nan, enpòtan anpil pou nou konprann bagay tounèf Levanjil Jezi Kri a pote pou nou.

Sen an menm jan li te ban nou li a. <sup>9</sup> Li pa fè okenn diferans ant nou menm ak yo, paske se ak lafwa li pwòpte kè yo. <sup>10</sup> Kounye a, poukisa n ap seye Bondye pou nou mete sou kou patizan yo yon jouk ni zansèt nou yo, ni nou menm pa t kapab pote? <sup>11</sup> Men se grasa favè Granmèt Jezi nou kwè nou sove, menm jan yo menm tou. »

<sup>11,18</sup> <sup>2,16;</sup> <sup>Gal 3,</sup>  
<sup>Mt 11,29</sup> <sup>10-12;</sup>  
<sup>1,16</sup>

<sup>12</sup> Tout moun te rete san pale, epi yo koute Banabe ak Pòl ki t ap rakonte ki kalite mirak ak mèvèy Bondye te fè pou pèp etranje yo grasa yo.

### Jak pran lapawòl

<sup>13</sup> Lè yo pe, Jak pran lapawòl, li di: <sup>12,17;</sup> <sup>21,18</sup>  
« Mesye frè m yo, koute mwen. <sup>14</sup> Simeyon sot esplike kijan, depi nan kòmansman, Bondye te gen lide chwazi pamni pèp etranje yo, yon pèp apa pou Non li. <sup>15</sup> Sa tonbe dakò ak pawòl pwofèt yo, dapre sa ki ekri:

<sup>16</sup> <sup>‘Apre sa, m ap tounen, m ap rebati</sup> <sup>Am 9,</sup>  
<sup>tant David la ki tonbe a.</sup> <sup>11-12</sup>

*M ap rebati tout moso ki kraze yo,  
m ap tounen mete l kanpe,*

*<sup>17</sup> dekwa pou rès moun yo kapab  
chèche Granmèt la*

*ansanm ak tout nasyon yo te mete  
apa pou Non mwen.*

Pyè pale dapre eksperyans li te fè lakay Kònèy (Travay 10,34-47). Pyè pale sou Lalwa Jwif la ki te tankou yon jouk ki sou kou Jwif yo. Sèl bagay ki sove moun se favè Bondye ba nou gratis nan Jezi Kri.

**15,12:** Banabe ak Pòl t ap rakonte ki kalite mirak ak mèvèy Bondye te fè pou pèp etranje yo grasa yo : Nan misyon an pamni pèp etranje yo, de misyonè sa yo te fonde kominote kote etranje yo piplis pase Jwif yo. Apot yo pa t mete okenn kondisyon pou yo antre nan kominote a. Pou yo menm, Pèp Bondye a se tout moun ki kwè nan Jezi Kri.

**15,13:** Lè yo pe, Jak pran lapawòl, li di: « Mesye frè m yo, koute mwen ». Jak sa a se Jak « frè Jezi a » (nòt Travay 12,1) Se li ki lidè pi konsevatè nan Legliz Jerizalèm nan. Men li gen gwo otorite devan patizan yo akòz temwayaj lavi l ki te sen. Men Jak te chèche pou Legliz la fè youn, menm si kominote yo te gen divès mantalite, divès kilti ak divès tradisyon.

*Se Granmèt la ki di sa, li menm ki fè bagay sa yo.'*<sup>18</sup> Yo konnen yo depi toutan.

<sup>Lev 17,10;</sup> <sup>18,6;</sup> <sup>1Kor 8-10;</sup> <sup>Ap 2,20;</sup> <sup>Jen 9,3</sup> <sup>19</sup> Se poutèt sa, dapre mwen, sila yo nan pèp etranje yo ki kase tèt tounen vini jwenn Bondye a, fòk nou pa ba yo pwoblèm. <sup>20</sup> Men n ap ekri yo pou yo pa mele ak bagay sal ki nan sèvis zidòl, ni ak maryaj ki pa bon devan Lalwa, ni ak vyann bêt toufe, ni ak san. <sup>21</sup> Paske depi tan lontan, nan chak vil, Moyiz te gen moun k ap preche sou li, epi k ap li l chak saba nan sinagòg yo.»

### Lèt Apot yo voye bay legliz yo

<sup>1Tes 1,1;</sup> <sup>1Pvè 5,12</sup> <sup>22</sup> Konsa, Apot yo, Ansyen yo ak tout Legliz la, te wè sa bon pou yo chwazi kèk nèg pamì yo, epi voye yo Antyòch ak Pòl e Banabe. Yo chwazi Jid, ki te gen ti non Basaba, ak Silas, de mesye respektab nan mitan frè yo. <sup>23</sup> Yo renmèt yo lèt sa a: «Apot yo ak Ansyen yo, ki frè nou, salye frè yo, moun lòt nasyon yo, ki rete nan Antyòch, Siri ak Silisi. <sup>24</sup> Nou aprann gen kèk moun ki sòti bò kote nou k ap ban nou pwoblèm ak pawòl ki boulvèse lespri nou. Moun sa yo se pa nou ki voye yo.<sup>25</sup> Apre nou fin tonbe dakò nou tout ansanm, nou deside pou nou chwazi kèk nèg, epi voye yo bò kote nou, ansanm ak Banabe e Pòl, nou renmen anpil yo, <sup>26</sup> ki bay lavi yo pou

<sup>20,24;</sup> <sup>21,13</sup> **15,18 :** Gen dokiman ki bay: «*Se sa Granmèt la, ki konnen tout bagay sa yo, di. Depi toutan an Granmèt la konnen zèv li yo.*»

**15,23 :** Yo renmèt yo lèt sa a: «*Apot yo ak Ansyen yo...*» Lik rakonte reyinyon sa a 40 tan apre bagay la te pase. Si nou li Galat 2,1-10 anvan, epi apre nou li Travay 15,21-25, nou konprann jan Lik te mete de evènman ki te pase nan de okazyon diferan ansanm : youn se asamble Jerizalèm nan, lòt la se yon dekrè Jak te mete deyò apre asamble Jerizalèm nan (An nou gade Travay 21,22). Dekrè sa a se pou kominote ki anba zòd dirèk dirijan kominote Jerizalèm nan.

**15,28 :** Lespri Sen an ansanm ak nou... Se tout kominote ak otorite yo ki tandé vwa Lespri Sen an.

**15,29 :** Pa mele ak vyann yo sakrifye bay zidòl yo, ni ak san, ni ak vyann bêt toufe, ni ak maryaj ki pa bon devan Lalwa... Se yon gwo desizyon Legliz Jezi Kri a pran pou li lage sikonsizyon ak

non Granmèt nou Jezi Kri. <sup>27</sup> Konsa, nou voye Jid ak Silas. Yo menm tou va rapòte ak pawòl yo menm bagay la.

<sup>28</sup> Lespri Sen an ansanm ak nou, nou deside pou nou pa ban nou pote plis chay pase sa ki nesesè yo. <sup>29</sup> Pa mele ak vyann yo sakrifye bay zidòl yo, ni ak san, ni ak vyann bêt toufe, ni ak maryaj ki pa bon devan Lalwa. Si nou egzante kò nou ak bagay sa yo, nou fè byen. Kenbe fèm.»

### Mesaje yo rive Antyòch

<sup>30</sup> Mesaje yo, apre yo fin voye yo ale, yo desann Antyòch. Yo rasable moun yo, epi yo montre yo lèt la. <sup>31</sup> Apre yo fin li l, yo te kontan pou ankourajman an. <sup>32</sup> Jid ak Silas ki te pwofèt, te ankouraje frè yo ak yon gwo prèch ki te ba yo fòs. <sup>33</sup> Apre yon tan, yo te kite frè yo ak kè poze, pou yo tounen bò kote sila yo ki te voye yo a. <sup>35</sup> Pòl ak Banabe te rete Antyòch. Ansanm ak anpil lòt moun, yo t ap montre anpil bagay, epi yo t ap anonse Bon Nouvèl Pawòl Granmèt la.

### Pòl separe ak Banabe, li pran Silas ak li

<sup>36</sup> Apre kèk jou, Pòl di Banabe konsta: «An nou tounen ale vizite frè yo nan tout vil kote nou te preche Pawòl Granmèt la, pou nou wè kijan yo ye.»

<sup>37</sup> Men Banabe te vle mennen Jan ki

kèk lòt regleman Jwif. Lespri Sen an se libète (Gade Gal 5,1). Li pa vle mete chay Lalwa sou do kreyen yo. Lalwa Kris la se viv Levanjil la nan lafwa, nan renmen.

**15,33 :** Gen dokiman ki bay «*Silas te wè l bon pou li rete. Jid pati pou kont li*»

**15,36-40 :** «...Banabe te vle mennen Jan ki gen ti non Mak... Pòl, li menm, te kwè li pa t kòrek pou yo mennen ak yo yon moun ki te lage yo» ... Gen moun ki di se Pòl ki te gen rezon. Gen moun ki di se te Banabe ak Jan Mak ki te gen rezon. Moun ki di se Pòl ki te gen rezon, yo di Jan Mak pa t kenbe fèm nan misyon an. Moun ki di se Banabe ki te gen rezon, yo di diskisyon an te eklate akòz Pòl te toujou vle ale nan sinagòg Jwif yo. Banabe ak Jan Mak, bò pa yo, te vle ale dirèk dirèk anonse Bon Nouvèl la bay etranje yo, paske yo te rete kwè se sa misyon Lespri Sen an te ba yo.

<sup>12,12</sup> gen ti non Mak la. <sup>38</sup>Pòl, li menm, te kwè li pa t kòrèk pou yo mennen ak yo, yon moun ki te lage yo depi Panfili, san li pa t al travay ak yo. <sup>39</sup>Vin gen gwo diskisyon, sitèlman youn separe ak lòt. Banabe pran Mak ak li, li an-bake pou l al Chip. <sup>40</sup>Bò kote pa l, Pòl menm chwazi Silas. Lè frè yo fin ren-mèt li sou kont favè Granmèt la, li pati. Yo travèse Siri ak Silisi, yo t ap bay Legliz yo fòs.

### Pòl pran Timote ak li

<sup>Flo 2,19;</sup>  
<sup>1Cor 4,17;</sup>  
<sup>1Tes 3,11</sup>  
<sup>2Tm 9,20</sup> **16** <sup>1</sup>Yo desann Dèbe epi Lis. Te gen la yon patizan yo rele Timote, ptit yon madanm ki yon fidèl Jwif, men papa l se yon grèk. <sup>2</sup>Frè ki abite Lis ak Ikonyòm yo te bay bon rapò sou li. <sup>3</sup>Pòl te vle l ale ak li. Konsa li pran l, li fè sikonsizyon pou li akòz Jwif ki te gen nan zòn sa a, paske tout moun te konnen papa l se yon grèk. <sup>4</sup>Antan yo t ap travèse vil yo, yo lage nan men yo desizyon Apot ak Ansyen yo te pran Jerizalèm nan, pou yo swiv. <sup>5</sup>Legliz yo menm, yo t ap vin pi fò nan lafwa, ak piplis tou chak jou.

### Yo travèse Lazi Minè

<sup>Gal 4,13</sup> <sup>6</sup>Yo travèse Friji ak zòn Galasi.

Chire pit ant Pòl ak Banabe pa dwe etone nou anpil. Lafwa pa detwi tanperaman nou. Men tan an ak favè Bondye a ede nou pase sou pwoblèm youn genyen ak lòt. Kèk lane apre nou jwenn Mak te ak Pòl lè li nan prizon Wòm (Filemon 24 e 2Tm 4,11).

**16,1 :** Yo desann Dèbe epi Lis. Te gen la yon patizan yo rele Timote, ptit yon madanm ki yon fidèl Jwif, men papa l se yon grèk. Dapre Lalwa Jwif la ptit yon madanm Jwif ak yon papa etrange, se Jwif li ye. Poutèt sa fòk Pòl te fè sikonsizyon an sou lì pou Timote ka travay ak li. Si li pa t fè sa kretyen Jwif yo pa ta kite Timote antre lakay yo.

**16,6 :** Yo travèse Friji ak zòn Galasi. Lespri Sen an te anpeche yo preche Pawòl la nan Lazi. Lespri Sen an aji nan kominate kretyen an. De fwa Lespri Sen an te anpeche Pòl rete nan pwo-vens Lazi. Li dwe ale pi lwen, li dwe ale Masedwàn e se konsa Levanjil ap rive Lewòp. Bondye vle pou Bon Nouvèl la antre nan kè lanpi Women an. Nou ka gade jan Apot misyonè sa yo trè veyatif ak sa nou rele jounen jodi a «Siy tan

Lespri Sen an te anpeche yo preche Pawòl la nan Lazi. <sup>7</sup>Yo te rive nan che-men ki ale Mizi. Yo te eseye pouse pi devan pou yo al Bitini, men Lespri Jezi a pa t pèmèt yo sa. <sup>8</sup>Yo travèse Mizi, yo desann Twowas. <sup>9</sup>Pòl te fè yon vizyon lannwit. Te gen yon nèg, moun Masedwàn ki te kanpe ap sipliye l, li di l: «Janbe Masedwàn pou w vin ede nou.» <sup>10</sup>Apre li te fin fè vizyon an, touswit nou t ap chèche pati ale Masedwàn, nou te sèten Bondye te rele nou al pote Bon Nouvèl la ba yo.

20,5

### Yo rive Filip : Konvèsyon Lidi—Pòl ak Silas nan prizon

<sup>11</sup>Sòti nou Twowas, nou fè vwal tou dwat pou Samotras, epi nan demen pou Neyapolis. <sup>12</sup>Antan nou la, nou ale Filip, yon koloni, ki te premye vil nan distri Masedwàn. Nou te pase kèk jou nan vil sa a. <sup>13</sup>Nan jou saba a, nou te sòti deyò pòtay lavil la sou bò yon laryè. Nou te kwè te gen yon lapriyè kote sa a. Nou chita pou nou pale ak medam ki te reyini yo. <sup>14</sup>Youn ladan yo, yo rele Lidi, t ap koute. Se te yon moun lavil Tiyati, ki te fè kòmès bèl twal, e ki t ap sèvi Bondye. Granmèt la te louvri kè l pou li te resevwa sa Pòl t

yo». Ak limyè lafwa a yo te wè jan Lespri Jezi a te dirije ni moun, ni evénman ni sikonstans pou yo mache bay Bon Nouvèl la toupatou

Masedwàn se yon rejyon peyi Lagrès, nan Lewòp. Jouk moman sa a Pòl te fè misyon nan Lazi Minè. Kounye a Bondye te montre l li dwe al pi lwen ankò.

**16,9 :** Sòti nou Twowas, nou fè vwal tou dwat pou Samotras, epi nan demen pou Neyapolis. Vèsè a kòmanse pale «Sòti nou Twowas...» Sa fè nou konprann Lik te vwayaje ak Pòl tou. Si se konsa fòk nou panse Pòl ak Silas te jwenn Lik nan Twowas. Men fòk nou di tou, gen kèk savan nan afè Bib la ki di mo “Nou” a, pa montre yon moun; li montre yon ekip moun ki te travay ak Pòl, epi ki te ranmase sa yo te viv, epi se sa Lik te jwenn. Li te sèvi ak rapò sa yo lè l te ekri Travay Apot yo.

**16,12 :** Antan nou la, nou ale Filip, yon koloni, ki te premye vil nan distri Masedwàn. Filip se premye vil nan Lewòp ki te resevwa Levanjil la. Se te Filip, papa Aleksann Legran, ki te fondé lavil sa a. Sanble, nan Filip, Jwif yo pa t gen sina-

<sup>10,2;</sup> ap di yo. <sup>15</sup>Lè li te fin batize ansanm ak tout fanmi li, li sipliye nou, li di: « Si nou kwè mwen se yon moun ki gen lafwa nan Granmèt la, vin fè ladesant lakay mwen. » Li fose nou.

<sup>16</sup>Twouve, pandan nou ta pral nan kote yo lapriyè a, yon sèvant ki te gen yon lespri divinò rankontre ak nou. Li te fè mèt li yo fè gwo lajan ak metye divinò a. <sup>17</sup>Li t ap mache dèyè Pòl ak nou pye pou pye, li t ap rele: « Mesye sa yo, se sèvitè Bondye ki anwo nèt la yo ye, y ap anonsé nou chemen delivrans lan. » <sup>18</sup>Li te fè sa plizyè jou. Pòl te about, li vire, li di lespri a: « Mwen pase w lòd, nan non Jezi Kri, sòti nan li. » Li sòti memm lè a. <sup>19</sup>Lè mèt li yo wè tout espwa biznis yo an te disparèt, yo kenbe Pòl ak Silas, yo trennen yo nan mache a devan majistra yo. <sup>20</sup>Lè yo te fin mennen yo devan yo, yo di konsa: « Nèg sa yo mete lavil nou an tèt anba, se Jwif yo ye, <sup>21</sup>y ap preche koutim ki enposib pou nou memm ki Women, ni pou nou aksepte, ni pou nou swiv. » <sup>22</sup>Se tout foul la ki te leve kont yo. Majistra yo fè wete rad ki sou yo a, yo fè woule yo anba baton. <sup>23</sup>Apre yo fin ba yo kout baton, yo fè mete yo nan prizon. Yo pase gadyen prizon an lòd pou li veye yo byen veye. <sup>24</sup>Ak lòd sa a yo pase l, li mete yo nan prizon ki anndan an, epi li mete pye yo nan sèp.

<sup>2Kor  
11,25;  
Filip  
1,30;  
1Tes  
2,2</sup>

<sup>Ef  
5,19;  
Kol  
3,16</sup> <sup>25</sup>Nan mitan lannwit lan, Pòl ak Silas t ap lapriyè nan chante Iwanj pou

gòg. Poutèt sa, yo te konn fè reyinyon toupre larivyè a, pou yo genyen dlo pou tout seremoni pwòpte yo te konn fè.

**16,15 :** Youn ladan yo, yo rele Lidi, t ap koute... Lidi, yon fi, te premye moun ki te resevwa anons Jezi Kri, e ki te aksepte l. Misyonè yo kite ansyen abitid yo genyen pou yo fè ladesant nan kay Jwif yo. Poutèt Lidi te priye yo anpil, yo fè ladesant lakay li, epi kay sa a pral tounen yon Legliz ki te gen bon jan relasyon ak Pòl (An nou gade lèt pou moun Filip yo).

**16,16-17 :** Twouve, pandan nou ta pral nan kote yo lapriyè a, yon sèvant ki te gen yon lespri divinò rankontre ak nou. Jennfi a te anba pye mèt li, li te esklav. Mèt li yo te sèvi avè l pou yo

Bondye. Lòt prizonye yo t ap koute yo. <sup>26</sup>Vin gen yon gwo tranblemanntè sibit. Tout fondasyon prizon an pran souke. Touswit pòt yo louvri, chenn tout prizonye yo kase. <sup>27</sup>Lè gadyen prizon an leve nan dòmi pou li wè tout pòt prizon an louvri, li rale nepe li pou li touye tèt li, paske li te kwè prizonye yo pati. <sup>28</sup>Pòl pran rele byen fò, li di: « Pa fè tèt ou okenn mal, nou tout nou la. »

<sup>4,31</sup>

### Konvèsyon gadyen prizon an

<sup>29</sup>Gadyen prizon an mande limyè. Li prese antre, li t ap tranble. Epi li lage kò l nan pye Pòl ak Silas. <sup>30</sup>Li fè yo sòti deyò, li di yo: « Mèt mwen yo, kisa pou mwen fè pou mwen kapab sove? » <sup>31</sup>Yo reponn li: « Kwè nan Granmèt Jezi, w a sove, ni ou, ni fanmi w. » <sup>32</sup>Apre sa yo preche li Pawòl Bondye a ansanm ak tout moun ki lakay li. <sup>33</sup>Menm moman an, lannwit lan, li pran yo, li lave tout kote yo te blese yo. Epi la pou la, yo batize ni li ni tout moun pa l yo. <sup>34</sup>Lèfini, li mennen yo lakay li, li mete kouvè sou tab la. Li te kontan ansanm ak tout moun lakay li, poutèt li te kwè nan Bondye.

<sup>4,12</sup>

<sup>35</sup>Lè li te fè jou, majistra yo voye gad yo ale di: « Nou mèt lage nèg sa yo. »

<sup>36</sup>Gadyen prizon an rapòte pawòl sa yo bay Pòl: « Majistra yo voye lage nou. Kounye a nou mèt sòti. Ale ak kè poze. » <sup>37</sup>Men Pòl reponn gad yo: « Apre yo fin fè bat nou anpiblik, san jijman, nou menm ki sitwayen women, yo lage

<sup>22,25;  
23,27</sup>

fè lajan antre nan pòch yo. Aktivite pou moun konnen davans sa ki gen pou rive montre yo pa gen konfyans nan Bondye. Ansyen Kontra an te kondane pratik sa a anpil (Levitik 19,31; Dete-wonòm 18,11).

**16,22-24 :** Apre yo fin ba yo kout baton, yo fè mete yo nan prizon... Li mete yo nan prizon ki anndan an, epi li mete pye yo nan sèp... Nan prizon Women yo te genyen yon sal prensipal e nan mitan sal la te genyen yon galri anba tè. Pòt galri sa a te fèmen ak fè foje. Se nan galri anba tè sa a ak sèp nan pye yo, yo te mete Pòl ak Silas, tankou yo te konn fè ak prizonye ki pi gwo danje yo.

**16,32 :** Gen dokiman ki bay « Pawòl Granmèt la ».

nou nan prizon, kounye a menm pou yo fè nou sòti ankachèt? O non, se yo menm ki pou vini, pou yo fè nou sòti »<sup>38</sup> Gad yo al di majistra yo sa. Yo te pè lè yo tande se Women yo ye.<sup>39</sup> Yo vin sipliye yo. Yo fè yo sòti epi yo mande yo pou pati sòti lavil la.<sup>40</sup> Apre yo fin sòti nan prizon an, Pòl ak Silas ale lakay Lidi, yo wè frè yo, yo ankouraje yo, lèfini yo ale.

### Pwoblèm ak Jwif Tesalonik yo

<sup>1</sup>Tes<sup>2,2</sup> **17** <sup>1</sup>Yo travèse Anfipolis ak Apoloni, yo rive Tesalonik, kote Jwif yo te gen yon sinagòg.<sup>2</sup>Kòm se koutim Pòl, li antre kote yo, epi li pase twa saba ap diskite ak yo sou Bib la.<sup>3</sup>Li esplike, epi li bay prèv Kris la te gen pou li soufri, e pou li leve byen vivan pamì mò yo, epi, li di yo: «Kris la, se Jezi sa a m ap anonse nou an.»<sup>4</sup>Kèk pamì yo te vin gen lafwa epi yo te mete yo bò kote Pòl ak Silas, menm jan tou anpil Grèk k ap sèvi Bondye, ansanm ak yon bèl kantite medam lasosyete.  
<sup>13,45:</sup>  
<sup>1</sup>Tes<sup>2,15:</sup>  
<sup>Wm</sup>  
<sup>16,21</sup> <sup>5</sup>Jwif yo fè jalouzi. Y ale sou plas la, yo ranmase kèk vakabon, yo fè bann epi yo mete lavil la tèt anba. Yo rive lakay Jazon, yo t ap chèche Pòl ak Silas pou yo mennen yo devan pèp la.  
<sup>16,20:</sup>  
<sup>24,5</sup> <sup>6</sup>Kòm yo pa jwenn yo, yo trennen Jazon ak kèk frè devan chèf lavil yo. Yo t ap rele fò, yo t ap di: «Moun k ap simen revolisyon sou tout tè a, men yo isit la.<sup>7</sup> Jazon resevwa yo lakay li. Yo  
<sup>Jn</sup>  
<sup>19,12</sup>

**17,4 :** Yo travèse Anfipolis ak Apoloni, yo rive Tesalonik, kote Jwif yo te gen yon sinagòg, Lavil Tesalonik te kapital pwovens Masedwan. Kominote kretyen an te kòmanse ak moun grèk yo ki te gen krentif pou Bondye, sa vle di ki te gen bon rapò ak reliyon Jwif la. Pèsekisyon an te anpeche Pòl rete Tesalonik plis pase de mwa, men minorite a te kenbe fèm nan lafwa, dapre sa nou jwenn nan de lèt pou Tesalonisyen yo. Lik temwen jan medam yo gen yon wòl enpòtan anpil nan premye kominote kretyen yo. Epitou, Lik montre jan Levanjil la se yon menas pou sistèm ki chita sou lenjistis.

**17,5-6 :** Jwif yo fè jalouzi. Jwif yo te gen gwo enflyans sou pèp la, epitou yo te gen kèk privilège nan lanpi women an. An menm tan tou, yo vle

leve kont tout lòd Seza pase, paske yo di gen yon lòt wa yo rele Jezi. »<sup>8</sup>Lè foul la ak chèf lavil yo tande sa, yo pran eksite.<sup>9</sup>Apre yo fin mande Jazon ak lòt moun yo fè yon depo lajan, yo kite yo ale.

### Pwoblèm nan lavil Bere

<sup>10</sup>Frè yo fè Pòl ak Silas pati touswit al Bere lannwit la. Lè yo rive la, y al vizite sinagòg Jwif yo.<sup>11</sup>Moun sa yo te gen pi bon santiman pase sa Tesalonik yo. Yo te resevwa Pawòl la ak kè yo louvri byen laj, epi se chak jou yo t ap fouye Bib la, pou yo wè si tout bagay te byen kadre.<sup>12</sup>Bon valè pamì yo te vin gen lafwa. Te gen tou yon kantite medam grèk, moun lasosyete ak anpil mesye.

<sup>13</sup>Lè Jwif Tesalonik yo aprann Pòl t ap preche pawòl Bondye a Bere tou, yo rive la pou yo mete latwoublay ak dezòd nan foul la.<sup>14</sup>San pèdi tan, frè yo fè Pòl pati pran direksyon lanmè. Silas ak Timote menm, rete la.<sup>15</sup>Sa ki kondi Pòl yo mennen li jis Atèn. Li ba yo lòd pou Silas ak Timote vin jwenn li touswit, epi yo retounen.

### Pòl preche Atèn

<sup>16</sup>Antan Pòl t ap tann yo Atèn, sa te fatige lespri l anpil, lè li wè kijan lavil la te plen zidòl.<sup>17</sup>Li te konn diskite nan sinagòg la ak Jwif yo ni ak sila yo k ap sèvi Bondye, epi, chak jou sou plas la,

pou tout moun konnen yo pa kretyen, paske yo pè Women yo pèsèkite yo (An nou gade Jan 11,47-50).

**17,10-14 :** Frè yo fè Pòl ak Silas pati touswit, al Bere, lannwit. Nan Bere kominote kretyen an òganize tèt li, pou li kapab defann lidè kretyen yo.

**17,16 :** Antan Pòl t ap tann yo Atèn, sa te fatige lespri l anpil, lè li wè kijan lavil la te plen zidòl ... Atèn te vil grèk ki pi enpòtan. Menm si pouvwa politik la te rete Wòm, Atèn te kontinye kòm sant kiltirèl pi enpòtan pou tout moun. Nan preche misyon, Pòl chèche vil ki pi gran yo, paske nan gwo vil yo nouvèl mache pi vit pase nan zòn riral yo. Nan vil ki gen pò sou lanmè, Levanjil la kapab al vit tout kote.

<sup>Kol 1,22</sup> ak moun k ap pase. <sup>18</sup>Kèk filozòf Epikiryen ak Estoyisyen pran pale ak li. Gen pami yo ki t ap di: «Kisa jako sa vle di?», gen lòt ki t ap di: «Sanble se kèk lòt bondye etranje l ap preche.», paske li t ap anonse Bon Nouvèl Jezi ak leve byen vivan an. <sup>19</sup>Yo pran l, yo mennen l sou Areyopaj la, yo di l: «Tout bagay tounèf sa yo w ap bay la, èske nou ta kapab konnen sa li ye? Paske se bagay dwòl w ap lage nan zòrèy nou. Nou ta renmen konnen sa yo vle di.» <sup>21</sup>Se konsa tout moun Atèn, ak etranje k ap viv la yo, pa t gen lòt distraksyon pase rakonte oswa koute dènye nouvèl ki rive.

<sup>22</sup>Pòl kanpe nan mitan Areyopaj la, li di: «Moun Atèn, nou se moun ki pi renmen reliyyon mwen te janm wè. <sup>23</sup>Antan mwen t ap mache pasipala, mwen t ap gade bagay sakre nou yo, mwen jwenn yon lotèl kote yo ekri: Se pou Bondye nou pa konnen an. Sila a nou pa konnen an, men nou sèvi a, se li menm m ap anonse nou. <sup>24</sup>Bondye ki fè tè a ak tou sa ki nan li, ki mèt syèl la ak tè a, pa abite nan Tanp moun fè ak men yo. <sup>25</sup>Ni se pa nan men moun li resevwa sèvis kòm si li te bezwen kèk bagay, li menm ki bay tout moun lavi, souf ak tout bagay.

<sup>14,17; Gal 4,8</sup> <sup>Sòm 104,30</sup> <sup>14,17; Jen 10; Dtw 32,8</sup> <sup>26</sup>Li fè tout ras moun ki abite sou tout fas tè a sòti nan yon sèl moun. Li separe pou yo sezon yo li te fikse davans, epi li fikse ba yo limit kote pou yo abite. <sup>27</sup>Tou sa se pou moun te ka-

**17,18 :** Kèk filozòf Epikiryen ak Estoyisyen pran pale ak li. Epikiryen ak Estoyisyen se de lekòl filozofi ki pi enpòtan nan épòk sa a

**17,22 :** Pòl kanpe nan mitan Areyopaj la. Areyopaj te yon plas publik tou louvri, kote tout filozòf ak politisyen te konn reyini pou yo pale, pou yo fè diskou. Se la tribinal Atèn lan te ye.

**17,28 :** Se konsa kèk nan powèt nou yo te di: Se nan ras li nou sòti. An nou gade kijan Pòl te pare, pou l pale ak filozòf yo. Li pale sou yon liv grèk «Fenomèn yo» yon powèt silisyen, yo rele Aratis, te ekri nan twazyèm syèk anvan Jezi Kri.

**18,1 :** Apre sa, Pòl kite Atèn, li rive Korent. Kominote Korent lan, se youn nan kote Pòl te fè tra-

pab chèche Bondye, pou yo ta eseye rive bò kote li pou yo jwenn li, kwak li pa lwen nou chak.

**28** Nan li nou jwenn ni lavi, ni mouvement, ni sa ki fè nou la. Se konsa kèk nan powèt nou yo te di: Se nan ras li nou sòti.

**29** Poutèt nou sòti nan ras Bondye, nou pa dwe met nan tèt nou li sanble ak lò, ajan, wòch yon atis travay, ni ak sa moun panse. <sup>30</sup>Bondye pa gade tan lè nou pa t konnen an. Kounye a li anonse moun, se pou tout moun, toupatou, chanje kè yo. <sup>31</sup>Paske li fikse yon jou kote l ap vin jije tè a ak jistis. Grasa yon moun li mete apa, li bay tout moun asirans nan leve li leve byen vivan pami mò yo.»

<sup>32</sup>Lè yo tandé pawòl ‘leve byen vivan pami mò yo’, kèk pran pase I nan rizib, kèk lòt menm di l: «N a koute koze sa yo yon lòt jou.» <sup>33</sup>Se konsa Pòl sòti nan mitan yo. <sup>34</sup>Te gen kèk moun ki vin patizan li, e ki te gen lafwa. Pami yo te gen Deni, moun Areyopaj la, yon madanm yo rele Damaris ak lòt ankò ansanm ak yo.

### Kijan Legliz la te kòmanse Korent

**18** <sup>1</sup>Apre sa, Pòl kite Atèn, li rive Korent. <sup>2</sup>Li jwenn yon Jwif yo rele Akilas, moun nan zòn Pon, ki te fèk rive sòti Itali ak Prisil madanm li, apre dekrè Klod la ki te mete tout Jwif yo deyò nan vil Wòm. Pòl al kote yo. <sup>3</sup>Piske li te gen menm metye ak yo, li

<sup>18,18; 1Kor 16,9</sup>

<sup>1Kor 4,12; 9,6; 2Kor 11,7;</sup>

vay ki pi enpòtan. Se kominote sa a ki te make chemen lafwa kretyen an nan Lewòp pi fò.

**18,2 :** Li jwenn yon Jwif yo rele Akilas, moun nan zòn Pon, ki te fèk rive sòti Itali ak Prisil madanm li, apre dekrè Klod la ki te mete tout Jwif yo deyò nan vil Wòm. Prisil te genyen non Priska tou. Mesye sa a ak madanm li te blije kite lavil Wòm akòz lanprè Klod te mete Jwif yo deyò lavil lane 49 osinon 50.

**18,3-5 :** Pòl al kote yo. Piske li te gen menm metye ak yo, li rete lakay yo pou li travay. Metye yo se te fè tant. Se vre Pòl te rekonèt yon misyonè gen dwa pran mwayen pou l viv nan men kominote kote li fè sèvis, men li menm li toujou

<sup>Gal 6,6; 1Tés 2,9</sup> rete lakay yo pou l travay. Metye yo se te fè tant. <sup>4</sup>Li t ap diskite nan sinagòg la chak saba. Li t ap pran tèt ni Jwif yo ni Grèk yo. <sup>5</sup>Lè Silas ak Timote rive sòti Masedwàn, Pòl te mete l nèt nan preche Pawòl la. Li t ap bay Jwif yo prèv Jezi se Kris la. <sup>6</sup>Kòm yo te leve kont li, epi yo t ap di vye pawòl derespektan, li souke rad li, li di yo : « Se pou san nou tonbe sou pwòp tèt nou. Mwen menm, mwen pwòp. Apre jodi a mwen pral lakay pèp etranje yo. » <sup>7</sup>Li chanje plas, l ale kay yon moun yo rele Titous Youstous ki t ap sèvi Bondye. Kay li te kole ak sinagòg la. <sup>8</sup>Krispis, chèf sinagòg la, te kwè nan Granmèt la ak tout fanmi l. Anpil Korentyen ki t ap koute li yo, te vin gen lafwa epi yo te batize. <sup>9</sup>Granmèt la di Pòl nan yon vizyon lannwit : « Pa pè, se pou w pale, pinga w pe bouch ou, <sup>10</sup>m avèk ou, pèsonn p ap atake w pou li fè w okenn mal, paske gen yon kantite pèp ki pou mwen nan lavil sa a. » <sup>11</sup>Li te tabli la menm, li pase yon lane ak sis mwa ap montre yo Pawòl Bondye a.

<sup>15,14; Jn 10,16; Jer 1,8; Iz 41,10; 1Kor 2,3</sup>

### Jwif yo trennen Pòl nan tribinal

<sup>12</sup>Sou Galyon, ki te pwokonsil Akaya, Jwif yo mete ansanm, yo leve kont Pòl, yo mennen li nan tribinal. <sup>13</sup>Yo di :

pito travay ak pwòp men pa l pou li pa depann de moun yo, pou li ka bay mesaj Jezi Kri a gratis, ak tout libète pa l. Sèl èd li te aksepte se nan men kretyen Filip yo (Flp 4,10-19).

**18,7-10 : Li chanje plas, l ale kay yon moun yo rele Titous Youstous.** Kominote Korent lan pa t fòme apati yon sinagòg, li te fome apati yon kay. Se kay yon etranje. Pandan Pòl te nan lavil Korent li te ekri premye lèt pou moun Tesalonik yo, vè lane 50-51. Se liv sa a ki pi ansyen nan liv Nouvo Kontra a.

**18,11-12 : Sou Galyon, ki te pwokonsil Akaya ...** Pwokonsil se te yon Majistra Women ki te gouvènen yon pwovens. Akaya se te pwovens Lagrès. Galyon te pwokonsil nan Akaya lane 52. Sa a se yon dat ki enpòtan anpil pou nou konnen kèk dat nan lavi Pòl. Pòl te pase Korent yon lane ak sis mwa. Sa vle di li ta posib li te pase devan tribinal Galyon an nan sezón prentan lane 52.

**18,13 : Jwif yo mete ansanm, yo leve kont Pòl, yo mennen li nan tribinal.** Jwif yo te akize Pòl li

« Nèg sa a ap pouse moun sèvi Bondye yon fason ki pa dakò ak sa Lalwa a mande. » <sup>14</sup>Lè Pòl ta pral louvri bouch li pou l pale, Galyon di Jwif yo : « <sup>15</sup>Jwif yo, si se te yon krim oswa yon move zak, mwen t ap resevwa plent nou an kòm sa dwa, men si se yon diskisyon sou mo, sou non ak sou pwòp lwa nou an, okipe sa nou menm. Mwen pa vle jije bagay konsa. » <sup>16</sup>Epi li fè yo sòti nan tribinal la. <sup>17</sup>Yo tout yo met men sou Sostèn, chèf sinagòg la, yo bat li devan tribinal la. Men ki te mele Galyon ak sa.

<sup>23,29; Jn 18,31</sup>

<sup>1Kor 1,1</sup>

### Pòl tounen Antyòch

<sup>18</sup>Pòl te rete la anpil jou ankò. Apre sa, li di frè yo orevwa, li fè vwal pou Siri ansanm ak Prisil ak Akilas apre li te kale tèt li nan Senkre, paske li te fè yon ve. <sup>19</sup>Li desann Efèz. Li kite lòt moun yo la. Li menm, li antre nan sinagòg la, li pran diskite ak Jwif yo. <sup>20</sup>Yo mande li rete pi lontan, men li pa t dakò. <sup>21</sup>Li di yo orevwa, men li di yo : « M a tounen lakay nou ankò, si Bondye vle. » Epi li kite Efèz. <sup>22</sup>Li debake Sezare, li monte salye Legliz la, epi li desann Antyòch.

<sup>Res 6,9; Wm 16,1</sup>

<sup>13,14</sup>

### Pòl kòmanse yon twazyèm vwayaj

<sup>23</sup>Li pase yon tan la, epi li pati. Li

<sup>16,5</sup>

preche kont Lalwa Moyiz la. Women yo te rekonnèt Lalwa Jwif la se te yon Lalwa legal. Konsa si kretyen yo travay kont Lalwa Jwif la, yo travay kont Women yo tou. Pou Jwif yo konbat kretyen yo, yo vle montre lafwa kretyen an se yon bagay politik ki ale kont enterè Women yo.

**18,18 : Li te kale tèt li nan Senkre, paske li te fè yon ve.** Pòl te fè yon ve dapre Lalwa Jwif la (Al gade Resansman 6,13-21). Yon Jwif pa t kapab fè ofrann bay Bondye nan peyi etranje. Pòl te konnen sa byen, sa vle di lè I te fè ve sa a li te gen tan deside al Jerizalèm.

**18,20 : Yo mande l rete pi lontan, men li pa t dakò.** Pòl pa rete nan Efèz. Li te monte Jerizalèm epi li desann Antyòch. Apre 2 lane edmi nan misyon li anvi wè ansyen frè l ak sè l yo. Kominote Antyòch la ofri l okazyon pou li refè kò l epi pou li kapab pataje eksperyans, pou yo gade ansanm kote Legliz la prale, ki avni li genyen.

**18,22-23 : Li pase yon tan la, epi li pati. Li travèse zòn Galasi anvan, apre sa Frijî. Li t ap bay**

travèse zòn Galasi anvan, apre sa Frij. Li t ap bay tout patizan yo fòs.

### Travay Apolòs

<sup>24</sup>Yon Jwif, yo rele Apolòs, moun Aleksandri, yon nèg ki te konn pale byen, te rive Efèz. Li te fò nan Bib la. <sup>25</sup>Li te tande pale sou Chemen Granmèt la. Lespri Sen an te chofe l, pou li preche ak pou li montre anpil bagay sou Jezi yon fason kòrèk, kwak se batèm Jan sèlman li te konnen. <sup>26</sup>Li kòmanse pale ak aspirans nan sinagòg la. Lè Prisil ak Akilas te tande l, yo pran l apa, pou yo esplike l Chemen Bondye a, yon fason ki pi kòrèk. <sup>27</sup>Kòm li te vle ale Akaya, frè yo ankouraje l, epi yo ekri patizan yo pou yo resevwa li. Lè li rive, li pote yon gwo konkou bay sila yo, ki te vin gen lafwa grasadye. <sup>28</sup>Se ak kouraj li t ap demanti Jwif yo anpiblik. Li t ap montre, ak Bib la, Jezi se Kris la.

### Patizan Janbatis nan lavil Efèz

**19** <sup>1</sup>Twouve, antan Apolòs te Korent, Pòl travèse zòn lan pa anwo, li rive Efèz. Li jwenn kèk patizan. <sup>2</sup>Li di yo: «Lè nou te vin gen lafwa,

<sup>1Kor 1,12; 16,12; 2Kor 3,1; Kol 4,10; 9,20; 17,3; 10,44</sup> tout patizan yo fòs. Nan fraz tou kout sa a, Lik rezime finisman dezyèm vwayaj misyonè Pòl la ak kòmansman twazyèm vwayaj la. Pandan tan sa a, te gen yon kominate kreyen ki te tabli nan lavil Efèz. Apre sa li sòti al nan misyon yon lòt fwa ankò. Li te rann kominate Galasi ak Frij yo vizit. Li te mache prèske 3.000 kilomèt!

**18,24:** Yon Jwif, yo rele Apolòs, moun Aleksandri, yon nèg ki te konn pale byen, te rive Efèz. Li te fò nan Bib. Lè Pòl pa t nan Korent, Akilas, Prisil ak lòt kreyen te kontinye travay nan kominate a. Sa a se enpòtan anpil pou nou menm, jounen jodi a. Anpil fwa lè pè a sòti pa gen moun pou kontinye travay nan kominate yo. Yo tout konte sou pè yo osinon sou mè yo epi layik yo pa pran reskonsablit yo.

**18,24-28:** Yon Jwif, yo rele Apolòs, moun Aleksandri, yon nèg ki te konn pale byen, te rive Efèz. Apolòs te bay tèt li nan mouvman konvèsyon Janbatis te gen tan devlope nan Jide a. Li ta posib Apolòs te tande pale sou Jezi, menm si li pa t konnen l pèsònèlman (Nòt Travay 19,6).

**18,26:** Lè Prisil ak Akilas te tande li, yo pran l apa, pou yo esplike l Chemen Bondye. Yo sèvi ak pawòl sa a, pawòl «Chemen» pou yo di sa Le-

èske nou te resevwa Lespri Sen an?» Yo reponn li: «Nou pa t menm tande si gen yon Lespri Sen.» <sup>3</sup>Li di yo: «Ki batèm nou te resevwa?» Yo reponn: «Batèm Jan an.» <sup>4</sup>Pòl di yo: «Jan te bay yon batèm pou kè moun chanje. Li te di pèp la pou li kwè nan sila a k ap vini apre li a. Sila a se Jezi.» <sup>5</sup>Apre yo fin tande sa, yo resevwa batèm nan non Granmèt Jezi. <sup>6</sup>Pòl poze men sou yo, epi Lespri Sen an vin sou yo. Yo pran pale lang, yo tonbe pale tankou pwofèt. <sup>7</sup>Tout ansanm yo te douz gason konsa.

### Kijan Legliz la kòmanse Efèz

<sup>8</sup>Pòl antre nan sinagòg la. Pou twa mwa li pale ak konviksyon nan diskisyon li t ap fè sou Peyi kote Bondye Wa a. Li t ap chèche pran tèt moun yo. <sup>9</sup>Te gen kèk moun tèt di, ki pa t vle kite yo pran tèt yo. Yo t ap pale Chemen Granmèt la mal devan pèp la. Li rale kò l sou yo. Li pran patizan li yo apa pou li pale ak yo chak jou nan lekòl Tiranòs la. <sup>10</sup>Li te fè sa pou de lane. Konsa tout moun ki abite Lazi, Jwif tankou Grèk, te kapab tande Pawòl Granmèt la.

vanjil ap montre. Nou te wè sa déjà nan Travay 9,2.

**19,1:** Twouve, antan Apolòs te Korent, Pòl travèse zòn lan pa anwo, li rive Efèz. Pòl tounen Efèz, lane 54. Te gen twa zar depi Pòl ta renmen pote Bon Nouvel la bay lavil Efèz, youn nan vil ki pi bél ak pi gwo nan Lanpi Women an. Se nan vil sa a, kote Pòl te pase yon peryòd lavi misyonè li, ki plen ak divès evènman. Se la li te ekri lèt pou moun Korent yo, pou moun Galasi yo ak pou moun Filip yo. Li ta posib pou nan Efèz yo te mete l nan prizon, kote li te viv yon moman ki ba li gwo lapèn ak kè sote (2 Korent 1,8; Filemon).

Pòl te rete nan Efèz de lane ak twa mwa. Pou twa mwa, li te preche nan sinagòg la, men Jwif yo te refize l nèt. Se konsa, li te kite sinagòg ki pa t vle resevwa Bon Nouvel Jezi Kri a, epi li te ale nan lekòl Tiranòs la.

**19,2:** «Lè nou te vin gen lafwa, èske nou te resevwa Lespri Sen an?» Pòl te konplete fòmaison douz lidè sa yo, ki te patisipe nan mouvman konvèsyon Janbatis la, men yo pa t ko konnen Bon Nouvel Jezi Kri a nèt. Yo pa t ko resevwa Lespri Sen an.

### Kèk Jwif ki gen pouvwa chase demon

<sup>5,15; Lk 8,44</sup> <sup>11</sup> Bondye t ap fè mirak estwòdinè ak men Pòl, <sup>12</sup> sitèlman yo poze yon mouchwa oswa yon rad ki te touche kò li sou malad yo, maladi a sòti sou yo, move lespri a kite yo. <sup>13</sup> Te gen kèk Jwif ki gen pouvwa chase demon, ki t ap mache toupatou. Yo t ap eseye non-men non Granmèt Jezi sou moun ki gen move lespri yo. Yo t ap di: «Mwen pase nou lòd nan non Jezi Pòl ap preche a.» <sup>14</sup> Yon prêt anchèf Jwif yo rele Cheva te gen sèt pitit, se sa yo t ap fè. <sup>15</sup> Move lespri a reponn yo : «Mwen konnen Jezi, Pòl tou mwen konnen li, men nou menm kilès nou ye?» <sup>16</sup> Moun move lespri a te sou li a, fonse sou yo, li mentni yo de pa de, li te pi fò pase yo. Se toutouni ak anpil blese yo kouri sòti nan kay sa a. <sup>17</sup> Bagay sa a, tout Jwif ak tout Grèk ki abite Efèz te konnen li. Yon laperèz te tonbe sou yo tout. Yo t ap fè Iwanj pou non Granmèt Jezi Kri.

<sup>6,7; 12,24</sup> <sup>18</sup> Anpil pamí sa ki te gen lafwa yo, te vin rekonèt epi deklare sa yo t ap pratike yo. <sup>19</sup> Plizyè moun ki t ap fè maji pote liv yo pou yo boule yo devan tout moun. Yo te kalkile pri yo. Sa te fè senscant mil pyès lajan. <sup>20</sup> Konsa ak pouvwa Granmèt la, Pawòl la t ap gaye, li t ap pran fòs.

### Plan Pòl te genyen

<sup>2Kor 1,15</sup> <sup>21</sup> Apre tout bagay sa yo te fin pase, Pòl deside, nan tèt li pou l ale Jerizalèm, lè li fin travèse Masedwàn ak Akaya. Li te di: «Lè mwen fin pase la, fòk mwen wè Wòm tou.» <sup>22</sup> Li voye de nan asistan li yo Masedwàn, Timote ak Eras. Li menm, li rete Lazi pou yon tan toujou.

**19,23-24:** Yon nèg yo rele Demetriyis, yon òfèv, te konn fè «tanp Atemiz» an ajan. Bon Nouvel Jezi Kri a tèlman te gaye toupatou li te rive kontrarye seremoni zidòl yo. Te gen anpil reliyon ki te sòti Lazi, epi yo antre nan Lewòp. Relijyon sa yo te pwomèt moun l ap delivre yo anba pouvwa lannò. Men tout reliyon sa yo se te sekrè youn pase bay lòt; teyori youn esplike

### Nan Efèz, òfèv yo leve kont Pòl

<sup>9,2</sup> <sup>23</sup> Twouve lè sa a, yon dezòd ki pa piti te vin fèt sou afè Chemen an. <sup>24</sup> Yon nèg yo rele Demetriyis, yon òfèv, te konn fè «tanp Atemiz» an ajan. Li te bay travayè yo yon gwo biznis. <sup>25</sup> Li reyini yo ansanm ak lòt ouvriye ki konn fè menm travay la, li di yo: «Mesye, nou konnen se biznis sa a ki richès nou, <sup>26</sup> men nou wè, epi nou tandé, se pa Efèz sèlman men nan prèske tout Lazi, nonm Pòl sa a pran tèt yon bann moun, li detounen yo, li di sa moun fabrike ak men yo se pa bondye yo ye. <sup>27</sup> Gen yon danje non sèlman pou biznis sa a tounen yon dezonè pou nou, men tou pou tanp Atemiz, gwo bondye nou an, yo pa pran l pou anyen. Epitou pou yo detwi grandè li, li menm yo sèvi nan tout Lazi ak sou tout tè a.»

<sup>28</sup> Lè yo tandé sa, yo fè yon gwo kòlè, yo tonbe rele: «Atemiz moun Efèz yo, se yon gwo bondye.» <sup>29</sup> Lavil la te plen dezòd. Yo tout pran kouri ansanm al nan teyat la. Yo met men sou Gayis ak Aristak, moun Masedwàn, ki te vwayaje ak Pòl. <sup>30</sup> Pòl te vle antre nan foul la, men patizan yo pa t pèmèt li. <sup>31</sup> Kèk pamí azyak yo, ki te zanmi ak li, voye priye li angras pa mete pye nan teyat la.

<sup>32</sup> Sila yo t ap rele di yon bagay, lòt yo t ap di yon lòt bagay. Foul la te mele, paske pi fò nan yo pa t menm konnen pou ki rezon yo te reyini. <sup>33</sup> Jwif yo t ap pouse Aleksann devan, yo fè l sòti nan foul la. Aleksann fè siy ak men l, pou l mande yo pe. Li te vle bay pèp la esplikasyon. <sup>34</sup> Men lè yo te rann yo kont se Jwif li te ye, yo mete vwa yo

<sup>16,20; 18,17</sup> lòt. Men Apot yo pa t bay ni yon teyori ni yon sekrè. Yo bay temwayaj: «Yon Nèg, yo rele l Jezi, ki te sòti nan pèp Jwif la, te leve byen vivan e nou menm nou te wè l ak pwòp je nou yo». Temwayaj sa a te souke moun yo: te gen kèk nan yo ki te wè biznis yo an danje epi te gen Jwif yo ki pè pou Women yo ka ba yo pwo-blèm.

ansanm pou yo rele pou dezèd tan konsa : « Atemiz moun Efèz yo, se yon gwo bondye. » <sup>35</sup> Men pwofesè Lalwa a te rive kalme foul la, li di yo : « Moun Efèz, kilès ki pa konnen lavil Efèz se kote yo gade tanp Atemiz, yon gwo bondye, ak imaj li ki tonbe sòti nan syèl la ? <sup>36</sup> Kòm pèsonn pa kapab nye bagay konsa, fòk nou rete trankil pou nou pa fè anyen twò prese. <sup>37</sup> Nou mennen nèg sa yo, yo pa ni volè nan tanp lan, ni yo pa derespekte bondye nou an. <sup>38</sup> Si Demetryis ak ouvriye ki ak li yo, gen yon bagay ak yon moun, gen jou tribinal travay, gen pwokonsil, se al pote plent. <sup>39</sup> Si nou gen kèk lòt bagay pou nou regle, n a fè sa nan reyinyon Lalwa otorize. <sup>40</sup> Pou sa ki pase jodi a, yo riske akize nou kòm moun k ap monte tèt pèp la, poutèt pa gen okenn rezon nou kapab bay pou nou fè rasambleman sa a. » Lè li fini di sa, li fè foul moun yo gaye.

### Pòl sòti Efèz

<sup>16,40</sup> **20** <sup>1</sup>Lè dezòd la fini, Pòl voye chèche patizan yo, li ankouraje yo, li di yo orevwa. Epi li pati pou l ale Masedwàn. <sup>2</sup>Li travèse tout zòn bò la yo, ap pote anpil ankourajman. Li rive Lagrès kote li pase twa mwa. Kòm Jwif yo te mare konplò kont li lè li ta pral

**20,1 :** *Lè dezòd la fini, Pòl voye chèche patizan yo, li ankouraje yo, li di yo orevwa. Epi li pati pou l ale Masedwàn. Nan vwayaj sa a nan teritwa ewopeyen an, Pòl te rann kominate li te fonde yo vizit. Li te sòti kite Efèz apre gwo revòlt sila a, men lè li fè plan pou li vwayaje nan bato a, li konnen Jwif yo t ap monte yon plan, pou yo touye l, e li té deside pran wout tè. Li te vizite Masedwàn (se la lavil Tesalonik la te ye) pou li ranmase kòb pou kominate Jerizalèm nan ki te nan pwoblèm.*

**20,2 :** *Li rive Lagrès kote li pase twa mwa. Lè Pòl te nan Masedwàn li ekri dezyèm lèt pou Legliz Korent lan. Epi, apre sa, Pòl te ale Korent kote li te ekri lèt pou moun Wòm yo.*

**20,6 :** *Nou menm, apre jou pen san ledven yo, nou vwayaje sòti Filip nan bato. Pòl te pase fèt Pak la ak kominate Filip la, kominate li renmen anpil la.*

**20,7 :** *Nan premye jou semèn lan, nou te reyini*

Siri, li deside pase Masedwàn pou li retounen. <sup>4</sup> Li te gen ak li Sopatròs, pitit Pirès, moun Bere, Aristak ak Sekoundous, moun Tesalonik, Gayis, moun Dèbe, Timote epi Tikikòs ak Twofim, moun Lazi. <sup>5</sup> Yo te pran devan pou y al tann nou Twowas.

<sup>6</sup> Nou menm, apre jou pen san ledven yo, nou vwayaje sòti Filip nan bato, pou n al jwenn yo Twowas nan senk jou. Nou te pase sèt jou la.

<sup>2Kor  
2,12</sup>

### Pòl fè yon moun Twowas ki te mouri, leve byen vivan

<sup>7</sup> Nan premye jou semèn lan, nou te reyini pou nou kase pen an. Pòl ki te gen pou li pati nan demen, t ap pale ak yo. Li fè koze a vin long rive jis minwi.

<sup>2,42;  
1Kor  
11,17;  
16,2</sup>

<sup>8</sup> Te gen anpil lanp nan chanmòt kote nou te reyini an. <sup>9</sup> Yon ti jennonm, yo rele Etikòs, te chita bò fenèt la. Kòm Pòl t ap pale lontan, yon gwo dòmi pote l ale, li tonbe sòti nan twazyèm etaj la. Yo ranmase li kadav. <sup>10</sup> Pòl desann, li panche kò l sou li, li pran l nan bra l, li di : « Pa kite anyen boulvèse nou, paske nanm li sou li. » <sup>11</sup> Li tounen monte. Li kase pen an, li manje. Li fè yon bon tan ap pale jis li jou. Se lè sa a li pati. <sup>12</sup> Yo vini ak ti gason an vivan. Se te yon gwo konsolasyon pou yo.

<sup>9,36;  
1Wa  
17,21;  
MK 5,35</sup>

*pou nou kase pen an. Jou dimanch lan, yo t ap selebre Lekaristi nan yon kay. La a, se premye fwa nou jwenn selebrasyon Lekaristi a, nan Nouvo Kontra a, jou dimanch, jou Jezi te leve byen vivan an (Lik 24,1-36 ; Jan 20,19-26). Konsa, nou wè kretyen yo te gen tan separe ak Jwif yo, yo te ranplase jou saba a pou jou dimanch. Pou Jwif yo, jou à kòmanse lè solèy fin kouche, sa vle di jou dimanch lan kòmanse jou saba a 6 zè apremidi a. Yo te rele Lekaristi « Kase pen an » epi yo te konn fè l apre yon soupe kominoté.*

**20,7-12 :** *Yon ti jennonm, yo rele Etikòs, te chita bò fenèt la. Kòm Pòl t ap pale lontan, yon gwo dòmi pote l ale, li tonbe sòti nan twazyèm etaj la. Sal kote yo t ap selebre « Kase pen an », te nan twazyèm etaj la. Li te plen moun. Poutèt sa te genyen yon ti gason ki te chita sou fenèt la. Li tonbe nan lakou a epi li mouri frèt. Pòl te fè yon gwo mirak, ki fè nou sonje sa Eli ak Elize te fè yo (1Wa 17,21; 2Wa 4,34). Apre sa, kè pòpoz, Pòl*

**Pòl kite Twowas pou l ale Milè**

<sup>13</sup>Nou menm nou pran devan nan bato, pou n ale Asòs. Se la nou te gen pou nou pran Pòl. Se konsa li te òganize sa. Li menm, li t ap pran wout la apye. <sup>14</sup>Lè li rive jwenn ak nou Asòs, nou pran l ak nou, nou rive Mtilèn. <sup>15</sup>Nou sòti la nan demen, nou vwayaje sou lanmè, nou rive devan Kyo. Yon jou apre sa, nou touche Samòs, epi yon jou apre ankò nou rive Milè. <sup>16</sup>Pòl te deside passe sou lanmè, san li pa desann Efèz, dekwa pou li pa pèdi tan Lazi. Paske li te prese pou li te rive Jerazilèm, si li te kapab, pou jou Lappankot la.

**Pòl di Ansyen Efèz yo orevwa**

<sup>14,23</sup><sup>17</sup>Antan li te Milè, li voye moun al Efèz pou chèche Ansyen Legliz la yo. <sup>19,10;</sup>  
<sup>1Tés 1,5</sup><sup>18</sup>Lè yo rive bò kote l, li di yo: «Nou konnen, depi premye jou mwen te mete pye mwen Lazi, ki fason mwen te konpòte mwen ak nou toutan. <sup>19</sup>Mwen te fè m tou piti pou mwen sèvi Granmèt la, epi mwen te jwenn traka ak dlo nan je nan tout konplo Jwif yo te mare kont mwen. <sup>20</sup>Mwen pa t jam fè bak lè sa te nesesè pou nou, ni pou mwen preche nou ni pou mwen montre nou anpil bagay anpiblik, oswa anndan kay nou. <sup>21</sup>Kesyon chanje kè vini jwenn Bondye a ak gen lafwa nan Granmèt Jezi a, mwen te montre sa nan konpòtman

mwen devan ni Jwif yo ni Grèk yo.

<sup>22</sup>Vwala kounye a mwen pral Jeriza-

<sup>21,11</sup>

lèm. Nan lespri mwen, mwen tankou yon prizonye, paske mwen pa konnen sa ki pral rive mwen la. <sup>23</sup>Sòf nan chak vil, Lespri Sen an avèti mwen gen pri-

zon ak tribilasyon k ap tann mwen. <sup>24</sup>Men pou okenn rezon mwen pa bay lavi a enpòtans, depi mwen rive nan bout chemen mwen, epi mwen fin fè sèvis mwen te resevwa nan men Gran-

<sup>Fip  
1,23;  
3,12</sup>

mèt Jezi a, konsa pou mwen sèvi Bon Nouvèl favè Bondye a temwen.»

«<sup>25</sup>Kounye a mwen konnen, nou tout mwen te pase nan mitan nou, pou m anonsé nou Peyi kote Bondye Wa a, nou p ap wè figi m ankò. <sup>26</sup>Se pou sa jodi a, mwen deklare devan nou mwen pa reskonsab san pèsonn pamí nou.

<sup>2Tm  
4,7</sup>

<sup>27</sup>Mwen pa t fè bak pou mwen te deklare nou volonte Bondye a nètale. <sup>28</sup>Fè atansyon ni ak tèt nou ni ak bann mouton an, kote Lespri Sen an mete nou tankou episkòp, pou nou pran swen Legliz Bondye a, yon Legliz li achte ak pwòp san li.»

<sup>1Pyè  
2,25;  
5,3;  
Eb  
13,20;  
1Pyè  
2,9</sup>

«<sup>29</sup>Mwen konnen, lè m fin ale, gen chen anraje k ap antre nan mitan nou, y ap san pitye pou bann mouton an. <sup>30</sup>Menm pamí nou gen moun k ap leve pou yo pale pawòl dwat e gòch, konsa pou yo trennen patizan yo dèyè yo.

<sup>Mt7,15;  
Jn  
10,12</sup>

<sup>31</sup>Se pou sa, veye kò nou, sonje byen, pandan twazan, lajounen kou lannwit,

<sup>2Tm  
4,2;  
Gal  
4,17</sup>

monte epi li fini selebrasyon an. Se sèl ka sa a nou jwenn yon mirak leve yon moun mouri te fèt lè yo t ap selebre Lekaristi.

**20,17 : Antan li te Milè, li voye moun al Efèz pou chèche Ansyen Legliz la yo.** Pòl di kominote li te renmen anpil la orevwa. Lè yo te rive Milè, ki toupre lavil Efèz, Pòl te rasanble reskonsab kominote yo. Se sèl diskou sa a Pòl te fè bay reskonsab kominote kretyen yo. Lik rele dirijan sa yo «Ansyen yo», nan lang grèk la yo di «Presbit». Konsa Ansyen yo se zansèt Pè nou konnen jodi a ki alatèt pawas yo.

**20,25-31 : Kounye a mwen konnen, nou tout mwen te pase nan mitan nou, pou m anonsé nou Peyi kote Bondye Wa a, nou p ap wè figi m ankò.** Nan twazyèm pati diskou pou li di ore-  
vwa, Pòl bay dirijan yo menm misyon li te rese-

vwa: preche Levanjil la epi pran swen bann mouton Lespri Sen an te konfyé yo. Menm jan Pòl te fè nan mitan yo pou twa lane yo, lè l te ankouraje moun ak dlo nan je, lajounen tankou lannwit. Li avèti yo sou danje ki pral vini sou kominote yo, tankou chen anraje yo ki ta vle devore mouton yo. Nan vèse 28 la li rele yo «episkòp». Se yon mo grèk ki vle di «siveyan, sipèvizè». Se nan mo sa a mo evèk la sòti. Pòl konnen nan lespri l, li p ap wè yo ankò. Poutèt sa diskou sa se tankou yon Testaman Pòl te kite pou yo. Li sanble ak Testaman Jezi a (Lik 22,25-30 ; Jan 13-16). Lik ekri apeprè 20 lane apre Pòl te mouri.

**20,28 : Gen kèk dokiman ki pa bay : «Legliz Grammèt la» oubyen Legliz «li te achte ak san Pitit li a».**

mwen pa t janm bouke avèti nou chak  
 Ef 3,6; Kol 3,24 ak dlo nan je. <sup>32</sup> Kounye a mwen lage  
 nou bay Granmèt la, ak bay Pawòl favè  
 li a. Pawòl sa a gen pouvwa bati kay la  
 ak ban nou yon pòsyon nan eritaj la,  
 ansanm ak tout sila yo ki vin sen yo.  
<sup>33</sup> Mwen pa t chèche pran ni lò, ni ajan,  
 1Sam 12,3; T Ap 18,3 ni rad nan men pèsonn. <sup>34</sup> Nou konnen  
 se men sa yo ki te sèvi ni pou nesesite  
 mwen, ni pou nesesite sila yo ki ak  
 mwen yo. <sup>35</sup> Mwen te montre nou tout  
 jan, kijan se nan redi konsa nou dwe  
 ede sila yo ki san sekou, nan sonje  
 Pawòl Granmèt Jezi, ki te di li menm  
 menm: ‘Gen plis kè kontan nan bay  
 pase nan resevwa.’»

<sup>36</sup> Lè li fin di sa, li met ajenou an-  
 sanm ak yo tout, li lapriyè. <sup>37</sup> Tout te  
 mete kriye anpil, epi yo lage kò yo nan  
 kou Pòl, yo bo li. <sup>38</sup> Sa ki te ba yo piplis  
 lapenn, se pawòl li te di a, kòmkwa yo  
 p ap wè figi li ankò. Epi yo kondi l nan  
 bato a.

### Pòl nan wout pou l ale Jerizalèm

**21** <sup>1</sup>Apre nou fin separe ak yo, nou  
 anbake, nou file tou dwat sou

**20,32 :** Kounye a mwen lage nou bay Granmèt la, ak bay Pawòl favè li a. Nan katryém pati diskou a Pòl mete Pawòl Bondye a nan men yo, tankou yon trezò. Se yo ki pote Pawòl la, men se Pawòl la k ap mennen yo. «Pawòl favè li a»: (Lik 4,22 ak Travay 14,3) Pawòl Bondye a gen pouvwa pou li bay moun yo jarèt. Konsa nou ka di Pawòl Bondye a se tankou yon sakreman ki ba nou lavi Bondye a. Se ak fòs li nou bati kominate kretyen yo. Se ak pouvwa li Legliz Bondye a grandi nan lafwa.

**20,33 :** Mwen pa t chèche pran ni lò, ni ajan, ni rad nan men pèsonn. Pou Pòl, pa kouri dèyè lò ak ajan se te mak fabrik yon Apot toutbon (Gal 4,17; 2Kor 11,8-9; 2Tm 3,2.6-8). Pòl mete tèt li kòm yon eggzanp pou yo tout. Li te travay ak pwòp men li yo pou li peye manje li te manje a. Pòl fini diskou li a ak yon avétisman: Pinga nou kite anvi richès pran tèt nou, pinga nou bliye moun pòv yo.

**20,35 :** Gen plis kè kontan nan bay pase nan resevwa. Pawòl sa yo ki te sòti nan bouch Jezi yo pa nan Levanjil la. Sèl kote nou jwenn yo se nan vèsè sa a.

**21,1-4 :** Apre nou fin separe ak yo, nou anbake, nou file tou dwat sou Kòs. Nan demen nou rive Wod, epi antan la nou rive Patara. Sa a se

Kòs. Nan demen nou rive Wod, epi antan la nou rive Patara. <sup>2</sup> Nou jwenn yon bato ki ta pral Fenisi. Nou monte ladann, nou fè vwal. <sup>3</sup> Nou t ap gade Chip byen lwen, nou kite l dèyè agòch, nou fè vwal pou Siri, epi nou rive Ti. Se la batiman an t ap mete chay atè. <sup>4</sup> Kòm nou jwenn patizan yo, nou rete la pandan sèt jou. Lespri a fè yo di Pòl pinga li monte Jerizalèm. <sup>5</sup> Lè jou yo fin pase, nou sòti pou n ale. Yo tout, yo kondi nou, ak madam ak ptit yo, andeyò lavil la. Nou met ajenou bò lanmè a pou nou lapriyè. <sup>6</sup> Lèfini youn di lòt orevwa, nou menm nou monte sou bato a, yo menm yo retounen lakay yo. <sup>7</sup> Lè vwayaj sou lanmè a fini, nou kite Ti, nou desann Tolemayis. N ale di frè yo bonjou. Nou rete yon jou ak yo.

<sup>8</sup> Nan demen nou pati, nou rive Sezare. Nou antre lakay Filip, evanjelis la, youn pam sèt yo. Nou rete lakay li. <sup>9</sup> Li te gen kat ptit fi vyèj ki te konn pale tankou pwofèt. <sup>10</sup> Nou rete plizyè jou. Yon pwofèt yo rele Agabis vin desann sòti Jide. <sup>11</sup> Li rive kote nou, li wete senti Pòl, li mare pye l ak men l

twazyèm epi dènye vwayaj Pòl la. Vwayaj sa a pral fini nan lavil Wòm. Nan dènye etap sa a Pòl pral rive reyalize sa Jezi te anonse l: Nèg sa a se yon zouti mwen chwazi pou pote Non mwen al devan pèp etranje yo, wa yo ak ptit Izrayèl yo. Se mwen ki pral montre l tou sa l a genyen pou li soufri poutèt Non mwen.» (Travay 9,15-16). Travay pou Bon Nouvèl Jezi Kri a gaye toupatou epi bay lavi tankou Jezi nan travay pou fè moun yo tounen ptit Bondye, se pi gran favè Bondye kapab fè yon kretyen. Se sa ki montre pouvwa Lespri Sen an toutbon.

Vèsè sa a montre nou jan kominate kretyen yo te gaye nan tout kòt lanmè Eje a. Se konsa yo rele lanmè ki ant Lagrès ak Tiki jodi a. Sa vle di bò lane 54. Pòl ak lòt Apot yo te gen tan fè yon travay misyonè san parèy.

**21,4 :** Lespri a fè yo di Pòl pinga li monte Jerizalèm: Jwif yo pral mete Pòl nan prizon, poutèt sa zanmi ak kolaboratè Pòl yo te vle anpeche l ale Jerizalèm.

**21,8-10 :** Nan demen nou pati, nou rive Sezare. Nou antre lakay Filip, evanjelis la, youn pam sèt yo. Nou rete lakay li. Nou jwenn Filip anndan kominate lakay li, nan lavil Sezare. Se yon kominate ki te kontinye ak menm Lespri pwofèt Legliz la te genyen depi Lapannkot. Nou kapab

20,36

11,28

ak li, li di: «Men sa Lespri Sen an di: Nèg ki mèt senti sa a, se konsa Jwif yo pral mare li Jerizalèm, pou yo lage l nan men pèp etranje yo.»<sup>12</sup> Lè nou tande sa, ni nou menm, ni moun ki te la yo, nou lapriyè l angras pou li pa monte Jerizalèm.<sup>13</sup> Men Pòl reponn: «Poukisa n ap kriye, n ap rache kè m konsa? Mwen pare non sèlman pou mwen kite yo mare m, men pou mwen mouri Jerizalèm poutèt non Granmèt Jezi.»<sup>14</sup> Lè nou wè nou pa rive pran tèt li, nou pa pèsiste, nou di: «Se pou volonte Granmèt la fèt.»

### Pòl rive Jerizalèm

<sup>15</sup> Apre jou sa yo, nou pare nou, nou monte Jerizalèm.<sup>16</sup> Kèk patizan, moun Sezare, ale ak nou tou. Yo mennen nou desann lakay Emnason, yon moun Chip, ki te yon patizan depi lontan.<sup>17</sup> Lè nou rive Jerizalèm, frè yo resevwa nou ak kè kontan.<sup>18</sup> Nan demen Pòl ale ak nou lakay Jak. Tout Ansyen yo te reyini.<sup>19</sup> Li salye yo, epi li rakonte, youn dèyè lòt, tou sa Bondye fè pamì pèp etranje yo grasa sèvis li.<sup>20</sup> Lè yo fin koute l, yo bay Bondye glwa, epi yo di l: «Frè nou, ou wè konbyen mil

di Filip ak fanmi li te manm yon kominate, kote Lespri Sen an fè bél travay. Kat pitit fi Filip yo te pwofèt tou. Sa vle di se te yon kominate kote fanm yo gen yon wòl ki enpòtan anpil. Epitou se te yon kominate ki te konn akeyi frè ak sè misyonè yo. Pwofèt ki t ap mache al divès kote yo, te konn fè ladesant lakay Filip.

**21,10-14:** Yon pwofèt yo rele Agabis vin desann sòti Jide. Agabis fè yon jès tankou pwofèt Ansyen Kontra an te konn fè. Nan premye kominate kreyen yo, te gen pwofèt fi tankou gason. Se yo ki ede kominate a wè klè nan fason yo dwe viv.

**21,17:** Lè nou rive Jerizalèm, frè yo resevwa nou ak kè kontan. Kounye a pi gwo soufrans lavi Pòl pral kòmanse. Lik pa ban nou tout enfòmasyon yo. Pa egzanp, Lik pa di nou Pòl te pote yon bél valè kòb li te ranmase nan men kominate ki te nan Lazi yo. Kòb sa yo reprezante gwo jefò Pòl ak kominate yo te fè pou yo ede pòv ki te nan Jerizalèm yo. Li reprezante yon jès kominyon ak solidarite ant Legliz ki te sòti nan mitan pèp etranje yo ak manman Legliz Jerizalèm nan.

**21,18:** Nan demen Pòl ale ak nou lakay Jak.

moun pamì Jwif yo ki gen lafwa. E yo tout yo fanatik Lalwa.<sup>21</sup> Yo tande w ap montre Jwif ki pamì pèp etranje yo rejte Moyiz. Ou di yo, yo pa bezwen fè sikonsizon pitit yo, ni yo pa bezwen swiv koutim nou yo.<sup>22</sup> Bon, kisa pou w fè? Se sèten y ap tande w rive.<sup>23</sup> Fè sa nou pral di w la. La a ak nou gen kat nèg ki fè yon ve.<sup>24</sup> Pran yo, pwòpte w ansanm ak yo, epi peye pou yo pou yo kapab fè kale tèt yo. Konsa tout moun va konnen tou sa yo te tande sou ou a, se pa vre, men ou menm tou w ap mache dwat, nan swiv Lalwa.<sup>25</sup> Pou sa ki gen pou wè ak pèp etranje ki gen lafwa yo, nou te ekri yo sou sa nou te deside: Pa mele ak vyann yo sakrifye bay zidòl yo, ak san, vyann bèt toufe, maryaj ki pa bon devan Lalwa.<sup>26</sup> Pòl pran nèg yo nan demen, li pwòpte li ansanm ak yo. Li antre nan Tanp lan. Li anonse ki jou pwòpte yo ap rive bout, pou chak moun bay ofrann yo.

W.m  
2,15;  
Gal  
3,22

18,18;  
1Kor  
9,20

15,19

### Yo arete Pòl

<sup>27</sup> Sèt jou yo te prèske fin pase, lè Jwif ki sòti Lazi yo wè l nan Tanp lan. Yo mobilize tout foul la, yo mete men sou li.<sup>28</sup> Yo pran rele: «Moun Izrayèl

Tout Ansyen yo te reyini. Rankont Pòl ak kominate Jerizalèm nan etonen nou anpil. Kèk manm nan yo pa vle wè Pòl menm. Lè Pòl te chita pale ak Jak, frè Jezi a, ki te alatèt kominate Jerizalèm nan ak lòt dirijan yo, reyinyon an te fèt nan mitan yon gwo tansyon. Pòl te di yo: «Gen anpil etranje ki te aksepte lafwa kreyen». Jak ak lòt yo te reponn li ak pawòl sa a: «Frè nou, ou wè konbyen mil moun pamì Jwif yo ki gen lafwa. E yo tout yo fanatik Lalwa.»

**21,22:** Bon, kisa pou w fè? Se sèten y ap tande w rive. Sa Jak vle pou Pòl fè a, se pa yon blòf pou li twonpe Legliz la, non. Se yon jès pou yo kenbe limite anndan Legliz yo. Pòl te aksepte fè sa Jak te ba l konsèy pou li fè a, paske li pa t vle kreye divizyon nan mitan kominate yo, ant sa ki te sòti nan mitan Jwif yo epi ki te kontinye fè sa Lalwa Moyiz la mande, epi sa ki te sòti nan mitan etranje yo. Se Pòl ki dwe peye tout bagay nan Tanp lan. Epi yo te fè Pòl sonje sa yo te deside nan Konsil Jerizalèm nan (Travay 15).

**21,28-29:** Yo pran rele: «Moun Izrayèl yo, sekou. Men elemán k ap preche tout moun toupatou kont pèp nou an, kont Lalwa a ak kont kay

yo, sekou. Men eleman k ap preche tout moun toupatou kont pèp nou an, kont Lalwa a ak kont kay sa a. Pi rèd toujou, men li fè Grèk yo antre nan Tanp lan, vin derespekte kay sakre sa a.<sup>29</sup> Anvan sa, yo te wè Twofim, moun Efèz la, ak li lavil la. Yo te kwè Pòl te fè li antre nan Tanp lan.<sup>30</sup> Tout lavil la te tèt anba, pèp la kouri vini. Yo kenbe Pòl, yo trennen l deyò sòti nan Tanp lan, epi yo prese fèmen pòt yo.<sup>31</sup> Yo t ap chèche touye l. Men nouvèl tout vil Jerizalèm ki an boulvès la rive nan zòrèy kòmandan lame a.<sup>32</sup> La menm, li pran sòlda ak santiryon, li prese mache sou yo. Lè yo wè kòmandan an ak sòlda yo, yo sispann frape Pòl.<sup>33</sup> Kòmandan an pwoche, li met men sou Pòl, li pase lòd pou yo mare l ak de chenn. Li mande kilès li ye, ak kisa li fè.<sup>34</sup> Men nan foul la, yon pòsyon t ap rele di yon bagay, yon lòt pòsyon yon lòt bagay. Li pa t kapab rive konnen afè a byen poutèt dezòd la. Li pase lòd pou yo mennen li nan kazèn nan.<sup>35</sup> Lè yo rive sou mach eskalye yo, sòlda yo blije pote l sitèlman foul la te dechenen.<sup>36</sup> Yon kantite moun nan pèp la t ap swiv li. Yo t ap rele: «Disparèt li.»<sup>Lk 23,18</sup>

<sup>37</sup> Antan li te prêt pou antre nan kazèn nan, Pòl di kòmandan an: «Èske li posib pou mwen pou di w yon bagay?» Kòmandan reponn: «Ou konn pale grèk? <sup>38</sup> Kouman, se pa ou Ejip-

sa a». Se menm akizasyon sa yo Jwif yo te fè kont Jezi ak kont Etyèn.

**21,30-32**: Yo kenbe Pòl, yo trennen l deyò sòti nan Tanp lan. Yo te prese fèmen pòt yo, pou yo pa kite Pòl sere kò l anndan Tanp lan, kote yo pa t kapab touye l. Otorite women an te sove Pòl nan denye minit la. Sòlda women yo te gen yon kazèn toupre Tanp lan, nan fò yo rele Antonya, pou yo veye Tanp lan, kay sakre Jwif yo te renmen anpil la, epi se la yo kapab fè nenpòt konplò kont Women yo. Poutèt sa, sòlda women yo te rive vit epi yo gen tan sove Pòl anvan yo touye l menm jan ak Etyèn.

**21,37**: «Kouman, se pa ou Ejipsyen, ki nan jou ki sòt pase yo, te leve kat mil bandi, epi ki mennen yo nan dezè a?» Kòmandan Women an te konnen mouvman politik ki te revòlte kont

syen, ki nan jou ki sòt pase yo, te leve kat mil bandi, epi ki mennen yo nan dezè a?» Pòl di konsa: «Mwen se Jwif, moun Tas, nan Silisi, sitwayen yon vil ki pa san prestij. Mwen mande w, tanpri, kite m pale ak pèp la.»<sup>40</sup> Li kite l pale. Pòl kanpe sou mach eskalye a, li fè pèp la siy ak men l. Vin gen yon gran silans. Li pran lapawòl nan lang ebre, li di:

### Diskou Pòl fè pou Jwif Jerizalèm yo

**22** «<sup>1</sup>Mesye frè m yo, ak papa m yo, kounye a, koute sa m ap di nou pou defans mwen.»<sup>9; 26</sup> <sup>2</sup>Lè yo tandé l ap pale nan lang ebre, yo vin fè kò yo pi frét ankò. Li kontinye: «<sup>3</sup>Se Jwif mwen ye. Mwen fèt Tas nan Silisi. Se nan vil sa a yo fè elevasyon mwen. Se nan pye Gamalyèl mwen te aprann swiv yon fason kòrèk Lalwa zansèt nou yo. Mwen se yon fanatik Bondye tankou nou menm nou ye jodi a.<sup>4</sup> Mwen te pèsekite Chemen sa a amò nan mete fi tankou gason anba kòd, ak nan jete yo nan prizon. Menm prêt anchèf la kapab sèvi m temwen, menm jan ak gwoup Ansyen yo.<sup>5</sup> Apre mwen te fin resevwa lèt nan men yo, mwen ta pral Damas kote frè yo, pou tou sa mwen te jwenn nan zòn lan, mwen ta mete yo anba kòd, mennen Jerizalèm, pou fè regle yo.

<sup>6</sup>Konsa mwen pati. Lè mwen rive tou pre Damas, vè midi konsa, yon gwo limyè ki sòti nan syèl la sanzatann

<sup>7,2</sup>  
<sup>8,3;</sup>  
<sup>Gal 1,14;</sup>  
<sup>Fip 3,6;</sup>  
<sup>Wm 10,2</sup>

Women yo. Gamalyèl te pale sou li tou (Travay 5,34). Pòl rive pale ak kòmandman Women an, epi li rive fè l konprann sitiyasyon l. Li pa yon lidè ki revòlte moun kont women yo, li se yon sitwayen ki respektab, ki te fèt lavil Tas. Pòl pale lang grèk la tou.

**22,1-3**: «Mesye frè m yo, ak papa mwen yo, kounye a, koute sa m ap di nou pou defans mwen.» Pòl kòmanse prezante kat didantite l: li se Jwif, li fèt lavil Tas, sa vle di nan dyaspora, men li pale lang ebre a, ki lang manman l, byen. Li te aprann Lalwa nan pye Gamalyèl, yon pwo-fesè tout moun konnen. Li te pèsekite «Chemen an» jouk moman Jezi menm te rele l sou wout Damas la. Jezi byen vivan an te chwazi l pou li vin temwen li devan tout moun ak tout kote.

te viwonnen mwen nan klète li. <sup>7</sup> Mwen tonbe atè. Mwen tande yon vwa ki di m: Sòl, Sòl, poukisa w ap pèsekite m? <sup>8</sup> Mwen reponn: Kilès ou ye Granmèt? Li di m: Mwen se Jezi, moun Nazarèt la, w ap pèsekite a. <sup>9</sup> Sila yo, ki te ak mwen yo, te wè limyè a, men yo pa t tande vwa moun ki t ap pale ak mwen an. <sup>10</sup> Mwen di: Kisa pou mwen fè Granmèt? Granmèt la reponn mwen: Leve. Ale Damas. Se la yo va di w tou sa ki dejafikse pou w fè. <sup>11</sup> Kòm mwen pa t kapab wè akòz klète limyè sa a, nèg ki te ak mwen yo kenbe men mwen pou mwen rive Damas.

<sup>12</sup> Te gen yon nèg yo rele Ananyas. Se te yon sèvitè Bondye dapre Lalwa a. Tout Jwif ki abite bò isit la bay bon rapò sou li. <sup>13</sup> Li rive kote mwen, li kanpe, epi li di m: Sòl, frè mwen, tounen wè nan je w. Menm lè a mwen wè li ak je mwen. <sup>14</sup> Epi li di m: Bondye zansèt nou yo te chwazi w depi davans, pou w konnen volonte li, pou w te wè Sila a ki kòrèk la, epi pou w te tande <sup>3,14;</sup> pawòl ki sòti nan bouch li. <sup>15</sup> Konsa w a sèvi l temwen, devan tout moun, pou sa w te wè ak sa w te tande. <sup>16</sup> Kounye a sa w ap tann? Leve pou ou batize, ak pou peche ou yo padonnen, nan rele w ap rele Non li.

<sup>17</sup> Twouve, apre mwen te fin tounen Jerizalèm, antan mwen t ap lapriyè nan Tanp lan, lespri mwen pèdi tè.

<sup>18</sup> Mwen wè l, epi li di mwen: Fè vit, prese sòti Jerizalèm paske yo p ap resewwa temwayaj w ap bay sou mwen.

<sup>19</sup> Mwen reponn li: Granmèt, yo konnen se mwen menm ki t ap pase nan sinagog yo pou mwen fè mete sila yo ki

kwè nan ou yo nan prizon, ak pou mwen fè bat yo. <sup>20</sup> Menm lè yo t ap mete san Etyèn deyò, li menm ki te sèvi w temwen, mwen te la, mwen te dakò ak sa, epi mwen te kenbe rad moun ki t ap touye l yo. <sup>21</sup> Men li di <sup>Jer 1,5</sup> mwen: Se pou w ale, paske m ap voye ou lwen, bò kote pèp etranje yo. »

### Pòl se sitwayen women

<sup>22</sup> Jis la yo t ap koute l. Men lè yo tande pawòl sa a, yo pran rele, yo di: « Wete eleman sa a sou tè a. Li pa merite viv. » <sup>23</sup> Yo te pran rele, voye rad yo jete, epi voye pousyè tè anlè. <sup>24</sup> Kòmandan an pase lòd pou yo mennen li anndan kazèn nan, pou yo bat li pou fè l pale, dekwa pou li ta rive konnen pou ki rezon y ap rele kont li konsa. <sup>25</sup> Yo te fin fè l lonje kò l pou yo ba li chaplèt. Se lè sa a Pòl di santiryon ki te kanpe bò kote li a: « Eske yo pèmèt nou bat yon sitwayen women san nou pa jije l? » <sup>26</sup> Lè santiryon an tande sa, li ale bò kote kòmandan an pou li avèti l. Li di l: « Sa w pral fè? Mesye sa a se yon sitwayen women, wi! » <sup>27</sup> Kòmandan an vin kote li, li di l: « Di mwen non, ou se sitwayen women? » Li reponn: « Wi » <sup>28</sup> Kòmandan an di li: « Mwen menm se pou gwo lajan m achte tit sitwayen sa a. » Pòl reponn li: « Mwen menm, mwen genyen l depi mwen fèt. » <sup>29</sup> Sila yo ki ta pral bat li pou li pale a, prese wete kò yo. Menm kòmandan an te sòti pè, lè li vin aprann se sitwayen women li ye, epi li te fè mete l nan kòd.

<sup>30</sup> Nan demen, kòm li te vle konnen aklè pou ki rezon Jwif yo te akize li a, li fè lage chenn yo, li mande pou chef

**22,17-21:** Twouve, apre mwen te fin tounen Jerizalèm, antan mwen t ap lapriyè nan Tanp lan, lespri mwen pèdi tè. La se sèl kote Nouvo Kontra a pale sou vizyon sa Pòl te genyen nan Tanp lan. Nan vizyon sa a, anndan Tanp Jerizalèm nan, Jezi te di Pòl sòti kite Jerizalèm ak Tanp sa a. Granmèt la te voye l al pote Bon Nouvèl la bay pèp etranje yo, paske Jwif lavil yo p ap resewwa mesaj la.

**22,22-29:** Jis la yo t ap koute li. Men lè yo tande pawòl sa a, yo pran rele, yo di: « Wete eleman sa a sou tè a. Li pa merite viv. » Ak gwo rèl ak jès Jwif yo te mande kòmandan an pou li fè sólda Women yo touye Pòl. Yo pare tout bagay pou tòtire Pòl, men lè kòmandan an te tande Pòl se sitwayen Women li ye, bagay la chanje nèt. Li pè, paske li te bay lòd pou yo bat yon sitwayen Women, bagay Lalwa Women an pa pèmèt. Pòl prezante dwa li genyen kòm sitwayen Women.

prèt yo ak tout Sanedren an reyini. Li mennen Pòl desann, li mete l kanpe devan yo.

### Pòl devan Sanedren an

**23** <sup>2Kor 1,12</sup> <sup>Jn 18,22; M1 23,27</sup> <sup>Lev 19,15</sup> <sup>Fip 3,5</sup> <sup>Mk 12,18</sup> Pòl fikse je li sou Sanedren an, li di: «Mesye frè m yo, se ak konsyans mwen dwat m ap viv devan Bondye jis jounen jodi a.» <sup>2</sup> Prèt anchèf la, Ananyas, mande sila yo, ki te bò kote l yo, frape l sou bouch. <sup>3</sup> Pòl di l : « Se Bondye ki pral frape w, miray blanchi. Ou chita pou ou jije mwen dapre Lalwa a, men se kont Lalwa a ou mande pou yo frape m.» <sup>4</sup> Moun ki te bò kote li yo di l: « Se Prèt anchèf Bondye a w ap manke dega.» <sup>5</sup> Pòl reponn : « Mwen pa t konnen, frè m yo, si se te prèt anchèf la, paske sa ekri: *Ou p ap pale chèf pèp ou a mal.*» <sup>6</sup> Kòm Pòl te konnen yon pati se Sadiseyen yon lòt pati se Farizyen, li rele byen fò nan Sanedren an pou li di: « Mesye frè m yo, mwen se Farizyen, ptit Farizyen, se pou espwa leve byen vivan pami mò yo y ap jije mwen.» <sup>7</sup> Di li di sa, kont pete nan mitan Farizyen ak Sadiseyen yo. Gwoup moun yo divize, <sup>8</sup> poutèt Sadiseyen yo di pa gen leve byen vivan, ni zanj ni lespri, e Farizyen yo menm rekonèt ni youn ni lòt. <sup>9</sup> Vin gen yon gwo chirepit. Kèk pwofesè Lalwa nan pati Farizyen yo leve pou yo pase alatak. Yo di: « Nou pa jwenn anyen ki mal nan nèg sa a. E si yon lespri, oswa yon zanj te pale ak li? » <sup>10</sup> Diskisyon an tèlman vin cho, kòmandan an te pè

**23,1-8 :** *Pòl fikse je l sou Sanedren an...* Sanedren an se Gran Tribunal Konsèy Jwif la. Pòl kòmanse demaske Prèt anchèf la, jan li ipokrit. Pòl te fè kont pete nan mitan Sanedren an. Konsa prizonye a montre jan tribal Jwif la pa gen konpetans pou li jije moun. Bagay sa a sanble anpil ak sa k te rive Jezi (Jan 18,22). Pòl, tankou yon pwofèt, akize Prèt anchèf la te pase Lalwa Moyiz la anba pye l, paske li te fè bat li anvan yo te montre li koupab (Levitik 19,15).

**23,9 :** « Mesye frè m yo, mwen se Farizyen, ptit Farizyen, se pou espwa leve byen vivan pami mò yo y ap jije mwen. » Lik pa prezante l tankou

pou yo pa mete Pòl an miyèt mòso. Konsa li mande sòlda yo pran li, wete li nan mitan yo, pou yo mennen li nan kazèn nan. <sup>11</sup> Nan demen, pandan lannwit la, Granmèt la vini kote li, li di li: « Kouraj, menm jan ou sèvi m temwen Jerizalèm nan, se konsa tou fòk ou sèvi m temwen nan Wòm. »

### Jwif yo mare yon konplo kont Pòl

<sup>12</sup> Lè li te fin jou, Jwif yo fè yon reyinyon. Yo sèmante yo p ap ni bwè, ni manje, jis yo touye Pòl. <sup>13</sup> Yo te plis pase karant moun ki te fè konplo sa a. <sup>14</sup> Y al jwenn chèf prèt ak Ansyen yo, yo di yo : « Nou sèmante sou tèt nou, nou p ap manje anyen, jis nou touye Pòl. <sup>15</sup> Kounye a, esplike kòmandan an ak Sanedren an pou yo mennen li desann ban nou, pou nou egzaminen kòz li a pi afon. Kanta nou menm, nou pare pou nou touye li anvan li rive. » <sup>16</sup> Pitit gason sè Pòl la vin konnen pyèj la, li vini, li antre nan kazèn nan, li avèti Pòl. <sup>17</sup> Pòl rele youn nan santiryon yo, li di li: « Mennen ti nèg sa a kote kòmandan an. Li gen yon bagay pou li di l. » <sup>18</sup> Li pran l, li mennen li kote kòmandan an. Li di l: « Prizonye yo rele Pòl la, rele mwen, li mande m pou mwen mennen ti nèg sa a kote w, li gen kichòy pou li di w. » <sup>19</sup> Kòmandan an kenbe men l, li ale yon kote apa ak li, li mande l: « Ki nouvèl ou vin ban mwen? » <sup>20</sup> Li reponn: « Jwif yo mete yo dakò, pou yo mande w, fè mennen Pòl desann devan Sanedren an demen, pou yo egzami-

yon prizonye devan Sanedren an. Li prezante l tankou yon akizatè. Pati Farizyen yo te deklare Pòl inosan.

**23,12 :** *Lè li te fin jou, Jwif yo fè yon reyinyon. Yo sèmante yo p ap ni bwè ni manje, jis yo touye Pòl.* Karant moun ki fè konplo sou do Pòl yo fè sèman pou yo pa manje paske yo konprann bagay la ap fini touswit. Pou yo fè sa, yo fè konplo ak manm Sanedren yo. Apre sa, se yo menm k ap touye Pòl, konsa Sanedren an ap rete ak men li pwòp devan pèp la.

**23,16 :** *Pitit gason sè Pòl la vin konnen pyèj la ... La se sèl fwa Lik pale sou fanmi Pòl nan liv Travay la.*

<sup>18,9;</sup>  
<sup>27,24</sup>

nen kòz li pi fon. <sup>21</sup>Men ou menm pa kwè yo. Yo tann yon pyèj pou li. Pami yo gen plis pase karant nèg ki sèmante yo p ap ni manje ni bwè jistan yo touye li. Kounye a yo pare, y ap tann pawòl ou. » <sup>22</sup>Kòmandan an voye ti jennom lan ale. Li di l: « Tanpri, pa di pèsonn si w te rakonte m sa. »

### Yo voye Pòl Sezare

<sup>23</sup>Kòmandan an rele de santiryon, li di yo: « Pare desan sòlda, swasanndis kavalye ak desan zòm ki konn manyen zam, pou y ale Sezare nan twazyèm lè lannwit lan. <sup>24</sup>Pare kèk chwal tou pou yo fè Pòl monte, pou yo kondi li bay gouvènè Feliks san anyen pa rive li. »

<sup>25</sup>Li ekri yon lèt ki te gen fòm sa a: <sup>26</sup>Klod Lizyas pou son ekselans gouvènè Feliks, bonjou. <sup>27</sup>Mesye sa a, Jwif yo te pran li epi yo ta pral touye li. Mwen vini parèt ak lame a, mwen rache li nan men yo, paske mwen te aprann se yon sitwayen women li ye.

<sup>18,14</sup> <sup>28</sup>Mwen te vle konnen pou ki rezon yo te akize l, mwen te mennen l devan Sanedren yo a. <sup>29</sup>Mwen dekouvre yo akize l pou koze ki gen pou wè ak Lalwa pa yo, yo akize l, men pou anyen ki merite lanmò, oswa mete nan

kòd. <sup>30</sup>Yo fè m konnen pral gen yon konplo kont mesye a, konsa, mwen voye li touswit ba ou, epi mwen mande moun ki akize l yo se devan w pou yo pote plent kont li. »

Lk  
23,15

<sup>31</sup>Sòlda yo, dapre lòd yo te ba yo, pran Pòl, yo mennen l lannwit lavil Antipatris. <sup>32</sup>Nan demen yo kite kavalye yo ale ak li, epi yo menm yo retouren nan kazèn nan. <sup>33</sup>Lè kavalye yo rive Sezare, yo bay gouvènè a lèt la, epi yo renmèt Pòl nan men l. <sup>34</sup>Apre li fin li lèt la, li mande nan ki pwovens li sòti. Yo fè li konnen se nan Silisi. <sup>35</sup>Li di: « Mwen va tande w, lè moun ki akize w yo va rive. » Epi li pase lòd pou yo fèmen li nan palè Ewòd la.

### Gouvènè Feliks fè jijman Pòl

**24** <sup>1</sup>Apre senk jou, Ananyas, Prèt anchèf la, desann ak kèk Ansyen epi ak yon avoka yo rele Tètilis. Yo te vin pote plent kont Pòl bay gouvènè a. <sup>2</sup>Lè yo rele non Pòl, Tètilis kòmanse akize l, li di: « Nou rive jwenn anpil lapè grasa ou menm, e grasa tout refòm ou fè pou nasyon sa a kòm yon moun ki wè lwen. <sup>3</sup>Se nan tout bagay e toupatou nou rekonèt sa, son ekselans Feliks, e nou di w yon gwo mèsi. <sup>4</sup>Pou

**23,23a:** Kòmandan an rele de santiryon, li di yo: « Pare desan sòlda, swasanndis kavalye ak desan zòm ki konn manyen zam, pou y ale Sezare nan twazyèm lè lannwit lan... Kantite sòlda sa yo se mwatye rejiman Women an ki te rete nan Jerizalèm. Kòmandan Women an te fè Pòl sòti kite Jerizalèm anba gwo sekirite pou anpeche Jwif yo touye l.

**23,23b:** Twazyèm lè lanwit la: vè 9 nan aswè.

**23,24:** Pare kèk chwal tou pou yo fè Pòl monte... Sou yon chwal, nan mitan lannwit, ak sòlda Women yo ki antoure l, Pòl sòti kite Jerizalèm. Pou jistis women an bagay la te nòmal: yo mennen yon prizonye devan yon tribinal ki gen plis otorite pase sa ki te nan Jerizalèm. Men Lik vle montre jan tout sa Jezi te di Pòl la pral rive vre (22,18).

**23,26:** ...Pou son ekselans gouvènè Feliks... Antwàn Feliks, yon ansyen esklav ki te jwenn favè Agripina, manman Newon, te gouvènèn Jide depi lane 52 jouk lane 60. Dat istorik sa a pèmèt nou konnen Pòl te nan prizon nan Sezare lane 60.

**24,1:** Apre senk jou, Ananyas, prèt anchèf la, desann ak kèk Ansyen epi ak yon avoka yo rele Tètilis. Jwif yo te vin pote plent kont Pòl bay gouvènè a. Sityasyon an chanje. Jwif yo te gen pou yo deplase sot Jerizalèm pou yo desann Sezare, yon vil ki 100 kilomèt nan direksyon nò peyi a, epi pou yo antre anndan yon tribinal etranje. Yo te blije pran sèvis yon avoka ki konnen dwa Women an. Yo te fè tout bagay sa yo prese prese, paske yo vle touye Pòl ki yon danje pou yo.

**24,2:** Lè yo rele non Pòl, Tètilis kòmanse akize li, li di: « Nou rive jwenn anpil lapè grasa ou menm, e grasa tout refòm ou fè pou nasyon sa a kòm yon moun ki wè lwen. » Tètilis fè lwanj pou Feliks, paske li vle pran tèt li. Reyèlman vre, Jwif yo te rayi Feliks paske li te fè anpil abi sou yo epi paske li touche gwo taks sou do yo. Men pou Tètilis fè Feliks plezi, li di yo jwi lapè grasa li. Se lapè sa a Pòl menase. Fòk nou konnen « Lapè Women an» se te yon lide ki te fè maspinay la vin pi rèd chak jou sou do pèp la.

mwen pa deranje w plis pase sa, mwen  
 mande w koute nou yon ti moman ak  
 tout bon jan w.<sup>5</sup> Nou twouve nan nèg  
<sup>17,6;</sup>  
<sup>24,14;</sup>  
<sup>28,22</sup> sa a yon move sijè, yon moun k ap  
 simen dezòd pami tout Jwif sou tè a, se  
 premye lidè Nazareyen yo, yon bann  
 moun apa.<sup>6</sup> Li te eseye derespekte  
 Tanp lan. Nou te arete li.<sup>8</sup> Kounye a ou  
 va egzaminen tou sa ak li, konsa ou va  
 kapab rekonèt tou sa nou akize li yo,  
 se vre.<sup>9</sup> Jwif yo mete yo ak li pou yo  
 di wi se konsa sa ye.<sup>10</sup> Apre gouvènè a  
 fin fè li siy, Pòl pran lapawòl pou li di:  
 «Kòm mwen konnen se ou menm ki jij  
 pèp sa a depi lontan, m ap pran defans  
 mwen ak kè poze.<sup>11</sup> Se pou w konnen  
 pa gen plis pase douz jou depi mwen te  
 monte Jerizalèm pou mwen adore.<sup>12</sup> Yo pa t jwenn mwen ni nan diskisyon  
<sup>21,26</sup> ak pèsonn, oswa ap soulve foul ni nan  
 Tanp lan, ni nan sinagòg, ni nan lavil  
 la.<sup>13</sup> Konsa tou yo p ap kapab ba w  
 prèv sou sa yo akize mwen kounye a la  
 a.<sup>14</sup> Men mwen deklare w, se dapre  
 Chemen an, yo menm yo rele bann  
 apa a, m ap sèvi Bondye zansèt mwen  
 yo. Mwen kwè nan tou sa ki ekri nan  
<sup>23,6</sup> Lwa a ak nan pwofèt yo.<sup>15</sup> Mwen gen  
 espwa nan Bondye, ap gen yon leve  
 byen vivan ni pou sa ki kòrèk ni pou sa

ki pa kòrèk, espwa sa a yo genyen I  
 tou.<sup>16</sup> Se pou sa, mwen toujou chèche  
 gen yon konsyans pwòp devan Bondye  
 ak devan moun.<sup>17</sup> Apre anpil lane,  
 mwen te vin pote lacharite bay pèp  
 mwen an.<sup>18</sup> Se nan sa, yo vin jwenn  
 mwen nan Tanp lan, apre mwen te fin  
 pwòpte mwen. Yo pa t jwenn mwen ni  
 nan foul, ni nan dezòd.<sup>19</sup> Se kèk Jwif  
 Lazi yo te dwe mennen devan w, pou  
 yo akize mwen, si yo gen yon bagay  
 kont mwen.<sup>20</sup> Oswa se pou moun sa  
 yo, ki la a, vin di kisa yo te jwenn ki pa  
 kòrèk sou mwen, lè mwen te kanpe  
 devan Sanedren an.<sup>21</sup> Oubyen gen lè  
 se poutèt sèl pawòl mwen sa a, mwen  
 te rele byen fò, lè mwen te kanpe nan  
 mitan yo: Se pou leve byen vivan mò  
 yo n ap jije m jodi a.<sup>22</sup>

<sup>9,2</sup>  
<sup>22</sup> Felis ki te gen bon konesans sou  
 Chemen an, voye yo ale, li di yo: «Lè  
 kòmandan Lizyas desann, mwen va  
 pran yon desizyon sou afè nou an.»  
<sup>23</sup> Li pase santiryon an lòd pou li mete li  
 nan prizon, men pou ba li yon ti libète  
 ak pou li pa anpeche moun pa l yo  
 rann li sèvis.

<sup>24</sup> Apre kèk jou, Feliks vini ak  
 Dwousil, pwòp madanm li, yon Jwif. Li  
 voye chèche Pòl pou li kapab tande li

**24,5-6:** Nou twouve nan nèg sa a yon move  
 sijè, yon moun k ap simen dezòd pami tout Jwif  
 sou tè a, se premye lidè Nazareyen yo, yon bann  
 moun apa. Li te eseye derespekte Tanp lan.  
 Avoka Jwif la te prezante twa akizasyon kont  
 Pòl: a) Pòl se yon moun ki revòlte Jwif yo toupatou.  
 b) Se li menm ki chèf yon bann espesyal,  
 Nazareyen an. c) Li te derespekte Tanp lan.

Tètilis te fè twa akizasyon sa yo kòm twa  
 bagay ki mete lèpè Women an an danje. Premye  
 akizasyon li klè: tout moun ki revòlte moun se  
 kont Women yo te revòlte yo. Dezyèm nan li  
 gen plis fent. Menm si Women yo pa t okipe  
 bagay reliyion Jwif yo, non «Nazareyen» an te  
 kapab leve soupson nan tèt fonksyonè Women  
 an, paske si otorite Women yo (Pons Pilat) te  
 kondane Jezi Nèg Nazarèt la, kounye a gen  
 moun ki kontinye ale mache dèyè I. Konsa si  
 Women yo te kondane Jezi, yo dwe kondane  
 Pòl tou. Epitou, Women yo te pwomèt defann  
 Tanp lan, si Jwif yo travay pou yo. Konsa si gen  
 yon moun ki derespekte Tanp lan, li derespekte  
 pouwva Women an tou.

**24,6b-7:** Gen kèk dokiman ki bay: «Nou te  
 vle jije I dapre Lalwa nou an. Men, kòmandan  
 Lizyas antre nan koze a, li aji yon jan brital ak  
 nou, li wete li nan men nou».

**24,14-21:** Men mwen deklare w, se dapre  
 Chemen an, yo menm yo rele bann apa a, m ap  
 sèvi Bondye zansèt mwen yo. Avoka ki te akize  
 Pòl la te rele kreyen yo : «Yon bann ki apa». Pòl  
 te refize non sa a epi li pale sou «Chemen an».  
 Pòl pa antre nan afè refize reliyion Jwif la, okon-  
 trè Bondye pa l se menm Bondye zansèt Jwif yo.  
 Li respekte Bib la ak Pwofèt yo. Kanta derespek-  
 te Tanp lan se yon tripotay Jwif yo ki te sòti Lazi  
 yo te envante pou yo ka touye I. Se pou yo vini  
 devan tribunal epi prezante prèv sou akizasyon  
 sa yo.

**24,24:** Apre kèk jou, Feliks vini ak Dwousil,  
 pwòp madanm li, yon Jwif. Dwousil te youn nan  
 pitit fi wa Ewòd Agripa I, li se sè Agripa II ak  
 Berenis. Li te marye ak Emès Wa Siri a, men li te  
 kite mari li pou l vin madanm Feliks. Pòl aji kòm  
 pwofèt. Li denonse anbisyon lajan an, epi li cri-

<sup>17,32;</sup> pale sou Lafwa nan Jezi Kri. <sup>25</sup> Men kòm li t ap pale sou jistis, sou kontwole kò ak sou jjiman k ap vini an, Feliks vini pè, li di konsa: « Ou mèt ale kouyne a, mwen va tounen rele ou lè mwen jwenn yon ti tan. » <sup>26</sup> Li te gen espwa Pòl t ap ba li lajan. Se pou sa li konn voye chèche l souvan pou li pale ak li. <sup>27</sup> Apre manda dezan li a, Pòsiyis Festis vin ranplase Feliks. Pou Feliks te fè Jwif yo plezi, li kite Pòl nan prizon.

### Pòl mande pou l ale jije devan Seza

**25** <sup>1</sup> Twa jou apre li te rive nan pwovens lan, Festis sòti Sezare pou li monte Jerizalèm. <sup>2</sup> Chèf prèt yo ak notab Jwif yo al pote plent ba li kont Pòl. Yo mande l angras, <sup>3</sup> tanpri voye Pòl Jerizalèm. Yo t ap tann pyèj pou yo touye li sou wout la. <sup>4</sup> Festis reponn yo l ap kenbe Pòl Sezare, epi li menm l ap pati anvan lontan. <sup>5</sup> Li di yo: « Sila yo pamni nou ki gen otorite, se pou yo desann ak mwen, epi si nèg sa a fè yon bagay ki mal, y a akize l. » <sup>6</sup> Li pa t rete ak yo plis pase uit a di jou, epi li desann Sezare. Nan demen li chita nan tribunal la, li mande pou yo mennen Pòl. <sup>7</sup> Lè li rive, Jwif ki te desann sòti

<sup>23,14</sup>

tike fason yo viv. Istwa sa a fè nou sonje sa k te rive ak Janbatis nan palè Ewòd Antipas (Mak 6, 17-20).

**24,26-27:** *Li te gen espwa Pòl t ap ba li lajan ... Pòl te inosan, men li rete prizonye pandan de lane akòz anbisyon lajan fonksyoné Women an. Jwif te genyen gwo enflyans paske yo touche taks pou Women yo. Feliks ta vle fè Jwif yo plezi pou yo pa akize l devan lanprè Newon. Men Jwif yo te voye yon delegasyon pote plent bay Seza kont Feliks akòz move administrasyon li fè epi yo te fè lanprè a mete Feliks atè.*

**25,1 :** *Twa jou apre li te rive nan pwovens lan, Festis sòti Sezare pou li monte Jerizalèm. Apèn twa jou apre nouvo gouvènen Pòsiyis Festis te monte sou pouvwa a, li dwe pran ka Pòl nan men li akòz Jwif yo k ap mande pou li kondane l. Li te kite lavil Sezare, kapital administratif pwovens lan, pou li monte Jerizalèm.*

**25,9 :** *« Èske w vle monte Jerizalèm ale jije devan mwen sou kesyon sa yo ? » ... Festis pa vle chèche jistis pou Pòl, li fè sa pou l fè Jwif yo plezi. Otorite Women an pa chèche jistis, li chèche pwòp pwofit pa l. Pòl reponn ak tout libète*

Jerizalèm yo te antoure li, yo pote anpil gwo plent pou li, men yo pa t kapab bay prèv. <sup>8</sup> Pòl pran defans tèt li. Li di: « Mwen pa fè anyen ki mal ni kont Lalwa Jwif yo, ni kont Tanp lan, ni kont Seza. » <sup>9</sup> Festis, ki te vle fè Jwif yo plezi, reponn Pòl. Li di l: « Èske w vle monte Jerizalèm ale jije devan mwen sou kesyon sa yo ? » <sup>10</sup> Pòl di: « Se nan tribunal Seza mwen ye, se la pou yo jije mwen. Mwen pa fè Jwif yo anyen ki mal. E ou menm, ou konn sa byen pwòp. <sup>11</sup> Si mwen fè sa ki mal ak yon bagay ki merite lanmò, mwen p ap refize mouri. Sèlman si pa gen anyen ki laverite nan tou sa moun sa yo akize mwen an, pèsonn pa gen dwa renmèt mwen nan men yo. Mwen mande parèt devan Seza. » <sup>12</sup> Festis pale ak konseye l yo, epi li reponn: « Ou mande parèt devan Seza, ou pral devan Seza. »

### Pòl parèt devan wa Agripa

<sup>13</sup> Kèk jou apre, wa Agripa ak Berenis rive Sezare, y al salye Festis.

<sup>14</sup> Kòm yo pase plizyè jou la, Festis mete afè Pòl la devan wa a, li di: « Gen yon nèg la a Feliks te kite nan prizon.

<sup>15</sup> Lè mwen te Jerizalèm, chèf prèt yo

li: « Non. Mwen pa fè anyen kont Jwif yo. Yo pa gen dwa jije m ».

**25,10-11 :** *Pòl di: « Se nan tribunal Seza mwen ye, se la pou yo jije mwen. Mwen pa fè Jwif yo anyen ki mal... » Pòl konnen Jwif yo va pwofite pare yon pyèj pou li. Li pa gen lòt solisyon pase mande pou Seza tandé kòz li. Se yon dwa sitwayen Women yo te genyen. Menm si moun ki nan pouvwa yo ta renmen kondane l, Pòl montre jan pouvwa a ki pa respekte moun se yon pouvwa ki enjis.*

**25,13 :** *Kèk jou apre, wa Agripa ak Berenis rive Sezare, y al salye Festis. Agripa 2, Berenis ak Dwousil se te twa pitit Ewòd Agripa 1 (Travay 12,1; 24,24) Wa Agripa 2 te zanmi Women yo. Se yo ki te mete l kòm wa sou Jwif yo. Li te rive genyen tout peyi a anba zòd li, menm jan ak premye Ewòd la, granpapa l. Agripa 2 te rive salye Festis. Li te ak Berenis, sè li. Berenis te fè yon premye maryaj ak tonton li, Ewòd 2, wa peyi Kalsis. Apre lanmò mari li, li te fè afè ak Ewòd Agripa 2, pwòp frè li. Se te yon eskandal pou pép la. Apre sa, Berenis te fè afè ak jeneral Titus nan lavil Wòm. Tout bagay*

ak Ansyen Jwif yo te vin pote plent ban mwen sou li. Yo te mande m pou mwen kondane l. <sup>16</sup>Mwen reponn yo, se pa abitid women yo, pou yo kondane yon moun, anvan li gen sila ki akize li yo devan li, ni anvan yo ba li mwayen defann tèt li kont akizasyon yo. <sup>17</sup>Yo rive ansanm ak mwen isit la san pèdi tan. Nan demen, mwen chita nan tribunal la, epi mwen mande pou yo mennen nèg la. <sup>18</sup>Lè moun ki akize li yo te kanpe, yo pa t pote okenn kòz grav kont li jan mwen menm mwen te sispèk la. <sup>19</sup>Sa yo gen kont li, se sèlman kèk diskisyon yo te gen ak li, sou reliyon pa yo a, ak tou sou yon sèten Jezi ki mouri, men Pòl di ki vivan. <sup>20</sup>Kòm mwen santi mwen jennen nan yon afè konsa, mwen te mande l si li vle al Jerizalèm, pou yo jije li la pito, sou kesyon sa yo. <sup>21</sup>Men Pòl mande pou yo kenbe ka pa li a pou jijman Anprè a. Mwen pase lòd pou kenbe li isit la, jistan mwen voye li bay Seza.» <sup>22</sup>Agripa di Festis: «Mwen menm tou, mwen ta renmen tandem nèg sa a.» Li reponn li: «W a tandem l demen.»

<sup>23</sup>Nan demen Agripa ak Berenis vini ak anpil gran panpan. Yo antre nan sal reyinyon an ansanm ak kòmandan lame yo ak notab lavil la. Festis pase lòd pou yo mennen Pòl. <sup>24</sup>Festis di konsa: «Wa Agripa, ak nou tout ki la a, nou wè sila a tout foul Jwif yo te vin kote m pou li, ni Jerizalèm, ni bò isit la.

---

sa yo montre nou koripsyon moral, politik, ekonomik ak sosyal poussa Women yo te genyen ladan l.

**25,19 :** Sa yo genyen kont li se sèlman kèk diskisyon yo te genyen ak li, sou reliyon pa yo a ak tou sou yon sèten Jezi ki mouri, men Pòl di ki vivan. Gouvène Festis repete akizasyon Jwif yo te fè kont Pòl. Men li ba yo rezon pou yo mete Pòl nan prizon : se akòz yon sèten Jezi ki mouri, men Pòl di ki vivan.

**25,21-25 :** Mwen pase lòd pou kenbe li isit la, jistan mwen voye li bay Seza. Yo bay lanprè a tit Ogis osinon Seza. Nan epòk sila a se te Newon ki te Seza. Li rete Wòm. Koze Festis ak wa Agripa 2 a montre yon fwa ankò Pòl inosan. Lè nou wè jan bagay yo te pase a, nou kapab di: nan tout

Yo t ap rele, li pa merite viv ankò. <sup>25</sup>Pou mwen menm, mwen rekonèt li pa fè anyen ki merite lanmò. Kòm li mande pou Anprè a tandem kòz li, mwen deside voye li ba li. <sup>26</sup>Mwen pa gen anyen klè pou m ekri sou li bay chèf la. Se poutèt sa mwen fè li parèt devan nou, sitou devan w, wa Agripa. Konsa apre n a fin mande l kesyon, m a jwenn yon bagay pou m ekri. <sup>27</sup>Mwen kwè sa pa gen sans, pou mwen voye yon prizonye yon lòt kote, san mwen pa di pou ki kòz.»

#### Pòl plede kòz li devan wa Agripa

**26** <sup>1</sup>Agripa di Pòl: «Yo pèmèt ou pale pou w defann tèt ou.» Pòl lonje men l, epi li pran defans li: «<sup>2</sup>Mwen santi mwen gen chans, wa Agripa, pou se devan w, jodi a, m ap pran defans mwen, sou tou sa Jwif yo akize mwen. <sup>3</sup>Sitou, ou konnen tout abitid ak diskisyon Jwif yo. Se pou sa mwen mande w pran pasyans koute mwen. <sup>4</sup>Tout Jwif konnen jan mwen t ap viv nan mitan pèp mwen an Jerizalèm, depi nan kòmansman, lè mwen te jèn. <sup>5</sup>Yo konnen mwen depi lontan, epi yo kapab sèvi temwen, si yo vle, mwen t ap viv kòm Farizyen dapre branch ki pi sevè nan reliyon nou an. <sup>6</sup>Kounye a si mwen la kanpe, y ap jije mwen, se poutèt espwa mwen gen nan Pwomès Bondye te fè zansèt nou yo. <sup>7</sup>Pwomès sa a, douz branch fanmi nou

---

evènman sa yo se Bondye ki vle pou Pòl rive kapital lanpi a pou li pote Bon Nouvèl la nan vil Wòm.

**26,1 :** Mwen santi mwen gen chans, wa Agripa, pou se devan w, jodi a, m ap pran defans mwen... Wa Agripa te Jwif, men li nan sèvis Women yo. Li konnen reliyon Jwif la men li kite sa nèt. Depi li antre nan fè afè ak pwòp sè pa l, li pa kapab swiv Lalwa Moyiz ankò. Men Pòl pale ak li kòm Jwif, pa kòm Women.

Liv Travay Apot yo rakonte twa fwa jan Pòl te kontre ak Jezi ki te leve byen vivan an nan che-men Damas la (9,1-9 ; 22,1-21 ak 26,12-23 ) Men nan okazyon sa a, li rakonte l tankou vokasyon yon pwofèt (Izayi 42,7 ; 61,1).

**26,7-8 :** Gen kèk dokiman ki pa bay vèsè sa a.

yo, ap tann li tounen reyalite, nan sèvis y ap fè pou Bondye ak tout fòs yo, lajounen kou lannwit. Se poutèt espwa sa a, o wa mwen, Jwif yo akize mwen.

Wm 4,17;  
Eb 11,19  
11,22

<sup>8</sup>Poukisa nou kwè li pa posib pou Bondye fè mò leve byen vivan?»

«<sup>9</sup>Kanta mwen menm, se te konviction mwen, fòk mwen te fè anpil bagay pou mwen kraze non Jezi, moun Nazarèt la. <sup>10</sup>Mwen te fè sa Jerizalèm. Mwen te fèmen anpil moun ki sen nan prizon ak pouvwa mwen te jwenn nan men prêt anchèf yo. Lè yo ta pral touye yo, mwen te bay akò mwen pou sa. <sup>11</sup>Anpil fwa mwen te konn ale nan tout sinagòg yo, mwen fè yo pase tray pou mwen fòse yo derespekte Bondye. Sitèlman kòlè mwen tèlman te monte kont yo, mwen te pèsekite yo ata nan vil etranje yo.»

«<sup>12</sup>Se nan kondisyon sa a konsa, mwen ta pral Damas ak pouvwa epi ak lòd prêt anchèf yo. <sup>13</sup>Pandan mwen sou wout la, vè midi konsa, o wa mwen, mwen wè yon limyè ki sòti nan syèl la, ki pi klere pase limyè solèy la. Li vlope mwen ansanm ak sila yo ki ta pral ak mwen yo. <sup>14</sup>Nou tout nou tonbe atè. Mwen tande yon vwa ki di mwen nan lang ebre : Sòl, Sòl, poukisa w ap pèsekite m? Ala di sa di pou ou, pou w ap voye pye kont pik k ap pike w la.

**25,6-18 :** Se poutèt espwa sa a, o wa mwen, Jwif yo akize mwen. Se akòz pwomès Bondye te fè zansèt li yo Pòl te vin kretyen, paske se nan Jezi Kri ki te leve byen vivan an Bondye te reyalize tout pwomès yo. Jwif ki akize l yo, te aksepte pwomès Bondye te fè yo, men yo pa vle aksepte jan Bondye te reyalize yo nan Jezi Kri.

**26,14 :** «Ala di sa di pou ou, pou w ap voye pye kont pik k ap pike w la.» : Se yon pwovèb yo te sèvi avè l lontan pou yo montre yon rezistans ki pa itil pou anyen. Lè yon peyzan vle pou bëf li a mache dwat, san li pa tounen ni adwat ni agòch, li sèvi ak yon pik. Konsa, lè bëf la voye pye l kont pik la, lì blese pye l plis ankò. Pwovèb sa a vle di : si w fè rezistans kont Bondye ou pa kapab reyisi, epi se ou menm k ap fè tèt ou plis mal ankò.

**26,16 :** Leve, kanpe sou de pye w. Men poukisa mwen parèt devan w : Pou mwen kapab mete w sèvitè ak temwen sa ou sòt wè a, ak sa mwen pral

<sup>15</sup>Mwen reponn : Kilès ou ye Granmèt? Granmèt la di : Mwen se Jezi w ap pèsekite a. <sup>16</sup>Leve, kanpe sou de pye w. Men poukisa mwen parèt devan w : Pou mwen kapab mete w sèvitè ak temwen sa ou sòt wè a, ak sa mwen pral fè w wè ankò. <sup>17</sup>Mwen pral delivre w anba men pèp la ak nasyon etranje yo kote mwen pral voye w yo, <sup>18</sup>pou louvri je yo, pou yo kase tèt tounen sòti nan fènwa ale nan limyè, sòti anba pouvwa Satan al jwenn Bondye. Pou yo resevwa padon pou peche yo, ak pòsyon pa yo nan eritaj sila yo ki vin sen yo, grasa lafwa yo va gen nan mwen.»

«<sup>19</sup>Konsa, o wa Agripa, mwen pa fè rebèl devan vizyon ki sòti nan syèl la.

<sup>20</sup>Mwen kòmanse ak moun ki abite Damas yo, pase Jerizalèm ak nan tout reyyon Jide, rive bò kote nasyon etranje yo, mwen t ap preche pou yo chanje kè yo, pou yo kase tèt vin jwenn Bondye, nan fè zèv ki kadre ak chanjman kè yo. <sup>21</sup>Men rezon ki fè, antan mwen te nan Tanp lan, Jwif yo mete men sou mwen, yo t ap chèche touye mwen. <sup>22</sup>Grasa sekou Bondye, mwen la a jis lajounen jodi a, ap sèvi temwen ni pou piti, ni pou gran, san mwen pa di anyen ki plis pase sa ni pwofèt yo, ni Moyiz te di ki gen pou rive. <sup>23</sup>Si Kris la kapab soufri, si li leve an premye sòti

13,47;  
Lk2,32;  
24,46;  
1Kor  
15,20;  
Kol1,18

fè w wè ankò. Nou jwenn menm pawòl sa yo lè Bondye te rele Ezekyèl (Ezk 2,1) Lik vle montre Jezi fè Pòl tounen yon pwofèt menm jan ak lòt gwo Pwofèt ki nan Ansyen Kontra yo. «Sevitè ak temwen mwen» : se konsa yo te konn rele Douz Apot yo (Lik 1,2 ; 24,48). Lik vle montre Pòl gen men diyite ak tout lòt Apot yo, sitou ak Douz Apot yo, paske gen anpil moun ki di Pòl se pa yon Apot toutbon vre.

**26,17 :** «Mwen pral delivre w» : Menm jan Bondye te pale ak Pwofèt yo (Jeremi 18,19 ; 15,20).

**26,18 :** ...Pou louvri je yo, pou yo kase tèt tounen sòti nan fènwa al nan limyè, sòti anba pouvwa Satan ale jwenn Bondye. Tou sa Legliz fè, menm jan ak Jezi, ki delivre moun anba nenpòt kalite mal la, se yon viktwa lavi li ye, se yon viktwa Peyi Bondye. Wa a sou sistèm Satan an. Chanjman total kapital sa a mennen Pòl chèche louvri je ni Jwif yo, ni etranje yo, pou yo kapab kite fènwa yo pou yo antre nan limyè Bondye a.

byen vivan pamì mò yo, li gen pou li anonse limyè a ni bay pèp la, ni bay nasyon etranje yo.»

### Reyakson moun ki t ap koute yo

<sup>24</sup> Antan li t ap di sa pou defann tèt li, Festis di l byen fò: «Ou fou wi, Pòl, pakèt konesans ou genyen an ap vire tèt ou, ap fè w vin fou.» <sup>25</sup> Pòl reponn: «Mwen pa fou, son ekselans Festis, pawòl mwen di yo, se pawòl laverite ak pawòl bon sans. <sup>26</sup> Wa m ap pale ak li a, ak tout konviksyon an, li konnen bagay sa yo. Mwen sèten, nanopwen anyen li pa konnen nan tout bagay sa a, paske se pa nan yon ti kwen sa te rive. <sup>27</sup> O wa Agripa, èske w kwè nan pwofèt yo? Mwen konnen w kwè.» <sup>28</sup> Agripa di Pòl: «Yon ti kras ankò, w ap kwè ou fè mwen tounen kretyen.» <sup>29</sup> Pòl reponn: «Mwen ta mande Bondye kit yon ti kras, kit anpil, pou se pa ou menm sèl, men tout moun k ap koute mwen jodi a, vini tankou mwen ye la a, anwetan chenn sa yo.»

<sup>30</sup> Konsa tou, wa a leve ak ni gouvènè a, ni Berenis, ni tou sa ki te chita ansanm ak li yo. <sup>31</sup> Y ale yon kote apa pou yo pale youn ak lòt. Yo t ap di:

<sup>31</sup> «Mesye sa a pa fè anyen ki merite ni lanmò ni chenn.» <sup>32</sup> Agripa di Festis konsa: «Yo ta kapab lage nèg sa a, si li pa t mande pou Seza tande kòz li.»

**26,24:** Festis di l byen fò: «Ou fou wi, Pòl, pakèt konesans ou genyen an ap vire tèt ou, ap fè w vin fou.»: Pou gouvènè Women an, travay Pòl la se pa yon krim, se yon foli li ye.

**26,27:** O wa Agripa, èske w kwè nan pwofèt yo? Mwen konnen w kwè. Pòl te pale ak Agripa kòm Jwif. Apre sa, Pòl pale pou tout moun ki preznan yo ak tout chalè misyonè li santi nan kè l. Li ta renmen pou tout moun vin kretyen, lib e san okenn chenn. Pòl pwofite moman sa a kote yo t ap jije l pou li sèvi Jezi temwen, epi li envite moun pou yo vin jwenn Bondye nan Jezi Kri (Lik 21,12-15). Menm jan ak Pòl, yon kretyen se led-ven nan pat la ak sèl tè a. Li dwe chanje nenpòt sitiyasyon fè l tounen yon okazyon pou li anonse Jezi Kri.

**Tout chapit 27 la se yon ochan pou gwo misyonè Pòl moun Tas.** Nan chapit sa a Lik prezante yon pòtre Pòl ki san parèy. Pòl pa parèt

### Pòl pati pou l ale Wòm

**27** <sup>19,29; 20,4</sup> Lè yo te deside pou yo fè nou pati nan batiman pou Itali, yo renmèt Pòl ak kèk lòt prizonye nan men yon santiryon yo rele Jiliyis, ki fè pati batayon ki pote non lanprè Ogis la. <sup>2</sup> Nou monte nan yon batiman Adramityòm ki te gen pou ale sou lakòt Lazi. Nou pran lanmè. Te gen ak nou Aristak, yon moun peyi Masedwàn, moun lavil Tesalonik. <sup>3</sup> Nan demen, nou rive Sidon. Jiliyis te boule byen ak Pòl. Li kite l al wè zanmi l yo pou li resevwa sèvis yo. <sup>4</sup> Lè nou sòti bò la, <sup>24,23; 28,16</sup> nou pran lanmè, pase anba Chip, paske van yo t ap frape nou. <sup>5</sup> Epi nou travèse lanmè Silisi ak Panfili, nou rive lavil Mi ki nan Lizi. <sup>6</sup> Kòm santiryon an te jwenn bò la yon batiman Aleksandri ki ta pral Itali, li fè nou anbake sou li. <sup>7</sup> Pou plizyè jou, nou vwayaje dousman. Se ak anpil traka nou rive lavil Nid. Kòm van an pa t kite nou abòde, nou vwayaje sou lanmè anba Krèt nan direksyon Salmone. <sup>8</sup> Se ak anpil traka nou rive yon kote yo rele Bèl Pò yo, toupre lavil Lasaya.

### Gwo Tanpèt ak aksidan sou lanmè

<sup>9</sup> Anpil tan te pase. Vwayaj la te déjà gen danje paske ‘jou pou moun fè jèn nan’ te fin pase déjà. Pòl ba yo yon konsèy, li di yo: «<sup>10</sup> Mesye, mwen wè

tankou yon prizonye. Okontrè, sanble se li ki diriye moun nan vwayaj sa a. Se li ki bay moun yo konsèy; se sèl li ki konnen davans sa ki gen pou rive; li pa janm dekoraje epi se li ki ankouraje lòt yo.

**27,1:** Lè yo te deside pou yo fè nou pati nan batiman pou Itali, yo renmèt Pòl ak kèk lòt prizonye nan men yon santiryon yo rele Jiliyis, ki fè pati batayon ki pote non lanprè Ogis la. Gen yon pakèt prizonye ki te ale Wòm ak Pòl.

**27,2:** Nou monte nan yon batiman Adramityòm ki te gen pou ale sou lakòt Lazi. Adramityòm se te yon vil nan Lazi Minè.

**27,5:** Gen kèk dokiman ki bay: «Depi kenz jou»...

**27,9-15:** ...Vwayaj la te déjà genyen danje paske ‘jou pou moun fè jèn nan’ te fin pase déjà. Jwif yo te konn fè jèn anvan fèt pou peche yo padonnen nan denyè jou mwa sektanm yo

vwayaj la p ap fèt san danje, men ak gwo pèt, non sèlman pou machandiz yo ak pou batiman an, men pou lavi nou tou. » <sup>11</sup>Men santiryon an te plis kwè nan kapitèn nan ak nan mèt batiman an pase nan pawòl Pòl yo. <sup>12</sup>Kòm pò a pa t bon pou moun pase sezon fredi a, pi fò te deside sòti la ak espwa yo ta kapab rive Fenis pou yo pase sezon fredi a. Se yon pò nan zile Krèt kote van an vante sòti nan sidwès ak nan nòdwès.

<sup>13</sup>Lè yo wè yon ti van sid leve, yo te kwè yo te kapab reyalize sa yo te deside a. Konsa yo leve lank, yo t ap pwoche bò zile Krèt. <sup>14</sup>Men yon ti moman apre te gen yon van siklòn yo rele Erakilon ki sòti nan zile a. <sup>15</sup>Li trennen batiman an ki pa t kapab fè fòs ak li. Nou menm nou lage tout bagay. Nou kite l charge nou. <sup>16</sup>Nou pase tout boulin pa anba yon ti zile yo rele Koda. Se ak anpil traka nou te resi gen kontwòl kannòt la. <sup>17</sup>Nou te rale l monte, epi nou sèvi ak gwo kòd yo pou nou mare batiman an byen mare. Nou te pè pou nou pa t al chwe bò zòn Sit, yo lage lank ki flote a. Konsa van an t ap kontinye charge yo. <sup>18</sup>Kòm se yon van ki fò anpil ki t ap frape nou, nan demen yo jete kèk chay nan lanmè. <sup>19</sup>Sou twazyèm jou se ak pwòp men yo, yo t ap voye ekipman batiman an jete. <sup>20</sup>Ni solèy, ni zetwal pa t parèt pandan plizyè jou, gwo van tanpèt ki t ap vante sou nou an pa t piti. Konsa tout lespwa pou nou sove lavi nou te pèdi.

<sup>21</sup>Sa fè lontan pa t gen manje. Pòl kanpe nan mitan yo, li di yo: « Mesye, si nou te koute m, nou pa t ap kite zile

Krèt, epi nou ta egzante malè sa a ak pèt sa a. <sup>22</sup>Bon, kounye a, mwen avèti nou, pran kouraj, lavi pèsonn pamì nou p ap pèdi. Se batiman an sèl k ap pèdi. <sup>23</sup>Paske yon zanj Bondye, ki mèt mwen an epi m ap sèvi a, parèt devan mwen lannwit sa a. <sup>24</sup>Li di m: Ou pa bezwen pè, Pòl, fòk ou parèt devan Seza. Gade, Bondye fè w kado lavi tout moun k ap vwayaje ak ou yo. » <sup>25</sup>Poutèt sa pran kouraj mezanmi. Paske mwen kwè nan Bondye. Jan li di mwen an, se konsa sa pral ye. <sup>26</sup>N ap gen pou nou chwe sou yon zile. »

<sup>9,15;</sup>  
<sup>18,9;</sup>  
<sup>Mt</sup>  
<sup>10,18</sup>

<sup>27</sup>Sa te fè katòz nwit nou ta pral konsa bò isit, bò laba sou lanmè Adriyatik la. Nan mitan lannwit lan, maren yo te sispèk yo t ap pwoche bò kote kèk tè. <sup>28</sup>Yo seye dlo a, yo jwenn ven bras. Yo kite yon ti tan pase, yo jete sonn lan ankò, yo jwenn kenz bras. <sup>29</sup>Yo vin pè pou nou pa ta al chwe sou resif. Yo jete kat lank dèyè batiman an. Yo t ap lapriyè pou li fè jou. <sup>30</sup>Men maren yo t ap chèche sove kite batiman an. Yo lage kannòt la nan dlo swadizan yo ta pral ranje lank yo ki devan batiman an. <sup>31</sup>Men Pòl di santiryon an ak sòlda yo: « Si nèg sa yo pa rete nan batiman an nou p ap kapab sove lavi nou. » <sup>32</sup>Se konsa sòlda yo koupe kòd kannòt la, yo kite li tonbe. <sup>33</sup>Antan yo t ap tann li fè jou, Pòl ankouraje yo tout pou yo manje. Li di: « Jodi a fè katòz jou n ap tann, nou rete san manje, san nou pa pran anyen. <sup>34</sup>Mwen mande nou, degras, pran yon ti manje, paske li va ede nou sove lavi nou. Pèsonn pamì nou p ap pèdi yon cheve nan tèt li. » <sup>36</sup>Lè li fin di sa, li pran pen, li di

<sup>Mt</sup>  
<sup>10,30</sup>

(Resansman 29,7). Se enfòmasyon sa ki pèmèt nou konnen bagay la te rive nan epòk otòn. Nan lepòk sila a fè vwal sou lanmè a se te yon bagay ki te mete lavi moun an danje, nenpòt sezon moun te anbake. Men li te gen plis danje toujou nan otòn, akòz van sa yo rele Erakilon, yon van fò anpil, epi vwayaj vin preske enposib nan livè.

**27,24:** 'Ou pa bezwen pè, Pòl, fòk ou parèt

devan Seza. Gade, Bondye fè w kado lavi tout moun ki ap vwayaje ak ou yo. Pòl pale sou rèv li te genyen epi li di se Bondye li sèvi a ki voye yon zanj pote mesaj la ba li antan li t ap dòmi. Se Bondye sa a k ap sove lavi Pòl ak tout kamarad li yo (Konpare vèsè sa a ak sa k te rive ak Abraram. Jenèz 18,23-33).

**27,36-37:** Lè li fin di sa, li pran pen, li di Bondye mèsi devan yo tout, li kase l, li kòmanse

Bondye mèsi devan yo tout, li kase l, li kòmanse manje. Yo tout pran kouraj epi yo tout manje.<sup>37</sup> Nou tout ansanm nan batiman an nou te desanswasann-sèz.<sup>38</sup> Lè yo fini manje vant plen, pou yo te kapab fè batiman an vin lejè, yo jete ble a nan lanmè.

<sup>39</sup> Lè li vin fè jou, yo pa t kapab rekonèt tè a, men yo te wè yon lans ki gen yon plaj. Yo te deside si yo kapab, fè batiman an chwe la.<sup>40</sup> Yo detache lank yo, yo jete yo nan lanmè. Tou-swit yo lage kòd gouvènay yo, yo monte fòk la. Ak yon ti van ki t ap vante yo pran direksyon plaj la.<sup>41</sup> Yo rive yon kote nan mitan de kouran. Yo kite batiman an chwe. Devan an te antre, li rete byen fèm. Dèyè a menm fòs lanmè a t ap kraze l.<sup>42</sup> Sòlda yo fè lide touye prizonye yo pou youn nan yo pa t sove alanaj.<sup>43</sup> Men santiryon an, ki te vle sove Pòl, anpeche yo fè sa yo te gen lide fè a. Li pase lòd pou sa ki te konnen naje yo, lage kò yo nan dlo an premye pou y al sou tè a,  
<sup>2Kor 11,26</sup> epi lòt yo menm pou yo monte swa sou planch, swa sou kèk mòso nan batiman an. Konsa tout moun te rive atè anbyen.

*manje. Yo tout pran kouraj epi yo tout manje... vant plen... Pawòl Pòl te di yo, jès li te fè yo ak manje a fè nou sonje Lekaristi ki bay moun yo lavi nèt (Lik 22,19).*

**27,41 :** *Devan an te antre, li rete byen fèm. Dèyè a menm fòs lanmè a t ap kraze l. Se pa premye fwa Pòl te vwayaje nan yon bato ki koule (1 Korent 11,25, yon lèt li te ekri apepre 4 tran anvan evènman sa yo). Nan Ansyen Kontra a batiman ki koule se te yon eksperyans terib ki fè moun yo santi yo mouri nèt (Sòm 42,8 ; 66,12 ; 69,2-3 ; Izayi 43,2). Nan Nouvo Kontra a Jezi fè konparezon ant lanmò ak leve byen vivan li ak sa k te rive ak Jonas (Matye 12,40 ; Jan 2,1). Epitou, Lik vle di nou, ak yon pakèt senbòl, Pòl te mouri, epi li leve byen vivan nan Wòm, kote Pawòl Granmèt Jezi a kapab vole lib pou li bay moun lavi nètale.*

**Chapit 28 :** Lik te ekri dènye chapit sa a pou li montre fòs lavi ki sòti nan Jezi ki te leve byen vivan an epi ki ka bay tout moun lavi nètale. Se Pawòl Bondye a menm, Lik te nonmen li nan tout liv la, k ap fèmén liv Travay Apot yo. Se Pawòl Bondye ki gaye toupatou. Li lib kòm van

## Yo rive nan zile Malt

**28** <sup>1</sup>Lè nou te fin chape, nou aprann yo te rele zile a Malt. Moun peyi a te trete nou ak yon kalite bon jan.<sup>2</sup> Yo te limen yon dife pou yo resevwa nou tout, poutèt lapli te tonbe, e poutèt fredi.<sup>3</sup> Pòl te sanble yon pakèt bwa chèch li t ap jete nan dife a. Yon koulèv sòti nan chalè dife a, li vlope men l.<sup>4</sup> Lè moun peyi a wè bét la pandye nan men li, youn di lòt : « Nèg sa se yon asasen sèten. Li chape sòti nan lanmè, men jistis Bondye pa kite li viv. »<sup>5</sup> Men li souke bét la, fè l tonbe nan dife san okenn malè pa rive li.<sup>6</sup> Yo t ap tann li anfle oswa tonbe mouri frèt. Apre yo fin tann lontan san yo pa wè anyen dwòl rive l, yo chanje lide, yo di se yon bondye li ye.

<sup>7</sup> Nan zòn bò la a, te gen yon pwopriete ki te pou chèf zile a, yo rele Popliyis. Li resevwa nou, li ban nou ladesant pandan twa jou ak anpil bon jan.<sup>8</sup> Twouve, papa Popliyis te kouche. Li te anba yon lafyèv ak dyare. Pòl antre kote li, li lapriyè, li poze men sou li, li geri l.<sup>9</sup> Lè sa fin fèt, tout lòt moun nan zile a ki te malad, yo te vini, yo te geri.<sup>10</sup> Yo te trete nou ak anpil

<sup>12,19;  
16,27</sup>  
<sup>Lk  
Mk  
16,18</sup>

<sup>12,22</sup>  
<sup>Lk 4,40;  
Jak 5,14</sup>

an. Li pa janm nan chenn (2Tm 2,9). Se li ki fè moun jwenn piyay lavi nan Jezi Kri.

**28,3 :** *Pòl te sanble yon pakèt bwa chèch li t ap jete nan dife a. Yon koulèv sòti nan chalè dife a, li vlope men l. Koulèv la te fè moun yo sonje sa k te pase nan dezè a (Nonm 21,4-9) ; li fè sonje pwomèt pwofet Izayi te fè pou epòk Mesi a (Izayi 11,8) ; li fè nou sonje pwomèt Jezi a tou (Lik 10,18 ; Mak 16,18).*

**28,7-8 :** *Twouve, papa Popliyis te kouche. Li te anba yon lafyèv ak dyare. Pòl antre kote li, li lapriyè, li poze men sou li, li geri l. Gerizon papa Popliyis la te sanble ak premye gerizon Jezi te fè pou bèlmè Pyè a (Lik 4,38-39). Menm jan ak Jezi tout moun malad te vini bò kote Pòl epi li geri yo (Lik 4,40). Premye jès Pòl fè, lè l te rive sou yon tè kote li pa t ko pote Levanjil la, se geri malad yo nan non Kris la. Se menm bagay sa a anpil bon misyonè fè lè yo rive kote moun ki nan bezwen, epi ki pokò konnen Jezi Kri. Yo kòmanse ak sa yo bezwen pou yo viv byen kòm moun : sa yo bezwen ni nan sante, ni nan edikasyon, ni nan bon jan òganizasyon. Temwayaj sèvis sa a gen gwo fòs pou lavi moun.*

konsiderasyon, epi lè nou ta pral anbake, yo depoze abò tou sa nou te bezwen.

#### Apre zile Malt, se lavil Wòm

<sup>11</sup> Apre twa mwa nou vwayaje sou yon batiman Aleksandri ki te pase livè sou zile a. Li te gen pòtre Diyòskou. <sup>12</sup> Nou rive Sirakiz kote nou pase twa jou. <sup>13</sup> Nou sòti la, nou fè tou a pou nou rive Rejyo. Apre yon jou te gen yon van sid ki t ap vante. Sou dezyèm jou a nou te rive Poutzòl. <sup>14</sup> Nou jwenn kèk frè la ki envite nou rete lakay yo sèt jou. Se konsa nou rive Wòm. <sup>15</sup> Lè frè ki abite la yo, te pran nouvèl nou, yo vin rankontre nou jis bò plas Apiyis ak Twa Restoran yo. Lè Pòl wè yo, li di Bondye mèsi, li pran kouraj.

<sup>24,23</sup> <sup>16</sup> Lè nou rive Wòm, yo te pèmèt Pòl rete pou kont li ansanm ak yon sòlda pou siveye l.

#### Pòl ap preche nan lavil Wòm

<sup>17</sup> Twouve, apre twa jou, Pòl reyini notab Jwif yo. Lè yo rive, li di yo: «Mesye frè m yo, san mwen pa fè anyen kont pèp la, ni kont abitid zansèt nou yo, depi Jerizalèm, yo mete m nan prizon, yo renmèt mwen nan men women yo. <sup>18</sup> Apre sila yo fin egzamine kòz mwen, yo te vle lage m, paske yo pa t jwenn anyen ki merite lanmò nan

mwen. <sup>19</sup> Men kòm Jwif yo pa t dakò, mwen te fòse mande Seza tande kòz mwen, san se pa akize m akize pèp mwen an pou sa. <sup>20</sup> Se rezon ki fè mwen te mande pou mwen wè nou, pou mwen pale ak nou. Se pou espwa Izrayèl la m ap pote chenn sa yo. » <sup>21</sup> Yo reponn li: «Nou pa resevwa okenn lèt sou ou sòti nan Jide, ni pa gen okenn frè ki rive ak move nouvèl, oswa yon move pawòl sou ou. <sup>22</sup> Nou ta renmen tande, bò kote pa w, sa w di sou gwoup sa a nou konnen yo pa vle wè toupatou a. »

26,6

#### Deklarasyon Pòl fè Jwif Wòm yo

<sup>23</sup> Yo fikse yon jou. Yo vin jwenn li kote li te desann lan, yo te piplis toujou. Depi granmaten jis aswè, nan esplikasyon li ba yo, li bay temwayaj sou Peyi kote Bondye Wa a, li eseye pran tèt yo sou Jezi apati Lalwa Moyiz la ak pwofèt yo. <sup>24</sup> Genyen ki kite l pran tèt yo ak pawòl li t ap di yo, genyen tou ki pa t kwè. <sup>25</sup> Yo pa t rive tonbe dakò youn ak lòt, yo separe. Pòl di yo yon sèl pawòl: «Se vre sa Lespri Sen a te di zansèt nou yo nan bouch pwofèt Izayi a:

Lk  
24,27;  
24,44

<sup>26</sup> Ale kote pèp sa a, di li:

N ap koute byen koute, men nou p ap konprann,  
n ap gade byen gade, men nou p ap wè.

Iz 6,  
9-10;  
Mt  
13,14;  
Jn  
12,40

**28,11 :** Apre twa mwa nou vwayaje sou yon batiman Aleksandri ki te pase livè sou zile a. Li te gen pòtre Diyòskou. Se de pitit marasa Zeyis, pi gwo bondye pou grèk yo. Yo rele yo Kastò ak Polis. Pou maren grèk yo de zidòl sa yo pwoteje moun ki vwayaje nan lanmè. Pawòl nan bouch di yo te tounen de zetwal. Se yo de nou jwenn nan marasa ki nan owo skòp la jounen jodi a.

**28,14 :** Se konsa nou rive Wòm. Lik vle montre pou li ka fini liv sa a pwomès Lapannkot la te reyalize nèt. Lik vle montre Pòl pa rive Wòm kòm yon prizonye. Kominote kretyen an te louvri de bra l pou li resevwa Pòl. Finalman, li rive nan dènye bout tè a: Wòm, kapital lanpi women an.

**28,16 :** Lè nou rive Wòm, yo te pèmèt Pòl rete pou kont li ansanm ak yon sòlda pou siveye l. Nan vil Wòm, Pòl te rete nan chenn ak yon

«rejim espesyal». Li te lwe yon kay, men fòk li te genyen bra dwat li mare ak yon chenn, e sou bò bra gòch li yon sòlda women ki t ap veye l.

**28, 17 :** Twouve, apre twa jou, Pòl reyini notab Jwif yo. Pòl te vle reyini pi vit posib ak otorite kominote Jwif yo, paske li konnen Jwif yo pa t resevwa mesaj li a. Kòm Pòl te konnen kouman nouvèl te konn gaye sòti nan yon kominote al nan lòt yo, li te vle pran devan. Men pa t genyen okenn akizasyon Jwif yo te fè kont Pòl ki te rive Wòm.

**28,22 :** «Nou ta renmen tande, bò kote pa w, sa w di sou gwoup sa a nou konnen yo pa vle wè toupatou a. » Gade move lide Jwif yo te genyen sou kretyen yo. Pòl bay temwayaj sou Peyi kote Bondye Wa a: Pòl vle montre kretyen yo se pa yon bann ki apa, se yon chemen tounèf ki mennen nan Peyi kote Bondye Wa a.

<sup>27</sup> Paske kè pèp sa a vin pwès.  
 Yo tande di nan zòrèy yo,  
 yo bouche je yo,  
 pou yo pa wè ak je yo,  
 tande ak zòrèy yo,  
 konprann ak kè yo,  
 pou yo pa kase têt tounen vin jwenn  
 mwen,  
 pou mwen pa geri yo.'

<sup>28</sup> Se pou nou konn sa, delivrans sa a,  
 ki sòti nan Bondye a, se bay pèp etranje  
 yo, yo voye l. Yo menm y a koute l.»  
<sup>13,45;</sup>  
<sup>18,6;</sup>  
<sup>lz</sup>  
<sup>40,5</sup>

<sup>29</sup> Pòl pase de lane antye nan kay li  
 te lwe a. Li te resevwa tout moun ki te  
 antre kote l. <sup>31</sup> Li t ap anonse Peyi kote  
 Bondye Wa a. Li t ap montre anpil  
 bagay sou Granmèt Jezi Kri, ak tout  
 konviksyon l, san okenn antrav.  
<sup>2Tm</sup>  
<sup>2,9;</sup>  
<sup>Mt</sup>  
<sup>28,20</sup>

---

**28,28 :** «Se pou nou konn sa, delivrans sa a, ki sòti nan Bondye a, se bay pèp etranje yo, yo voye l. Yo menm y a koute l»... Pòl tounen sou menm sa li te di déjà nan premye prèch li te fè nan Antyòch Pizidi a (Travay 13,46-47): Li vle bay Jwif yo Levanjil la, an premye, men si yo refize l, sa pa ta pral anpeche yo anonse Pawòl Bondye a bay tout lòt pèp yo. Epi Pòl pale sou Peyi Kote Bondye Wa a menm jan ak Jezi.

**28,29 :** Gen dokiman ki bay : «Lè l te fin di sa, Jwif yo t ale, epi yo te diskite antre yo ak gwo chalé». Pi fò dokiman pa gen vèsè 29 sa a.

**28,30 :** Pòl pase de lane antye nan kay li te lwe a. De lane se tan Lalwa Women yo te prevwa pou yon moun ki nan prizon k ap tann jjiman. Kisa k te pase ak Pòl? Eske yo te kite l nan libète epi li te ale Lespay, jan li ta renmen fè (Wom 15,24-28)? Nou pa konnen. Lik pa di anyen sou sa. Gen lòt istoryen ki fè nou konnen, bò lane 67, lanprè Newon te fè touye Pòl. Li te fè koupe têt li.

**28,31 :** Li t ap anonse Peyi kote Bondye Wa a. Li t ap montre anpil bagay sou Granmèt Jezi Kri, ak tout konviksyon l, san okenn antrav. Men si Apot yo nan prizon, pyès moun pa kapab mete Pawòl Bondye a nan chenn. Sa se dènye mesaj liv la: Levanjil la pral ranpòte viktwa. Pèsonn pa ta kapab detwi l (Ap 6,2). Kounye a Pòl kapab di ak tout fòs li: «Mwen menm, mwen nan chenn, men Pawòl Bondye a li pa janm nan chenn» (2Tm 2,9).

Dènye paj liv la rezime tout pwogram Lik te mete nan têt li, lè l te deside ekri liv sa a. Epi li montre kouman sa Jezi ki leve byen vivan an, te di yo a rive vre «Men nou pral resevwa fòs Lespri Sen an ki pral vini sou nou, n a sèvi m temwen nan Jerizalèm, nan tout Jide, nan Samari, epi jis nan dènye bout tè a.» (Travay 1,8). Liv la fini san li pa di ni si yo jije Pòl, ni si yo touye Pòl.

Nan vil Wòm, Legliz la pral kòmanse yon che-men tounèf. Wòm ap tounen yon sant misyonè k ap fè Bon Nouvel Jezi Kri a gaye toupatou.

BLANK PAGE 240